



Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Republik Indonesia



SIRUNG CARITA

Kumpulan Karya Hasil Kemah Sastra





SIRUNG CARITA

Kumpulan Karya Hasil Kemah Sastra

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat

SIRUNG CARITA

Kumpulan Karya Hasil Kemah Sastra: Bengkel Penulisan Cerita Pendek Berbahasa Sunda Tahun 2024.

Penulis : Peserta Kemah Sastra 2024

Kurator : - Dadan Sutisna

- Darpan

- Cecep Burdansyah

Penyunting: Asep Rahmat Hidayat

Cucu Suminar

Kumpulan cerita pendek (cerpen) ini diterbitkan pada tahun 2024 sebagai produk kegiatan Kemah Sastra: Bengkel Penulisan Cerita Pendek Berbahasa Daerah Tahun 2024 yang merupakan rangkaian program Merdeka Belajar Edisi Ke-17: Revitalisasi Bahasa dan Sastra Daerah yang diselenggarakan oleh Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah.

Penanggung Jawab : Herawati

Ketua pelaksana : Budijana

Anggota : 1. Cucu Suminar

2. Lailatul Munawaroh

3. Deni Setiawan

4. Ariyanti

Pengatak : Dwi Cahyono

Hak Cipta Dilindungi Undang-undang

Isi buku ini, baik sebagian maupun seluruhnya, dilarang diperbanyak dalam bentuk apa pun tanpa izin tertulis dari penerbit, kecuali dalam hal pengutipan untuk keperluan penulisan artikel atau karangan ilmiah.

KATA PENGANTAR

Puji dan syukur kami panjatkan ke hadirat Allah Swt. atas berkat, rahmat, dan pertolongan-Nya, buku *Sirung Carita: Kumpulan Karya Hasil Kemah Sastra* dapat diselesaikan. *Sirung Carita: Kumpulan Karya Hasil Kémah Sastra* ini merupakan kumpulan *carita pondok* (*carpon*) atau cerpen berbahasa Sunda peserta kegiatan Kemah Sastra: Bengkel Penulisan Cerita Pendek Tahun 2024 yang diselenggarakan oleh Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi.

Kegiatan Kemah Sastra ini merupakan rangkaian dari pelaksanaan program Revitalisasi Bahasa dan Sastra Daerah (RBD) di Provinsi Jawa Barat Tahun 2024 sebagai wujud implementasi program Kemendikbudristek tentang Merdeka Belajar Episode 17: Revitalisasi Bahasa dan Sastra Daerah. Peserta kegiatan yang menjadi penulis cerpen ini merupakan para pemenang lomba *Ngarang Carpon* pada Festival Tunas Bahasa Ibu (FTBI) Tingkat Provinsi Jawa Barat Tahun 2023. Mereka diberi pelatihan menulis cerita pendek berbahasa Sunda yang baik oleh narasumber yang menjadi fasilitator, juri atau tim penilai, dan pengamat dalam kegiatan RBD dan FTBI yang telah dilaksanakan. Karya-karya peserta kegiatan tersebut kemudian dikurasi oleh para narasumber agar dapat menjadi karya yang enak dibaca dan layak untuk dibuat antologi cerpen berbahasa daerah.

Penerbitan buku kumpulan cerpen berbahasa Sunda melalui kegiatan Kemah Sastra yang diselenggarakan Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat ini diharapkan dapat melahirkan cerpenis-cerpenis muda berbahasa daerah dari kalangan anak-anak atau tunas muda bahasa daerah. Apabila ini terus berkembang, vitalitas bahasa daerah akan makin terjaga dan semakin kuat. Semoga kumpulan cerpen ini dapat menjadi bukti bahwa kegiatan revitalisasi bahasa daerah yang dilaksanakan secara masif dan berskala besar serta terprogram tidak lagi menjadi kegiatan kambuhan dan tidak berkelanjutan. Munculnya cerpenis-cerpenis muda yang mewarnai kancah sastra daerah, membuktikan bahwa program revitalisasai bahasa daerah tidak sia-sia dan manfaatnya dinikmati oleh pemilik bahasa daerah itu sendiri.

Bandung, Desember 2024

Dr. Herawati, S.S., M.A.
Kepala Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat

EUSINA

Kata Pengantar.....	iv
Eusina.....	v
Bulan Nuturkeun Kalangkang	1
Balakécrakan	6
Budak Doraka.....	9
Caringin.....	13
Cicanéang	18
Diculik Sandékala.....	21
Éndahna Kota Bandung.....	24
Euweuh Béja.....	27
Geuningan	31
Hampura	37
Hanjakal	40
Juara	43
Kahiji.....	49
Katinggaleun Rombongan.....	54
Kémah Carpon.....	58
Layon.....	62
Leungit Rémot.....	65
Manglebarkeun.....	70
Ngalalana di Kota Kembang	74
Ngimpi.....	77
Perkara Béak Béngsin	85
Piala.....	88
Saha Atuh	92
Toni, Ku Naon?	97

Bulan Nuturkeun Kalangkang

Ku Gina Qoriatul Hapidoh

SMPN 1 Kota Banjar

“Innalillahi wainnailaihi raji’un,” kadangu sora béwara ti masigit.

“Heup, heup, jempé!” ceuk Bi Nina. Nu keur ngariung gé ngadadak jempé.

Sok anéh. Nu kadangu téh waktu nyebut *innalillahi innalillahi* wungkul, ka dituna mah teu apal saha anu maot téh. Jiga nu gegerenyeman keur nyebutkeun ngaranna mah.

“Saha cenah nu maot téh?” kuring nanya bari kerung.

“Ceuh Édoh kitu, nya? Kamari geus ripuh geringna,” Bi Nina kawas nanya ka dirina sorangan.

Teu kungsi lila, Ceu Nunung ngelol. Ngajak ngalayad. “Hayu, bareng!”

“Ceuh Édoh lain, Ceu?” tanya Bi Nina mastikeun.

“Enya, indungna si Ita, geuning. Hayu!” témbal Ceu Nunung bari gék diuk gigireun kuring. Bi Nina teu némbalan, tuluy léos ka jero imah mawa béas.

“Bi, Asih ngiring, nya,” ceuk kuring rada ngagorowok.

Bring tiluan indit ka imah Ceu Édoh. Réa jalma nu daratang ka imahna. Aya Ita, budak bungsu Ceu Édoh anu karék kelas dua SD. Manéhna ceurik ngagoak nempo indungna dikaluarkeun tina ambulan. Tuluy ngalumburuk, les kapiuhan.

Ningal kitu kuring ras inget kana kajadian sapuluh taun ka tukang. Sarua gogoakanana, lila ceurikna. Karasa ku kuring nalangsana Ita ayeuna. Kuring geus kaleungitan Ibu. Tapi nepi ka ayeuna, kuring ngarasa Ibu téh asa aya kénéh di dieu. Lamun Ibu aya kénéh mah kuring téh hayang pisan ménta hampura. Hayang sumujud kana lahunanana.

Ibu téh katarajang rupa-rupa panyakit. Aya panyakit konéng, paru-paru basah, diabétés, jeung nu séjénna. Umurna mah kawilang ngora kénéh. Aya opat puluh taunan mah. Tapi geuning, nu ngaranna maot mah teu mikawanoh umur. Geus bulak-balik ka rumah sakit, sagala tempat pangubarana didatangan. Ka ditu ka dieu euweuh hasil. Nepi ka Ibu téh geus pasrah. Ukur sumerah diri ka Gusti Alloh.

Basa Ibu gering, harita keur usum panyakit Covid-19. Tapi, untungna Ibu mah hasilna négatif. Harita ogé sakola téh di imah séwang-séwangan. Kuring sok ngerjakeun pancén téh bareng jeung Lina, Ida, katut Yéni. Tempatna di imah Yéni. Sanajan cenah ceuk pamaréntah ulah kaluar ti imah, kuring mah da bosen cicing di imah waé téh. Baé mamaké masker gé. Jaba da imah téh jauh ieuh tina kekebul polusi mah. Hégar di dieu mah.

Biasana pukul genep kuring geus sok mangkat ka imah Yéni.

“Bu, Asih mios ka bumina Yéni, nya,” ceuk kuring bari ngadeukeutan Ibu anu keur diuk dina korsi, awakna katémbong teu daya teu upaya bari siga nu bingung. Saha meureun cenah. Bakat ku beurat panyakitna, Ibu téh jadi linglung. Poho ka sasaha. Ka kuring ogé anu kasebut budak, pohona téh kabina-bina.

“Ieu Asih, Bu,” kuring ngarti, yén Ibu téh teu apal saha kuring. Unggal jalma ngalongok gé, pasti sok pada ngawaranohkeun manéh ka Ibu.

“Jung, ulah lami teuing. Bada lohor uih!” ceuk Ibu halon. Teu poho kuring nyium tonggong leungeun jeung tarangna.

Kuring indit nyampeur Ida. Barang nepi ka imah Yéni, Lina ngajak jajan.

“Hayu, cuang jajan heula!”

Bring opatan indit ka warung deukeut imah.

Réngsé jajan, di jalan papanggih jeung Juna. Ngajakan ulin jeung barudak di lapang. Kuring, Lina, Yéni, jeung Ida teu tuluy ngahayukeun.

“Kéla, arék ngerjakeun heula pancén,” témbal kuring tuluy ngaléos jeung nu séjénna, ninggalkeun Juna.

“Hayu ah, geus réngsé kuring mah,” ceuk Lina bari ngabuskeun buku kana kantong.

“Kéla ih, can réngsé,” témbal Ida anu anteng kana bukuna.

“Huuh, lila,” ceuk Lina deui. “Sih, acan?”

Kuring némbalan pondok. Ngalieuk sakeudeung tuluy anteng deui kana pancén, “Acan.”

“Asih, uih iraha?” Yéni nanya.

“Hayu wé cuang ulin heula! Biasana gé sok burit,” ceuk Lina.

Kuring bingbang. Hayang milu ulin jeung barudak. Tapi, tadi Ibu nitah kuring mulang bada lohor.

“Yééy, réngsé,” ceuk Ida tuluy ngarénghap. “Hayu, Sih. Ulin heula, *nanti kita pulang bareng, santay!*”

Rada ngahuleng lila. Leungeun kuring tuluy dibenyéng kaluar ku Lina jeung Ida. Awak kuring kabawa nepi ka buruan imah Yéni.

“Kuring gé bisa leumpang sorangan. Leupaskeun!” pok téh bari ngépéskeun leungeun rada tarik.

Bring opatan ka lapang. Nepi ka lapang geus loba barudak séjén, keur ngariung handapeun tangkal katapang. Kacirina mah keur heureuy gogonjakan. Juna mimiti ngagupayan ka kuring, anu séjén ogé nurutan. Gék kuring diuk milu ngariung.

“Sih, tadi kuring ngaliwat ka imah manéh. Titah mulang cenah lamun pancén geus réngsé mah,” Dadan ngabéjaan.

Pasti dititah Ibu. “Arék naon, cenah?”

“Teu apal tah,” Dadan némbalan.

“Ulin wé heula sakeudeung, Sih,” euweuh kabel euweuh naon, Lina nyambung.

Lamun kuring balik, isuk bisi teu diajakan ulin ku barudak. Kuring mulang gé da naon atuh, paling dititah nungguan Ibu. Aya Bi Nina ieu, gerentes téh.

“Hayu atuh rék ulin naon?” ceuk kuring bari rét ka kabéhan.

“Barén wé yu!” témbal Juna.

Dadan lumpat ka tengah lapang, bari gogorowokan. “Limaan-limaan, nya.”

Nu séjén milu nuturkeun ka tengah lapang. Kuring mah cicing di béh kulon, ngarah kaiuhan ku daun katapang. Panonpoé pas pisan luhureun sirah. Panas morérét ngarérab kulit. Dangdaunan oyag katebak angin.

Teu karasa panonpoé geus rék surup. Kuring indit kaluar ti lapang, tuluy ngageroan Ida anu keur anteng kénéh lumpat néwakan musuh. “Ida, hayu mulang!”

“Ka mana, Sih?” Dadan karék sadar kuring kaluar ti lapang.

“Rék mulang, geus burit,” témbal kuring rada ngagorowok.

Ida ngadeukeutan. “Hayu!”

Barang nepi ka imah, rekét panto dibuka. Rét ka sakuriling. Tiiseun, ukur katémbong Ibu keur saré. Angger dina korsi nu tadi. Ka marana nu séjen? Geuning Ibu ditinggalkeun, gerentes kuring. Kuring tuluy ngadeukeutan Ibu, ngoyagkeun awakna. Sareupna. Teu hadé cenah lamun saré wanci magrib téh. Éta saur Ibu lamun kuring saré tas mulang ti sakola.

“Saha ieu?” Ibu nyureng.

“Asih, Bu,” témbal kuring bari imut.

“Geura emam!” ceuk Ibu. Sanajan pohoeun ka kuring, Ibu mah tara poho nitah kuring dahar, nitah solat, nitah diajar, nitah kana sagala kaperluan kuring.

Isuk-isuk kuring hudang, kagareuwahkeun ku sora batur anu ngobrol di luar. Aya ogé nu ceurik, teuing nyeungceurikkan naon. Kuring kaluar ti kamar, niat arék nyampeurkeun éta sora. Basa muka panto, katémbong awak Ibu digolérkeun dina lantéy anu ditilaman ku karpét. Awakna disimbutan, ngan kaciri rarayna anu pias.

Sarua cara Ita, ditinggalkeun maot ku Ceu Édoh. Basa kuring nempo awak anu ngagolér teu daya. Kuring ditangkeup ku Bapa. Leungeun tipepereket, tuluy ngarumpuyuk kana lantéy. Les kapiuhan. Tina kajadian éta kuring sadar, waktu téh kacida pisan ajénna.

Aya rasa kaduhung dina haté. Ku naon kuring harita kieu, harita kitu, basa Ibu aya kénéh? Lamun dipikir-pikir, bisa waé kuring téh disebut budak anu doraka. Sanajan ayeuna kuring geus sadar gé, angger kabayang-bayang kalakuan kuring anu teu pantes jadi conto.

Asa sangsara haté téh, lamun ngadéngé babaturan nyaritakeun perkara indungna. Anu bisa dijadikeun tempat manéhna curhat jeung balik. Aya rasa sirik kana hirup manéhna. Kuring teu bisa ngamangpaatkeun waktu.

“Ta, mugi-mugi indung kuring jeung indung manéh téh ditarima amal ibadahna. Dibéré tempat pangalus-alusna di sisi Gusti Allah Anu Maha Asih,” kuring ngusapan tungtung buuk Ita anu keur nyuuh dina kasur.

Peuting éta, angin ngahiliwir nanceb kana kulit. Neuteup langit leubeut ku béntang, tingkariceup mapaésan alam dunya. Duh, éndah pisan lautan béntang téh. Rét ka béh wétan, aya nu teu éléh caang ti béntang. Cahyana mani ngempur, buleud ampir sampurna. Basa neuteup ka béh dinya, mata téh asa ngembeng. Ras inget ka

indung. Anu pernah nyaangan kahirupan kuring. Maturan, nuturkeun. Saenyana bulan anu nuturkeun kalangkang kuring.

Ayeuna mah, kuring geus teu boga indung. Kuring ukur bisa ngadunga jeung ngalaksanakeun cita-cita Ibu. Jalan-jalan ngurilingan dunya. Miara rupa-rupa kembang anggrék. Kuliah di Édinburgh, Skotlandia.

*

Balakécrakan

Ku Muhammad Ilham

SMPIT Al-Hanif, Cibeber, Kabupaten Cianjur

Koréjat Romli hudang da disimbeuh ku Kang Asgi. Manéhna tuluy cengkat.

“Naha nyimbeuh, Kang?” pokna nanya semu kerung. Manéhna tuluy nempo kana érloji. “Karék gé jam satengah lima. Da can pati beurang ieuh.”

Manéhna gegelendeng. Kang Asgi teu loba omong tuluy ngaléos kaluar. Romli ngibringkeun baju. Beledug, beledug. Sora bedug ditakol. Teu panjang kur sakali nitirkeun. Ngong Kang Asgi adan. Sorana halimpu ngalanglaung.

Romli tuluy ngagedig indit ka MCK bari diharudug ku samping. Sora jangkrik maturan léngkahna. Di sabudeureunana loba tangkal sampeu. Di lebak palebah deukeut MCK, katempo aya nu ngabelegbeg bodas.

“*Allohu robbi...*,” ceuk Romli bari ngagisik panonna. Keur kitu, nu ngabelegbeg téh ngalieuk. Puguh wé Romli téh beuki sieun. Manéhna reup peureum, tapi manéhna ngawanikeun manéh hayang ningali.

Kasampak Fahir nu ngajanteng téh. Manéhna olohok bari ngodokkeun leungeunna ka jero saku calana. Romli ngarénghap panjang. Tuluy nyirintil nyampeurkeun.

“Ari manéh keur naon, Hir?” Romli nanya bari nepak Fahir.

“Keur dahar KFC,” témbal Fahir ngarénghap panjang.

“Sok ngacapruk, ah!”

“Atuh da manéh mah kawas nu lolong waé, geura. Katingali meureun ti tadi gé uing mah keur gagaro,” ceuk Fahir bari kerung.

“Nya kalem wé atuh!”

“Atuh da manéh mah ngaganggu kanimatan batur waé geura,” Fahir ngagaro sirahna bangun nu rudet. Bus asup ka jero MCK.

Sanggeus abdas, Fahir tuluy ngaléos mangkat. Nalika rék indit, manéhna dipegat ku Romli. Fahir tuluy eureun.

“Rék naon?” Fahir nanya.

“Dagoan keudeung. Urang bareng mangkatna,” témbal Romli.

“Sieun nya, manéh mah. Borangan, kos bikang ih,” omong Fahir.

“Kumaha manéh wé ah. Ngan dagoan, heueuh?”

Fahir ukur unggeuk. Romli tuluy bus ka jero MCK da rék abdas. Basa keur abdas kadéngé sora nu komat tina toa. Berebet Fahir lumpat, da sieun ditajir ku Kang Asgi. Tuluy ngagorowok.

“Rom, urang ti heula, heueuh?”

Romli teu némbalan lantaran keur abdas. Sanggeus bérés manéhna tuluy gura-giru lumpat da sieun kaburu anggeus solatna. Kasampak hareupeun masjid, jamaah keur papada kunut. Romli culang-cileung ngarérét ka sabudeureun.

“Ké pas uing asup, solatna bareng wé, nya,” pokna kawas ngomong sorangan. Da wegah ditajir. Meungpeung euweuh nu ningali deuih.

“*Assalamualaikum warohmatullohi wabarokatuh*,” sora awéh salam mungkas nu solat. Jep, simpé sakedapan. Tuluy réa deui nu babacaan tasbéh. Sanggeus wirid réngsé, kabéh rabul kalaluar, muru kobong. Mama Yahya ayeuna rék caramah umum. Tapi, basa Romli rék ka kobong, manéhna digeroan ku Kang Asgi.

“Kulan, Kang!” témbal Romli bari tungkul.

“Bieu solat sabaraha rokaat?” Kang Asgi nanya.

“Hmm..., dua Kang,” Romli némbal rada geumpeur.

“Tong ngawadul, pamali!” ceuk Kang Asgi.

“Muhun dua, Kang.”

“Hah? Rék angger ngawadul! Pamali, satéh,” Kang Asgi molotot.

Romli neleg ciduh. Tuluy pok ngomong, “Teu sarokaat-sarokaat acan, Kang.”

“Tuh, naha atuh tadi bet ngawadul? Keur mah ninggalkeun kana saréat, ngawadul deuih. Bahan-bahan pidorakaeun éta téh,” Kang Asgi bangun nu keuheul. “Cig solat deui. pamali!”

Romli teu loba carita. Manéhna tuluy cengkat, solat deui.

Keur solat, budak awéwé arabus lantaran ngaji jeung Mama di masjid. Solat Romli rurusuhan da teu genaheun dipelong ku budak awéwé. Asa teu beungeutan.

Sabada Romli solat, torojol wéh barudak lalaki bari marawa buku jeung Qur'an. Romli gura-giru ka kobong mawa buku jeung Qur'an. Sanggeus kitu,

berebet manéhna lumpat. Di tepas masjid geus kadéngé sora Mama ngamimitian ngaji. Romli tuluy abus. Nyongclo sorangan pangtukangna, da kapandeurian.

Lila Mama ngajelaskeun perkara pamingpin.

“Janten urang salaku muslim anu cinta ka Kanjeng Nabi kudu ngalaksanakeun sakumaha dawuhanana. Sakumaha anu dijaskeun dina hadis, urang kudu milih ka pamingpin anu ku urang dipikacinta jeung manéhna cinta ka arurang. Najan kitu, omat arurang kudu bisa milah jeung milih. Kudu bisa ngabédakeun mana nu hadé mana nu goréng,” ceuk Mama, méré wejangan di tungtung pangajian. Tuluy ditutup ku salam.

Romli nundutan bari nyarandé kana témbok. Kabéh tuluy maraca Yasin, kawas ngariung Romli nu keur saré. Manéhna ngoréjat hudang tuluy nangtung. Milu ngariung maca Yasin dina kaayaan linglung. Galakgak kabéh sareuri. Romli mah kur nyéréngéh wé teu apal nanaon.

Kabéh ngaléos indit kaluar. Maranéhna turun tuturubun papada muru sangu haneut di deukeut hawu. Sok daun cau diamparkeun. Kabéh masang posisi standar hiji. Ngadagoan sangu dieurikeun. Basa sangu jeung deungeunna dibahékeun, éta mah leungeun mani renyek pada nyokotan sangu. Sangkan kaagéhan keur sorangan.

Segut Romli téh, ari kana dahar mah.

Budak Doraka

Ku Nurul Afifah Zakaria

SMPN 6 Kota Sukabumi

Adi téh budak nu bangorna kacida pisan. Nepi ka lieur indungna ngurusna gé. Unggal poé ulin wé hayoh, euweuh kabosen. Ulin deui, ulin deui.

“Ma... Adi badé ameng, nya,” ceuk Adi bari namprak ménta duit.

“Astagfirullah, ngan hayoh wé ulin deui, ulin deui, mani euweuh kabosen pisan manéh téh!” ceuk Ema bari nyentak.

“Atuh keun baé, Ma. Da teu betah cicing di bumi gé Adi mah,” témbal Adi.

Adi diceprét pipina ku indungna nepi ka beureum, bari pok ngomong, “Ari teu betah cicing di imah mah, enggeus wé sakalian bawa kabéh baju manéh dina lomari. Tong balik deui!” ceuk Ema bari sesentak.

Si Adi abus ka kamar bari carindakdak, ngaluarkeun cipanon.

“Anéh budak téh, ongkoh loba kahayang, tapi tara nurut waé ka kolot,” sora indungna ngagorowok tarik.

“Gandéng atuh, Ma!” ceuk Adi bari ngajeblagkeun panto kamarna.

“Astaghfirullah, kudu sabar kumaha deui urang téh ya Alloh,” ceuk Ema.

Teu lila aya babaturan si Adi nyampeur. “Adi..., ulin yu!”

Adi buru-buru lumpat kaluar ti kamar. Ari pék téh geus aya indungna di luar imahna bari ngomong. “Adi mah moal waka ameng, ulaheun ku bapana.”

“Ih, Ema téh ku naon, baé atuh Adi ulin gé, da bapa gé euweuh di imah,” ceuk Adi bari nyentak.

“Manéh nu ku naon mah. Rék nurut ka kolot atawa ka batur?” tanya Ema. Babaturan si Adi nu nyaksian indungna Adi ambek-ambekan, tuluy ngomong.

“Enggeus wé nurut ka indung manéh, urang balik heula,” pokna lumpat ninggalkeun si Adi jeung indungna.

“Kitu geuning maranéh mah ka urang téh!” Adi ngagorowok, tapi teu didéngé ku babaturanana.

“Tuh, budak batur gé nurut ka kolotna. Naha ari manéh, ku naon kieu-kieu teuing ka kolot téh. Nya doraka, teu?” ceuk Ema bari ngagas.

“Gandéng ah, Ma! “ témbal Adi. Tuluy Adi téh abus deui ka kamarna.

Pagawéan si Adi di kamar téh ngan nyoo hapé wé jeung dahar. Mani kuat teu inget ka indungna nu bébérés imah ti isuk nepi ka buri. Euweuh waktu istirahat. Sakapeung si Adi téh sok curhat hareupeun kaca, bari pok ngomong. “Keuheul da ka si Ema téh, hayoh wé ambek-ambekan unggal poé,” pokna. Kitu wé curhatna téh.

Teu lila aya bapana balik bari mawa kadaharan nu seungit. Adi nu ngambeu, tuluy kaluar ti kamar. “Seungit naon nya, asa semu ngeunah kieu,” ceuk Adi bari kurah-koréh kana palastik nu aya dina méja.

Pék téh dina palastik aya martabak. Adi nyomot heula hiji. “Bapa, ieu martabak jang Adi, pan?” tanya Adi bari ngajorowok.

Bapa nyampeurkeun ka si Adi. “Hég baé, tapi éta sésakeun jang si Ema, bisi hayangeun,” jawab Bapa.

“Ah, hayoh wé kudu nyésakeun, pan si Ema mah enggeus dahar tadi,” témbal Adi.

“Ih, kalakah kitu ieu mah, sok kabiasaan ka kolot téh,” témbal bapana.

“Atuh da keuheul Adi téh ka Ema, hayoh wé nyarékan waé Adi unggal poé,” jawab Adi.

“Si Ema matak kitu téh da manéh tara nurut ka kolot. Ema kitu téh ngarah manéh jadi leuwih bener, teu kitu-kitu waé sipatna. Béré si Ema, da éta gé moal béak ari ku sorangan mah,” ceuk Bapa bari nyomot martabak.

Teu lila ngong sora adan lohor. Adi rék nyobaan bébéja ulin deui, tapi lain ka Ema, ayeuna mah ka bapana.

“Bapa..., baé Adi badé ameng, pan?” ceuk Adi.

“Hég baé ku Bapa mah, tapi Adi gé kudu bébéja ka Ema,” ceuk Bapa.

“Alim ah, mun Adi bébéja ka Ema mah pasti ulaheun waé,” témbal Adi.

Bapa ngageroan Ema nu keur ngumbah piring.

“Ma... ka dieu heula.”

“Aya naon, Pa?” tanya Ema bari mamawa kénéh piring.

“Teu si Adi rék ulin, baé tong, cenah?” tanya Bapa.

“Ah, ngan hayoh wé ulin. Isuk gé geus ulin teu ijin-ijin acan, langsung indit euweuh di imah!” ceuk Ema bari molotot ka Adi.

Adi sieun, nyumput di tukangeun Bapa. Tuluy kabur, abus ka kamar.

“Pangnyaramkeun ku Bapa, da ku Ema mah moal didéngé. Geus capé Ema mah ngurusna gé,” ceuk Ema.

Bapa ngageroan si Adi. “Adi... ka dieu heula kedap, Bapa badé ngobrol.”

Si Adi kaluar bari sieun, paur dikukumaha ku bapana.

“Aya naon, Pa?” tanya Adi.

“Bener teu Adi téh sok ngalawan ka Ema? Ngarah naon éta téh?” tanya Bapa. Bari dipeleng ku Ema jeung Bapa, Adi teu bisa ngajawab da paur salah.

“Jawab ari ditanya téh, lain cicing waé!” ceuk Bapa bari nyentak.

“Ngomong wé Adi, da Bapa mah moal nanaon, tong sieun,” ceuk Ema bari ngusapan sirah si Adi.

“Muhun, Pa,” jawab Adi bari kaluar cai panon. Adi abus ka kamarna da éra mun ceurik di hareupeun bapa jeung indungna. Adi ceurik teu disada, bari nangkuban. Tuluy indungna abus ka kamarna. Nempo si Adi ceurik bari nangkuban, Ema nyarita. “Ku naon maké ceurik Adi téh?”

Adi teu ngajawab.

“Sok nyarita ka Ema, tong cicing waé.”

Keukeuh teu dijawab-jawab ku si Adi. Kalah ka mungkin gedé ceurikna.

“Geroan si Bapa wé, nya,” ceuk Ema.

“Teu ku nanaon Adi mah da,” jawab Adi.

“Ah, tong ngabohong, éta geuning ceurik nepi ka panon beureum,” omong Ema bari ngusapan cai panon Adi.

“Henteu Ma, ieu mah teu kahaja kaluar cai panon téh,” témbal Adi.

Bapana abus ka kamar. “Keur naraon ieu téh. Éh, naha éta panon Adi mani kuat beureum kitu?” tanya Bapa.

“Si Adi ceurik, ngan ngomongna teu kahaja kaluar cai panon cenah,” ceuk Ema.

“Ku naon Adi, sok ngomong ka Bapa jeung ka Ema,” ceuk Bapa.

“Teu ku nanaon Adi mah, Pa, bener teu kahaja kaluar cai panon,” ceuk Adi bari heuay.

“Ari tunduh mah saré wé atuh, Di.”

“Alim ah Pa, pan geus burit. Pamali ari saré wayah kieu mah,” walon Adi.

“Oh, nya baé atuh, kumaha Adi wé,” ceuk bapa.

Teu kungsi lila. Sipat Si Adi téh jadi robah, jadi leuwih bener batan méméhna. Tapi ari kana ulinna teu leungit leungit. Hayoh wé unggal poé ulin waé.

“Ma, Pa, Adi rék ameng nya, baé pan?” kitu bébéjana téh.

Ari kituna mah, ulin téh bisa jadi kabagjaan keur budak mah.

Caringin

Ku Fahri Husaini

SMPN 1 Kawali, Kabupaten Ciamis

Jrut, rombongan kémah sastra tarurun di Gedong Saté.

Ti barang turun kuring kataji ku kaagréngan éta gedong. Kuring tuluy nelenyeng lumpat agahan téh rék dipoto, lumayan jang *update*.

Karak gé sajeprét, si Sifa geus ngagegejeg hayang buru-buru diuk di nu iuh. Gura-giru Sifa nuyun kuring, bari rungah-ringeuh néangan pangdiukan, sugan aya anu rada hipu, lantaran dina “Bandros” mah korsina matak nyeri kana cungcurungan. Bakat ku teu kuat nandangan panas nu kacida, gék waé kuring jeung Sifa dariuk handapeun tangkal caringin anu linduh. Di dinya minangkana anu rada iuh téh.

“Cing atuh diuk téh rada pipilih, da ari handapeun tangkal caringin mah bisi aya hileud nu murag! Tapi mani raresik nya ieu patamanan téh, bangun taya daun anu muguran,” ceuk kuring.

“Nya enya atuh da pamaréntah gé merhatikeun kana kebersihan lingkungan,” témbal Sifa.

“Ah, piraku wé teu kitu-kitu acan mah, komo Bandung mah kasebatna kota, lamun barala téh isin ku Ciamis,” kuring nyindiran.

“Bandung mah bala ogé sareungit, da kawentar Kota Kembang téa,” agulna.

“Ah, angger ari barala mah jadi kembang keusik!” kuring némpas bari nutupan irung.

“Keun waé atuh Fahri, nu penting mah aya kembang désana,” témpas Sifa bari dangdak-déngdék dibarengan ku gelenyu imut.

“Pan di dinya mah urang Cimahi, lain urang Bandung,” ceuk kuring teu narima.

“Pan Cimahi ogé Bandung kénéh!” Sifa keukeuh peuteukeuh.

“Ah, lieur ngomong jeung siluman mah!” témbal kuring bari rada ngéréd diuk ngajauhan.

Can kebat padungdengan kuring jeung Sifa, teu lila Mang Opang nyalukan. Kuring jeung Sifa gancang nyampeurkeun Mang Opang, nu rék méré gambaran ngeunaan Gedong Saté.

“Aya anu terang ieu téh gedong naon?” Mang Opang nanya ka pamilon kemah sastra.

“Gedong Saté, Mang!” témbal kabéh pamilon.

“Atos tarerang meureun nya ari nami gedongna mah! Sok, bilih aya anu ditaroskeun ngeunaan Gedong Saté ieu, kin ku Amang diwaler,” Mang Opang méré kasempetan pikeun anu nanya.

“Mang, badé tumaros pami itu saté anu di luhur téh naon fungsina?” Sifa nanya, bari ngageberan beungeutna ku buku, bakat ku hareudang.

Ceuk Mang Opang mah nu siga saté di luhur Gedong téh simbol modal diwangunna éta gedong. Di loteng pangluhurna anu aya balkon, diwangunan sina nyanghareup ka Gunung Tangkuban Parahu.

“Sok ayeuna mah sadaya pamilon bébas badé mapay ka mana waé, keur néangan idé jang nulis carpon. Tapi ulah jauh ti Gedong Saté, nya!” ceuk Mang Opang.

Kuring tuluy ngajak Sifa nempoan kaayaan sabudeureun Gedong Saté.

Rét deui paneuteup Sifa mah ka lebah tangkal caringin béh kénca urut tadi dariuk. Ongkoh éta tangkal téh ngan aya dua-duana, nangtungna di lebah kénca jeung katuhueun gedong lamun diténjo ti hareup mah. Ari lebah katuhuna, pinuh ku nu daragang anu ngalalungsar bangun teu paruruneun usaha. Kaciptana téh nyanghareupan rombongan kieu mah berewit, loba tatawar. Ceuk istilah ayeuna mah “rojali” téa alias “rombongan jarang beli”. Bari niténan kaayaan di sabudeureun gedong, paneuteup kuring balik deui ka Sifa anu leumpang semu langlayeuseun ngadeukeutan tangkal caringin. Serebet wé kuring lumpat miheulaan, gék diuk disusul ku manéhna.

Can muka catur, Sifa tuluy ngaluarkeun botol Aqua anu mérekna lain Aqua. Béréwék ségelna dibuka, leguk-leguk Sifa nginum bangun anu halabhab. Sora regotna mani kadéngé tarik.

“Lalaunan atuh nginumna bisi kasegrék!” ceuk kuring ngélingan.

“Insya Allah moal kasegrék lamun ku anjeun teu diajak ngobrol mah,” témbal Sifa bari nutupan botol.

“Jaba nginum téh ku leungeun kénca, matak dibarengan sétan éta téh, pamali!” kuring ngélingan deui.

“Masing teu nginum ogé sétanna mah teu weléh ngukuntit,” Sifa némpas bari panonna mah angger neuteup ka hareup.

Kuring luak-lieuk. Euweuh deui mangkeluk séjén, iwal kuring.

“Lamun kitu mah kuring atuh sétanna?” tanya kuring bari kerung.

“Heup, ari geus apal mah!” témbalna bari nyéréngéh seuri.

Lantaran wangkongan téh ngeunaan sétan, pok Sifa nanya deui, “Aya jurigan kitu ieu tangkal caringin téh? Gedong sakitu agréngna dipelakan caringin mah jadi hieum tur geueuman.”

“Prof. Jakob Sumardjo kungsi ngedalkeun dina salah sahiji tulisanana, yén tangkal caringin téh ciri wangunan gedong pamaréntah jaman baheula,” témbal kuring.

“Naha wawuh anjeun ka Profesor Jakob? Mani gaya!” Sifa semu ngadelék.

“Ah, henteu ari wawuh mah, ceuk guru kuring éta mah,” témbal kuring. “Komo ari kitu mah, ngandelan kayakinan kuring yén gedong pamaréntah téh sok dijagaan ku jurig. Komo meureun keur jaman Walanda mah, dipelakan teh ajang nyamunikeun éta wangunan.”

“Lah, ceuk saha?” témpas kuring,

“Cenah, urang gé ceuk nu pinter,” témbalna rada kokolot begog. “Apan nu pinter mah profésor!”

“Lain, nu pinter mah nginum tolak angin!” walon Sifa ngabalieur. “Tapi nya teu sarieuneun éta budak awéwé maraké baju pungsat ngadon caricing handapeun caringin, kumaha mun ditoél jurig?” pokna nanya deui.” Mun peuting mah komo sok leuwih loba awéwé maraké baju pungsat teh, ngadon ngadaweung di dinya!” Sifa kapapanjangan.

“Teu sieuneun asup angin kitu? Komo urang mah sieun kasambet meureun, nya?” ceuk kuring.

“Moal, jurig ogé geus warawuheun, pan unggal peuting panggih jadi geus boseneun noélna gé,” ceuk Sifa.

“Geuning kunti gé dina pilem maraké gamis, komo pocong mah buni saawak-awak. Ukur kecil anu ditataranjang mah pédah leutik kénéh jaba can bogaeun duit jang meuli bajuna. Da lamun duitna geus ngumpul mah kencit ogé hayang galib dibaju jiga jurig nu lian. Ngan nepi ka ayeuna duitna teu ngumpul-ngumpul da disetorkeun waé ka dununganana, matak ditataranjang wé nepi ka ayeuna gé. Meureun jalma nu ngadaraweung di handapeun caringin téh sabangsa kecil,” ceuk kuring ka Sifa.

“Heueuh meureun, uing bingung, ari baju parungsat tapi hapéna mah *Iphone* tingcalekrék dipoto sélfie. Éta téh tuluy diunggah, ngajungjurigan batur,” Sifa némpas bari jeba-jebi.

“Ké, ké, ké, ari éta batu naon handapeun tangkal caringin téh?”

“Hajar Aswad!” témbal Sifa bari kuwad-kaweud.

“Nya, kitu? Maenya wé aya batu Hajar Aswad di Bandung!” kuring nanya deui bari kerung.

“Pedah wé sarua hideung rupana,” témbal Sifa.

“Ceuk guru ngaji kuring mah, Hajar Aswad téh tadina bodas nyacas, jadi hideung sotéh lantaran geus loba teuing jalma anu nyieun dosa.”

“Sarua meureun di dieu gé, loba nu nyieun dosa mah. Éta buktina sarua lestreng batuna.”

“Lah, da nu nyieun dosa mah di mamana ogé aya, ngan nu puguh éta lain Hajar Aswad!” ceuk kuring bari ngadelék.

“Naon atuh?”

“Éta nu nyarieunan dosa kudu dihajar ku si Aswad” témbal kuring.

Sifa nyeukeukeuk ngeunaheun.

Celengkeung Ibu Atih nyalukan, lantaran geus kaciri célak-célak katémbong “Bandros” rék mapagkeun. Kuring jeung Sifa buru-buru ngadeukeutan sisi jalan.

Sanepina éta “Bandros”, rombongan kémah sastra naraék kabéh, tuluy dariuk dina tempatna séwang-séwangan. Basa rombongan téh geus siap, ketua meré ancer-ancer ka supir supaya buru-buru jalan, dibarengan sora selot “Bandros” anu karatan

keur dipalangkeun ku salah sahiji guru pangaping. Geuleuyeung wé rombongan kémah sastra miang ti Gedong Saté.

Di jalan, loba tempoeunana. Mobil pasesedek, motor ngantay. Kadéngé sora klakson ti ditu ti dieu, katambah deuih kebul anu mulek tina knalpot kandaraan.

Sapanjang jalan, hayoh wé pangaping téh tingcalakatak. Teuing keur nyaritakeun naon. Kuring ngarasa bungah ningali pangaping anu lalayeut sanajan asalna béda-béda. Teu jadi panghalang maranéhna pikeun dareukeut. Kuring ogé bungah bisa boga babaturan anyar tina kémah sastra téh nu balageur pisan.

Di satengahing jalan, kuring rada molohok ningali kantor Pengadilan Bandung anu dicurat-coret ku tulisan “Tanah Rakyat”, padahal mah geus aya aturan hukum ngeunaan vandalisme téh.

Ari hayang disebut rayat, tapi kalakuan siga bangsat. Ari bangsat téh jalma nu kasétanan, spésiés kénéh jeung jurig. Antukna, loba jurig nyiliwuri, sétan mindah rupa nu bakal ngaruksak ka ieu nagara!

“Jurig téh!”

Cicanéang

Ku Nauval Dary Abbiyu

SDN Sukamulya, Paseh, Kab. Sumedang

“Yusuf...! Yusuf...!” si Asép nyampeur kuring.

Barang gadéngé aya sora nu nyampeur, kuring buru-buru méréскеun dahar, méakkeun sangu jeung deungeunna.

“Hayu!” jawab kuring.

“Ari batur can dararatang, Sép?” kuring nanya sakali deui.

“Teu acan,” témbal Asép.

Teu kungsi lila, Rafa jeung Rifki datang.

“Hayu ah indit, méh téréh,” ceuk Rafa.

“Hayu!” jawab kuring jeung babaturan.

Di jalan kuring jeung babaturan ngaliwatan makam.

“Beurang-beurang harudang,” omong Rafa ka makam.

Kuring, Asép, jeung Rifki tuluy ngalieuk ka Si Rafa.

“Fahri, imah uyut manéh anu warna héjo lain?” Si Rafa nanya ka Si Fahri.

“Heueuh,” témbal Fahri.

“Fahri bisa meureun,” ceuk Si Rafa bari ngusapan beuheung sababaraha kali.

Si Fahri mah ngan unggeuk-unggeukan wungkul. Tuluy dipangmawakeun tilu botol mineral. Cai mineral éta téh ku saréréa diinum.

Geus ngaliwatan makam, kuring jeung babaturan tuluy ngaliwatan kebon.

Di kebon kuring nempo suluh dua leunjeur. Basa ngalieuk deui ka tukang jadi saleunjeur. Kuring ngaberetek lumpat da bakat ku sieun.

Nepi di imah warga Si Rafa ngomong. “Suf, aya naon bet lumpat?”

“Tadi kuring nempo suluh dua leunjeur. Basa ngalieuk deui jadi saleunjeur,” témbal kuring.

“Boa éta mah rarasaan manéh,” ceuk Si Rifki.

“Heueuh, bener,” Si Asép mairan.

Geus kitu kuring jeung babaturan tuluy indit deui ka Cicanéang.

Nepi di Cicanéang hawana mani tiis. Loba tatangkalan, aya susukan gedé. Aya pamandian, caina ngagolontor tina handapeun batu, mani hérang ngagenyas. Aya tajug jeung tempat nyeuseuh deuih. Kuring jeung babaturan tuluy ngojay. Si Fahri mah karék ogé anclub geus banyat deui, moyan di sisi balong di handapeun sirah cai.

“Hayu ah, urang balap ngojay ti tungtung kidul ka tungtung kalér,” ceuk si Rafa ngajak ka saréréa.

“Hayu, sigana ramé, nya,” témbal kuring jeung Asép.

“Hiji...! Dua...! Tilu...!” ku kuring diitungan.

Nepi di tungtung kalér, si Rafa meunang. Manéhna ngarasa hampang jeung leuwih tiis. Basa si Rafa ngalieuk ka handap, kolorna euweuh. Sihoréng kolorna aya di tengah-tengah cai. Atuh nya kuring jeung babaturan téh ngabarakatak seuri.

“Paingan wé matak meunang ogé da teu make kolor, jadi wéh hampang,” ceuk kuring.

“Heueuh, nya,” témbal Rafa.

Si Rifki téh keur kokocébakan, si Rafa tuluy ngajleng ti luhur tara tempa-tempo heula. Atuh nya si Rifki téh kaheumpikkeun ku si Rafa.

“Ari manéh nyeri, ih,” ceuk Rifki ampir ceurik.

“Hampura, teu kahaja,” témbal Rafa.

“Teu nempo manéh mah urang keur kokocébakan,” ceuk Rifki ngambek pisan.

“Hampura atuh Rifki,” témbal Rafa.

“Sakali éwang, ah,” ceuk Si Rifki.

“Geus ulah paséa, éra ku batur. Ayeuna mah silih hampura wé,” kuring ngilu mairan.

“Hampura, Rifki, teu kahaja,” ceuk si Rafa. “Dihampura teu, Rifki?”

“Heueuh ku urang dihampura,” témbal Rifki.

“Hayu ah, balik!” ceuk kuring ka babaturan.

“Hayu,” témbal babaturan kuring.

Kuring jeung babaturan tuluy baralik. Keur di jalan, nyimpang heula ka warung da bakat ku capé. Kuring téh jajan ciki.

“Bisa meureun,” Rifki ngarérét kana ciki kuring.

“Bisa naon?”

“Heueuh, urang ngénta ciki,” témbal Rifki.

“Meuli atuh, manéh mah ngéntaan waé,” ceuk kuring.

“Embung ah, jauh,” témbal Rifki.

“Éta warung hareupeun,” kuring bari nunjuk éta warung.

“Jauh duitna, aya di imah.”

“Iihhh....!” témbal kuring. “Yeuh atuh, nyokot wé.”

Si Rifki tuluy nyokot ciki kuring.

“Nuhun, Suf,” pokna.

“Sawangsulna,” témbal kuring

Babaturan kuring téh saréréa saleuri. Geus kitu mah tuluy balik. Di jalan kuring saréréa nempo mobil kol buntung.

“Mang, ngiring!” Si Rafa ngomong ka supir.

Tuluy éta mobil téh eureun.

“Hayu!” ceuk supir.

Kuring jeung babaturan tuluy naék kana mobil.

“Tos sadayana nararaék?” Pa Supir nanya.

“Atos, Pa!” témbal kuring jeung babaturan.

Diculik Sandékala

Ku Airine Ainanda Q. J.

SDN Wanasuka, Arjasari, Kabupaten Bandung

“Gambréng!” ceuk nu keur ulin bari mulak-malikkeun palem.

“Uwin nu ucingna! Sok ayeuna ngajaga, ulah néléng!” ceuk Siti bari bolotot.

“Émangna baé ucing sumput wayah kieu? Apanan mun geus adan asar mah ulah, bisi disumputkeun ku sandékala. Katambah lapang ieu deukeut kebon nu cenah mah loba...,” ceuk Uwin bari panonna siga keur méré isarat.

“Mitos dipercaya, kamari nini urang cicing di kandang hayam sorangan burit-burit euweuh nu nyulik,” Siti motong tuluy ngadilak.

“Nya heueuh atuh! Pan nini manéh mah geus *bau tanah* matak sandékalana teu hayang teuing ngangkut nini-nini,” Jupri pipilueun.

“Ni loba lila, buru der ayeuna!” ceuk Ucup sumanget.

Uwin ngitung nyanghareupan tangkal nangka. Babaturanana lalumpatan nyumput. Angger wé, haté Uwin teu bisa tenang. Ku sieunna nepi ka ngitung ogé rada ngaderegdeg. Karasana geus jempling, tuluy ditéang éta nu nyarumput. Kacirina téh panonpoé téréh surup.

Nu mimiti kapanggih teh Ucup. Pangsumangetna ari nyumput ngan ukur tukangeun rungkun mah. Diilik deui ku manéhna. Katénjo sirah Siti nolol ti jero tong runtah.

“Siti, dua lima!” gorowok Uwin nepak tangkal nangka. Sésa hiji deui nu can kapanggih, nyaéta Jupri.

Biasana sok nyumput handapeun tangkal. Ari ayeuna euweuh di dinya.

Geus lila ditéangan, aya lah satengah jam. Ngan can kaciri éta cukang irung pésék Jupri. Batur nu geus hayang balik nepi ka capé jeung keuheul.

“Lamun geus adan magrib si Pésék can kapanggih, irungna sing beuki pésék jeung beuki gendut!” Siti nu milu keuheul.

“Wah, si Jupri jago ogé nyumputna! Uwin jadi bingungeun. Cik...cik...cik!”
Ucup bari nyikikik.

“Éh, atawa... bener wé sandékala geus turun tuluy nyulik Jupri!”

“Maenya? Geus wé urang papencar ka kebon handap. Nu pangheulana manggih si Jupri bakal diteraktir!” Siti méré saran.

Bring tiluanana papencar. Siti ku gagah leumpang ka beulah wétan. Uwin ka kulon. Ucup ka kidul. Uwin mah leumpang laun bari luak-lieuk. Merhatikeun sabudeureunana. Lain pédah bisi Jupri kapanggih, tapi sieun aya sandékala jol datang néwak manéhna. “Ya Allah, ari Jupri nyumput di mana?” ceuk manéhna jero haté.

Ujug-ujug angin ngagelebug, dangdaunan ragrag tina tangkal. Keur kitu, “Brétt!” sakolébat kaciri nu ngapung warna hideung. Berebet Uwin lumpat ka luar. Dagdigdug ketug jajantungna. Nalika keur lumpat tarik, gedebru manéhna labuh.

Manéhna titajong kana tunggul tangkal. Getih ngucur tina tuurna. Cipanonna ogé milu ngeclak.

“Nyeri!”

Manéhna cicing sakeudeung. Tuluy hudang, ngingkig deui bari ingkud-ingkudan. Balik ka tempat mimiti, kaciri Siti keur ngadaweung sorangan bari diuk.

“Uwin! Ku naon?” tanya Siti kerung.

“Tadi titajong kana tunggul tangkal, Siti ningali nu ngapung warna hideung henteu?”

“Henteu, paling ogé manuk meureun. Hayu atuh urang ubaran heula ka warung Bi Yoyoh!” ceuk Siti bari metot leungeun Uwin.

Duanana diuk dina bangku warung. Geus capé, ti tatadi euweuh raratanana. Tuluy Ucup datang nyampeurkeun bari leungeunna gugupay.

“Enggeus wé ieu mah, berarti si Jupri téh ditéwak ku sandékala,” ceuk Siti semu alum.

“Bébéja ka indungna tong? Karunya jabaning boga panyakit jantung.”

“Kudu atuh Win, bisi salah sangka, marukkan ku arurang ngahaja dibikeun ka sandékala. Kaduhung tadi teu ngadéngékeun omongan Uwin, ulah ucingan.” pokna deui.

“Heueuh, engké ceurik tuluy ngomong “*Anak saya salah apa?*”” Jupri némbal bari biwirna dipanyun-panyun.

Tiluanana ngabring. Sabari ditungtun ku Siti, Uwin mikir kumaha ngajelaskeunana. Nu puguh, ngarah ngeunaheun teu nyieun jajantungna kambuh. Katambah Jupri téh budak hiji-hijina nu dipikanyaah pisan.

Geuningan Jupri téh keur diuk handapeun tangkal nangka. Sabari ngahuapkeun coklat. Beungeutna semu beureum, tuluy ngeclakkeun cipanon.

“Ya Allah, naha kudu babaturan abdi nu diculik ku sandékala? Lain tadi téh ditolak heula panggilanana,” pokna bari ngahinghing.

Éndahna Kota Bandung

Ku Robi Herdiansyah

SMPN 2 Padaherang, Kabupaten Pangandaran

Koréjat kuring cengkat, pedah ramé motor jeung mobil ngaliwat hareupeun imah. Geus beurang geuning, gerentes téh. Kuring nguliat bari cengkat tina kasur. Tuluy mangkat ka cai arék wudu, rék solat subuh di imah.

Bérés solat subuh, kuring dititah bébérés kamar jeung sasapu hareupeun imah. Tuluy wé dilakonan da paréntah indung. Geus bérés mah tuluy gégéléhéan dina kasur.

Poé Saptu kamari, kuring jeung dua sobat kuring, Adi katut Ujang, keur hoghag di kamar Ujang. Maranéhna ngarencanakeun rék ulin ka kota Bandung. Ari kuring hayang ka nu itu, Adi hayang ieu, ari Ujang hayang éta.

Pukul satengah satu kuring jeung dua sobat aya di gedong anu gedé. Warnana bodas, aya manuk garudaan. Kuring teu apal kana éta gedong téh. Nu nyaho téh ngan Monumén Perjuangan Rakyat Jawa Barat.

“Ari itu naon gedong anu aya lalancip di luhurna?” kuring nanya bari molohok bakat ku panasaran.

“Ih, enya itu naon? Kuring gé teu apal,” ceuk Adi bari melong ka eta gedong.

“Eta téh Gedong Saté anu pasti dibangun jaman baheula,” jawab Ujang, da apal manehna mah.

Bérés ti Gedong Saté, kuring jeung dua sobat balik deui ka kamar masing-masing. Ngarah bisa gogoléhéan jeung dahar heula bisi kencot beuteung. Mun geus bérés dahar ka lantéy pangluhurna, urang ngojay.

Nepi lantéy pangluhurna, Adi mah geus ancrub kukucupakan di kolam renang. Ari kuring jeung Ujang mah kakara nepi.

“Jang, ngojayna jadi moal?” kuring nanya.

“Hayu, sok manéh heula ngajleng!” jawab Ujang.

Teu basa-basi deui, gujubar kuring jeung Ujang ngajleng ka jero kolam.

“Tiris geuning caina, urang hanjat deui, yu!” kuring ngajak kanu séjénna, bakat ku tiris.

“Tiris gé henteu, éta mah maneh wé anu kakara ancrub ka jero kolam. Geuning urang mah teu tiris da tatadi,” jawab Adi anu geus lila di dinya.

Bérés ngojay, kuring jeung dua sobat baralik deui ka kamar masing- masing. Panonpoé geus surup, nempo jam geus satengah lima, geus waktuna pikeun siap-siap ngalaksanakeun solat magrib.

*

Poé isukna, Adi jeung dua sobatna teh ngabadamikeun arék ulin ka mana deui. Adi hayang ka taman kaulinan anu deukeut minimarket. Kuring hayang ka mol. Ari Ujang mah nuturkeun kamana-mana gé, daékeun asal dahar heula saméméh mamangkatan.

“Urang dahar heula bisi engké beurang kencot?” tanya Ujang.

“Hayu urang mangkat, ceunah arék dahar,” jawab kuring jeung Adi.

Tuluy bae ka handap. Ka mol heula nyumponan kahayang kuring. Ké tas ti mol rek ka tempat kaulinan, rek ulin-ulinan saperti enjot-enjotan, sosorodotan, aayunan, jeung nu séjénna deui. Loba pisan.

Tuluy wé indit ka mol. Di perjalanan, kuring ngomong rék meuli jajaneun jeung alat alat tulis sakola.

“Meuli naon deui? Sok, Bi, bisi geus balik engké ménta anteur deui!” tanya Ujang jeung Adi.

“Tungguan wé di luar, moal poho ieu nu rék dibeuli!” jawab kuring.

“Geus acan? Mani lila, geus aya 5 menit mah!” tanya Adi bari beungeutna semu keuheul.

“Kéla, keur dibayar,” jawab kuring ka Adi.

Bérés nganteur kuring, tuluy mangkat ka warung leutik. Rék meuli inumeun tikoro garing, hayang nginum nu seger-seger.

“Jang, nginjeum duit sarébu. Aya euweuh? Hayang meuli minuman, ngan duitna dina kantong leutik,” ceuk Adi, beungeutna semu pias saeutik.

“Aya yeuh sarébu éwang. Kuring gé mawa dua rébu,” témbal Ujang bari seuri saeutik.

Lantaran geus adan lohor, kuring jeung dua sobat baralik deui ka kamar masing-masing, rék solat lohor heula.

Ujang nyampeur ka kamar kuring ku cara mencét bél. Tuluy nyampeur Adi. Ti dinya marangkat deui ka handap, rék ka tempat permainan anu aya sosorodotanana téa.

Geus nepi di tempatna Ujang langsung lumpat kana sosorodotan.

“Tuh pan, manéh mah cenah nuturkeun arek kamana-mana ogé. Warang wurung geus nepi ka tempatna mah pangriweuhna,” ceuk Adi bari melong kana beungeut Ujang

“Kuring kuring embé, embé kumaha kuring bé,” tembal Ujang bari beungeutna kaciri pisan bungahna.

Geus kitu kuring jeung dua sobat baralik ka kamar masing-masing, da geus burit. Jam setengah 4, waktuna solat asar.

Euweuh Béja

Ku Nazriel Ramadhan

SMP Mutiara Terpadu, Pelabuhanratu, Kab. Sukabumi

Poé Senén, sanggeus make sapatu, jung si Putra nangtung. Ngucapkeun salam ka indungna bari muka gerbang imahna. Teu poho manéhna nyampeurkeun sobatna, si Adit.

“Adit, hayu urang ka sakola, geus beurang yeuh!” ceuk si Putra bari ngagorowok.

“Nya hayu, kuring gé mah geus siap,” jawab si Adit bari maké sapatu.

Basa éta dau budak rék ka sakola, si Adit ingeteun ka babaturanana nu geus lila teu asup sakola.

“Putra, manéh nyaho si Dika kamana? Asa geus saminggu manéhna teu sakola,” ceuk Adit.

“Teuing Dit, kuring gé teu apal si Dika kamana. Padahal kuring geus sababaraha kali nyampeur ka imahna, tapi euweuh sasaha,” jawab si Putra.

“Hmm..., kira-kira kamana, nya? Di kelas ogé euweuh katerangan manéhna ka mana,” ceuk si Adit semu panasaran.

Nepi di sakola, si Adit masih kénéh panasaran ka si Dika, lantaran manéhna leungit euweuh béja. Ceuk barudak mah si Dika téh eureun sakola, lantaran teu mampu mayar SPP.

Jam istirahat si Putra rék ka kantin. Gék manéhna diuk dina korsi bari nyekelan botol cai. Teu lila jol si Adit nyampeurkeun.

“Woyy, Rahmat!” ceuk si Adit.

“Naon maksudna manéh nyebutan ngaran bapa kuring? Lamun rék heureuy tong nyebutan ngaran kolot. Manéh gé pasti teu tarima atuh lamun ngaran kolot manéh disesebut kos kitu,” témbal si Putra bari panonna molotot ka lebah beungeut si Adit.

“Nya hampura atuh, pira kitu gé manéh mah mani baperan,” ceuk si Adit kawas teu ngarasa salah.

“Teuing ah, manéh mah hésé dibéjaan téh. Jadi rék naon manéh ka dieu? Ngaganggu waé,” tanya si Putra.

“Engké balik sakola urang ka imah si Dika, yu. Kuring can nyampeurkeun ka imahna,” si Adit ngajak si Putra.

“Hayu waé kuring mah, tapi kumaha lamun euweuh sasaha di imahna? Imah si Dika téh pan rada jauh,” témbal si Putra.

“Nya teu ku nanaon. Sugan wé ayeuna mah manéhna aya di imah,” ceuk si Adit, keukeuh rék nyampeurkeun si Dika ka imahna.

Balik sakola, si Putra teu langsung ka imahna si Dika. Manéhna balik heula ka rék ganti baju sareng ménta idin ka indungna.

“Putra! Hayu atuh, mani lila pisan!” ceuk si Adit nu ti tadi nungguan di hareupeun imah si Putra.

“Nya hayu. Éh kéla, naha ari manéh teu ganti baju?” tanya si Putra.

“Embung ah, kuring mah rék langsung ka imahna si Dika,” ceuk si Adit.

“Jadi manéh teu bébéja heula ka indung?”

“Héhé..., henteu. Baé wé, moal dicarékan ieu da,” ceuk si Adit siga nu teu ngarasa salah.

“Teuing ah, manéhna mah sakitu geus SMP, tapi kalakuan siga budak SD. Hayu atuh urang kaditu, bisi kaburu burit” ceuk si Putra nu rada keuheul.

Ti imah si Putra ka imah si Dika téh rada jauh. Meunang lima belas menitan geus katémbong imahna si Dika. Imahna téh mani sepi siga nu euweuh sasaha.

“Dika! Dika!” si Adit ngagorowok nyampeur si Dika. Angger euweuh sasaha.

“Kumaha atuh ieu, euweuh sasaha geuning?” ceuk si Putra.

“Mani anéh pisan. Maenya geus sababaraha poé si Dika euweuh di imahna. Kolotna ogé euweuh deuih,” Si Adit masih kénéh panasaran.

Teu lila jol bapa-bapa nyampeurkeun si Putra jeung si Dika.

“Héh! Rék naon maranéh ka dieu?” panonna molotot ka lebah beungeut si Putra jeung si Adit.

“Abdi badé nyampeur Dika, Pa,” ceuk si Putra semu sieuneun.

“Si Dika jeung indungna geus diusir ti dieu lantaran maranéhna teu bisa mayar duit kontrakan. Geus, maranéh arindit ti dieu!” si Putra jeung si Adit diusir ku éta bapa-bapa.

Si Putra jeung Adit indit ti imah si Dika. Maranéhna bingung lantaran teu nyaho rék néangan si Dika kamana. Basa rék balik ka imah, katingal si Dika keur nyepengan karung.

“Dika! Manéh keur naon di dieu?” tanya si Putra.

“Putra, Dika, naha maranéh aya di dieu?” si Dika reuwas barang nempo babaturanana.

“Enya, tadi urang ka imah manéh tapi euweuh sasaha. Tapi tadi aya bapa-bapa ngomong ka urang, cenah mah manéh jeung indung manéh téh diusir lantaran teu mampuh mayar kontrakan?” ceuk si Putra.

“Enya Put, kuring jeung indung kuring diusir ti kontrakan. Indung kuring teu mampuh mayar kontrakan. Jualan indung kuring sepi, malah geus euweuh nu meulina,” ceuk si Dika.

“Oh, kitu, tapi kunaon ayeuna manéh mawa karung?” tanya si Putra.

“Kuring keur gawé, Put, ngalaan botol urut cai mineral supaya bisa dijual,” jawab si Dika.

“Naha manéh nu gawé?” tanya si Adit.

“Lamun henteu kuring, saha deui atuh? Indung kuring ayeuna keur gering, bapa kuring geus lila maot. Kuring hungkul hiji-hijina nu bisa jadi harepan kulawarga,” ceuk Dika. Cipanonna ngembeng siga nu rék ceurik.

“Nya geus atuh Dik, urang baralik heula. Kuring bisi ditéangan ku indung. Hampura kuring teu bisa mantuan manéh ayeuna,” ceuk si Putra.

“Teu nanaon, Put, sok wé rék baralik mah. Sakeudeung deui adan magrib,” ceuk si Dika. Manéhna gé siga rék balik.

Di imah, si Putra nyaritakeun kajadian tadi ka indung-bapana. Ngadéngé kitu, bapana hayangeun mantuan kulawarga si Dika. Bapana si Putra rék ngabiayaan kontrakan si Dika jeung méré modal usaha ka indungna. Jeung rék ngabiayaan sakola si Dika deuih.

Isukna, si Putra jeung Adit rék nyampeurkeun si Dika ka kontrakanana.

Katingal si Dika nu geus teu nyepengan deui karung. Manéhna nyampeurkeun barinangkeup si Putra.

“Nuhun nya, Put, lamun euweuh manéh, pasti kuring moal bisa sakola deui. Nuhun deuih ka bapa manéh nu geus ngabiayaan sakola kuring,” ceuk si Dika.

“Sami-sami Dik, pan manéh téh babaturan kuring ti baheula, jadi kuring kudu ngabantuan,” ceuk si Putra.

Si Dika masih kénéh nangkeup si Putra. Teu lila cipanonna merebey ngabaseuhan pipina.

Geuningan

Ku Jihan Aurora Effendi

SDN 1 Kersamanah, Kersamanah, Kabupaten Garut

“Har, naha geulang nu dipaké ku éta budak jail sarupa jeung geulang nu dipaké kuring?” tanya Nazwa di jero haté, panasaran. Umur éta budak lalaki jigana dua nepi ka tilu taun leuwih kolot ti Nazwa. Nyekel patlotna sarua ku kénca, mun rék dahar sarua sok ngalamot heula uyah jeung sababaraha rupa kabiasaan Nazwa nu mirip jeung manéhna.

Lima poé ieu Nazwa jeung 23 budak séjénna nu pernah juara Carpon FTBI di Tingkat Provinsi Taun 2023 diundang kana kagiatan di Bandung raraga “Kémah Sastra Bengkel Penulisan Cerita Pendek Berbahasa Daerah Tahun 2024”, pédah manéhna juara ka-2 Tingkat SD, wawakil ti Garut. Nazwa ka Bandung dibaturan ku Bu Mia, guru nu salila ieu ngaping nulis carita pondok. Saméméh mangkat ka Bandung, Nazwa teu poho ménta du’a ka indungna.

“Awa, omat tong kakantun netepan nya salami di Bandung téh,” kitu sebutan kadeudeuh indungna ka Nazwa, bari loba papatah sangkan anakna jadi budak soléh.

“Muhun siap atuh Mah, cariosan Mamah bakal diémot-émot,” jawabna bari nangkeup ka indungna semu ogo.

“Ulah ical nya éta geulang ti Mamah, ngan éta-étana titinggal bapa hidep nu nyésa saatos kacilakaan mobil nu asup kajurang 11 taun katukang,” katingali dina panonna ngembeng nahan kasedih. Kawas ngabayangkeun kajadian los erém di Jalan Cadas Pangeran nu geus misahkeun jeung salaki, oge budak cikalna nu lalaki, bari indung Nazwa téh keur kakandungan geus pibulaneun. Nepi ka ayeuna teu aya béja. Kitu deuih can kapanggih layonna. Ceuk pulisi mah mobilna geus kaduruk, kitu oge nu di jero mobil.

“Bahan naon geulang ieu téh, naha aya gambar soang, Mah?” tanya Nazwa sangkan kasedih indungna palér, bari nyabakan geulang dina leungeun katuhuna.

“Geulang éta mah moal aya jualanana di toko mana waé gé, ngahaja bapa hidep pesen ka tukang pérak di Bali basa keur Mamah jeung bapa anyar nikah. Nyeunna

sapasang, gambar soangna hiji séwang. Mun diantelkeun jadi ngahiji da aya magnetan, nyirikeun Mamah jeung bapa téh abadi, satia, jeung teu bisa dipisahkeun,” kitu omongan indungna bari angger nahan kasedih. Tungtungna teu kuat nyurucudkeun cimata, ngedalkeun kanyeri nu mangtaun-taun ditahan sangkan katingali kuat hareupeun budak bungsuna.

“Atos ah, tong sedih kitu, Awa sok ngiring hoyong nangis!” ceuk Nazwa nu sok ngahibur dirina.

“Héh Dodol, punten pangnyandakeun patlot di handap!” éta budak jail téh ngaharéwos kana gigireun ceuli, ngabuyarkeun lamunan Nazwa nu keur nginget-ninget lalakon indung-bapana.

“Naon atuh, éta mah ku sorangan gé bisa?” ceuk Nazwa rada nyorongot.

“Éh, sing sopan atuh ka nu gédé téh!” pokna bari nangtung tuluy nepak dada.

Nazwa ngan molotot semu keuheul ka éta budak lalaki, “Kakara gé poé kahiji, aya wé anu pikeuheuleun téh,” ceuk Nazwa di jero haténa.

Budak lalaki anu pikasebeleun éta téh ngarana Réndi. Manéhna geus nincak kelas 2 SMP wawakil ti Kota Bandung. Réndi gé juara ka-2 carpon, sarua jeung Nazwa, kabeneran kamarna pagigir-gigir di lantéy 5. Jam geus nuduhkeun pukul satu, kabéh pamilon nu ngiluan kémah sastra dititah solat tuluy dahar ka résto nu aya di hotel. Nazwa kabeurangan dahar sabab mandina lila, tungtungna ditinggalkeun ku Bu Mia. Nazwa gura-giru naék lift pédah geus diteleponan ku Bu Mia.

Basa Nazwa keur nungguan panto lift muka, aya sora nu lulumpatan ti tukangeunana. Jalma éta deui geuningan, jigana sarua kabeurangan.

“Éh, aya si Dodol!” ceuk Réndi, kaciri jiga ngahaja nyieun kesel ka Nazwa. Nazwa ngan ngabalieur hungkul, bari keuheul aslina mah ka Réndi téh. Panto lift geus muka, Nazwa buru-buru ka jero lift dituturkeun ku Réndi. Salila di jero lift euweuh anu miheulaan ngomong. Teuing ku naon Réndi resep ngajailan Nazwa. Manéhna noél tuluy api-api euweuh kajadian nanaon.

Nazwa anu ngarasa teu ngeunah ngan molotot bari pok ngomong, “Cicing atuh! Naon sih, tong...” can gé manéhna bérés ngomong, panto lift geus muka. Nazwa buru-buru kaluar tina lift, embung papanggih deui jeung budak bengal éta.

Sabérésna dahar, pamilon baralik deui ka rohangan anu tadi dipaké jang nepikeun matéri.

“Éh, Dodol...!” ceuk Réndi ngaheureuyan Nazwa deui. Teuing kunaon éta budak ku resep-resep teuing ngotélan Nazwa nu judes jeung babari ambek. Nazwa ngan ngangkat halisna hungkul, da teu hayang némbalan pananya Réndi. Di dinya Réndi ngan seuseurian. Matak Nazwa ngerungkeun tarang jeung halis teu ngarti kana kalakuan jailna.

Sabérésna matéri sakabéh pamilon diistirahatkeun da tos tabuh salapan.

“Huh.. poé ieu karasa pisan capéna,” gerentes Nazwa nu katingali lungsé tapi bungah sabab bisa meunang élmu anyar dina kagiatan kemah sastra ti sastrawan hébat nu geus kakoncara pangabisana di dunia sastra, di antarana Mang Opang, Kang Dadan Sutisna, sareng Kang Cecep, nu sadayana idolana Nazwa. Di jéro lift, Bu Mia, Nazwa, Réndi, jeung Pa Ahlan, keur nungguan panto lift muka da hayang geura ngagolér.

“Tung...” tanda panto lift kaluar. Saurang-saurang kaluar tina lift bari rada nundutan, geus katémbong ayeuna mah waktuna istirahat.

Bu Mia jeung Pa Ahlan, arasup ka jero kamarna séwang-séwang. Réndi jeung Nazwa mah masih kénéh cicing di lawang panto kamar bari pahareup-hareup, jiga nu rék ngomong anu sérius. Geus sababaraha lila can aya nu miheulaan ngomong. Tungtungna, Réndi nu ti heula ngomong.

“Naha geulang nu dipaké téh sarua jiga nu dipaké ku kuring?” tanya Réndi nu pinuh kapanasaran.

“Ceuk indung kuring gé, mun teu salah geulang ieu téh ngan aya hiji-hijina, pédah ieu mah dipesen pun bapa husus. Naha nu anjeun ogé bisa sarupa?” Nazwa malik nanya, panonna nyorot serius hayang jawaban nu pasti.

“Puguh kuring gé meunang geulang ieu ti pun bapa, kitu ogé nyaritana. Matak naha éta geulang bisa sarupa kitu, ti mimiti bahanna, ukiran soangna, jeung warna anu sarupa euweuh nu kaliwat,” ceuk Réndi, sarua bingungna.

“Manéh boga indung jeung bapa teu?” Nazwa nanya, geus panasaran pisan ti mimiti panggih gé.

“Bapa mah aya, ngan saurna can pernah pendak deui sareng pun biang. Ti harita sanggeus jadi cacad téh,” ceuk Réndi bari nahan ceurik.

“Aya hiji cara anu bisa ngabuktikeun yén geulang ieu téh sapsang atawa lain,” ceuk Nazwa ngomongna serius pisan.

“Kumaha carana?” tanya Réndi panasaran.

“Ceuk indung kuring mah, geulang anu sarupa bisa napel mun diantelkeun sabab aya magnétan,” ceuk Nazwa hayang geura ngabuktikeun anu sabenerna.

Tuluy teu kungsi lila geulang nu aya dina leungeun masing-masing dideukeutkeun, rada diantelkeun.

Buricak téh hurung, caang ti tukangeun Nazwa jeung Réndi. Les... Nazwa jeung Réndi leungit, jol aya di tempat anu teuing di mana. Nazwa jeung Réndi papelong-pelong, pacekel-cekel leungeun bari sieun. Geuning éta tempat téh wawuh pisan. Ceuk Nazwa mah di hareupeun imahna, ngan jiga keur jaman baheula.

Teu lila aya sora, “Bapa abi hoyong ngiring,” ceuk budak lalaki nu jigana karak 3 taunan.

“Tong ngiring bageur, Mamah teu aya réncang di bumi!” ceuk awéwé nu keur kakandungan bari ngolo, ngusapan anakna.

“Hayu Jang, ngiring wé sareng Bapa urang nganteurkeun dodol ka Sumedang!” tembal bapana ngabungahkeun anakna.

Nazwa jeung Réndi ujug-ujug ngaleungit, jolna dina jero mobil si Bapa nu mawa budak leutik tadi. Jigana mah jalan nu keur diliwatan téh Jalan Cadas Pangeran tempat bapa jeung lanceuk Nazwa kacilakaan baheula.

Gebrét hujan, angin ngagelebug dibaturan ku sora guludug nu tingjelegur, jiga sora bom dina pilem perang. Tingkolébat hurung kilat di langit, poék kabanjur hujan ngagebrét, katingalina tingburicak matak keueung.

“Bapa, sieun...,” ceuk éta budak ngageubig-geubig leungeun bapana, pepereket ceurik teu eureun-eureun.

“Moal nanaon, Jang, tong nangis. Ieu aya Bapa,” témbalna ngareugreugkeun budakna.

Seleyeng-seleyeng téh, teuing ku naon éta mobil leupas kadali, jigana mah los erém. Nazwa jeung Réndi nu aya dina jero mobil ngarasa sieun, silih tangkeup ngagoak bari ngado'a. Éta mobil nabrak sisi jalan, asup kana jurang Cadas Pangéran.

Nazwa jeung Réndi ngagaroak, tipepereket silih tangkeup, bari peureum bakating sieun mobilna hiber tuluy murag kana jurang. Asa keur naék jétkoster di Dupan.

Buricak caang di sakurilingeun awak duanana, kabetot kana rohang waktu. Duanana murag deui ka hareupeun kamar hotél.

“Astaghfirullah Aa., hidep téh raka Awa!”

Nazwa nangkeup lanceukna, bari ceurik nyegruk teu eureun-eureun.

“Muhun, Wa, alhamdulillah Alloh tos nepangkeun urang duaan di dieu,” jawab lanceukna bari angger ngilu ceurik bari ngusapan adina pinuh kanyaah.

“Kumaha mun enjing waktu istirahat urang ijin jang mendakan Bapa? Kabeneran Bapa dagang mie ayam di hareupeun Gedung Saté, deukeut pisan ti Hotel Tebu mah,” ceuk Réndi miharep Nazwa narima tawaranana.

Nazwa unggeuk, tuluy asup ka jero kamar, da geus ditungguan ku pangaping séwang-séwangan.

Isukna Nazwa jeung Réndi naék angkot ka arah Gedung Saté. “Assalamu’alaikum, Bapa!” Réndi uluk salam bari nyolongkrong ngajak sasalaman, dituturkeun ku Nazwa.

“Éh Réndi, atos bérés acarana?” tanya bapana bari nangkeup semu hayang cirambay.

“Teu acan, Pa, hoyong améng wé ka Bapa. Sono abi téh, Pa,” jawab Réndi bari imut.

“Ieu saha Rén, mani geulis kieu?” tanya bapana bari nangtung dibantuan ku tongkat.

“Ieu téh Nazwa, Pa,” walon Réndi.

“Éh mani geulis kieu, mirip nya siga indung hidep?” ceuk bapana Réndi anu keur ngusapan emun-emun Nazwa.

“Bapaaaa...!” gabrug Nazwa ceurik nginghak kana lahunan bapana. Geus teu kuat ti tatadi hayang nangkeup jalma nu salila ieu dipikasono.

“Mamaaaah, geuningan pun bapa téh masih aya.....”

Hampura

Ku Mikhail Muazzam Al Jabari
SMPN 1 Jatinangor, Kabupaten Sumedang

Kuring téh Azka. Umur dua belas taun. Kelas 5 di SD Cikeruh 2. Ema téh tukang dagang ciréng. Sedengkeun bapa mah teu puguh gawéna. Ku kituna ékonomi kulawarga kuring mah kaasup anu pas-pasan pisan.

Kamari di sakola, guru ngumumkeun bakal aya FTBI. Salah sahiji mata lombana nya éta ngarang carpon. Kuring kabita, terus kuring nyarios ka Bu Guru. “Bu, kuring hoyong ngiringan lomba FTBI,” ceuk kuring.

“Rék miluan nu mana, rék biantara, ngadongéng, atawa naon?” ceuk Bu Guru.

“Badé ngiringan lomba nulis carpon Bu,” ceuk kuring.

“Mémang bisa kitu nyieun carpon?” ceuk Bu Guru.

“Tiasa!” ceuk kuring pondok.

“Ah, nu bener?” ceuk Bu Guru siga nu teu percayaeun.

Kuring ukur unggeuk. “Nya enggeus atuh, coba nyieun heula conto carponna terus isuk kaibukeun!” ceuk Bu Guru.

Sabalikna ti sakola, di imah kuring sumanget pisan rék nyieun carpon, tapi lila-lila mah geuning nyieun carpon téh hésé pisan. Tungtungna kuring bingung. Pas keur kitu, ujug-ujug aya nu disada nit-nitan. Ah, pulsa listrikna béak. Pes listrik pareum. Ayeuna mah ema jeung bapa boro-boro bisa meuli pulsa apan keur dahar ogé mani hésé. Jadi wéh poék.

Isukna kuring digeroan ku Bu Guru. “Mana Azka conto carpon téh?” ceuk Bu Guru.

Kuring tungkul. Bu Guru nanya deui, “Héy mana conto carpon téh?” katingal ku kuring Bu Guru semu nu kesel jeung ambek.

Kuring ngomong lalaunan bari tungkul, “Punten, Bu, abdi teu tiasa ngadamel carpon téh.”

“Lah, ongkoh bisa tapi buktina?” ceuk Bu Guru deui bari nyentak.

“Bu, wios teu upami abdi dilatih heula ku Bu Guru ngarang carponna?” ceuk kuring ngalengis. Ahirna Bu Guru satuju kana paménta kuring. Kuring seuri.

Peutingna kuring di imah langsung ngarang carpon. Alhamdulillah sanggeus latihan jeung Bu Guru mah geuning lancar nyieun carpon téh. Sok sanajan ngan ukur dicaangan ku lilin.

Isukna kuring teu ngadagoan ditéang, tapi kuring anu néangan Bu Guru. Pas geus panggih jeung Bu Guru, kuring langsung mikeun carpon téa. Sanggeus Bu Guru maca carpon kuring, katingal anjeunna seuri. Geus kitu anjeunna nyarios ka kuring, “Alus tah carpon téh, tapi bakal leuwih alus deui lamun terus latihan.” Kuring bungah nampa pamuji ti Bu Guru.

Poé Senén der lomba téa lumangsung. Sateuacan mangkat kuring bébéja ka ema. “Ma, do'akeun abdi nya. Ayeuna abdi rék miluan lomba nulis carpon. Lamun juara cenah engké bakal dibéré hadiah duit. Tah mun abdi meunang, engké duitna keur Ema. Keur modal dagang ciréng, anu ayeuna Ema teu dagang sabab béak modalna.” Ema saukur ningali ka kuring bari siga nu rék ceurik. Ema unggeuk.

Lomba téh geus prung dimimitian. Waktuna kacida panjang pisan. Kurang leuwih tilu jam. Tapi teu burung carpon téh bérés ogé. Sok sanajan kuring ngarasa dung-deng lieur jeung puyeng.

Waktu pengumuman lomba rék dibuka kuring deg-degan teu puguh rarasaan. Mimiti diumumkeun juara harapan katilu, tapi lain ngaran kuring. Tuluy juara harapan dua jeung juara harapan hiji, sarua lain ngaran kuring ogé. Aya bungah aya sedih. Suga waé aya milik juara kahiji. Sanggeus juara katilu diumumkeun kuring beuki teu puguh rarasaan. Keur kitu ngadadak suku kuring katincak ku bapa guru anu gendut nu rusuh ngaliwat. Duh karasa nyerina nepi kanu angen.

Ahirna kadéngé deui sora pengumuman. Euleuh enya waé kuring ngan jadi juara kadua. Nu matak nyeri haté téh sabab juara kahiji jumlahna 791 sedeng kuring 790. Ah, mani sebel, hayang ngamuk, hayang najong bangku, jeung hayang ngababétkeun kantong. Padahal nya juri téh sing karunya ka kuring, jadikeun kuring nu kahiji.

Bu Guru ngagabrug ka kuring. Anjeunna bungaheun pisan kuring jadi juara ka dua téh. Sabab cenah latihanana gé ngan sakeudeung. Tuluy taun hareup cenah aya kénéh kasempetan pikeun jadi juara.

Kuring mah cicing ngajanteng siga patung teu ngomong ogé teu oyag. Kuring nahan ceurik. Sabab kuring teu bisa méré bukti ka Ema.

Kuring angger cicing waktu Bu Guru nitah ka kuring nampa piagam ka hareup. Keur kuring salambar piagam euweuh hartina. Komo keur Ema mah.

Hanjakal

Ku Salma Laila Azka

SDN 1 Pangkalan, Langkaplancar, Kabupaten Sumedang

“Ih, na sapatu téh di mana dih? Geuning euweuh waé geus dikoréhan di mamana gé!” ceuk Béni bari ambek-ambekan. “Ma, di mana dih sapatu kuring? Cik atuh pangnéangankeun!” gawawak Béni ngagorowok bari semu nyarékan emana.

“Enya kéla sakedap Jang, Ema nuju masak heula,” témbal emana.

“Ayeuna wé atuh geuwat, tuh geus beurang!”

“Uhun, sabar da moal kabeurangan ieuh,” emana némbalan mani leuleuy.

“Lah boro-boro, karuh ayeuna gé geus satengah dalapan leuwih,” ceuk Béni.

“Yu, geuwat yeuh anteurkeun geus beurang!” Béni ngomong ka emana.

Nalika datang ka sakola, Si Béni geus kabeurangan lima belas menit. Manéhna gura-giru abus ka kelas. Geus nyampak guru keur diuk dina korsi.

“Geuwat abus! Tas ti mana heula, Bén?” Pa Komar nanya ka Béni bari melongkeun.

“Kapan taeun Pa, tadi sapatu abdi téh ical hég kalah milarian heula sapatu,” témbal Béni bari tungkul.

“Tuh, geuwat diuk ka ditu!” ceuk Pa Komar.

Tréng.... Tréng.... bél jam istirahat geus disada. Kabéh barudak kaluar ti kelasna. Keur istirahat, Béni indit ka kantin sakola. Di kantin barudak sakola jajan rupa-rupa kadaharan, ujug-ujug kadéngé sora ngajebét mani tarik. Horéng Béni neunggeul Rudi ku sabab Béni ngarebut jajanan Rudi da Béni mah embungeun antri, teu bisa ditahan deui budak dua éta teh garelut nepi ka beungeutna barengep.

Pas isukna, indung Béni dititah ka sakola da gara-gara kalakuan Béni ka Rudi.

“Ibu, maksudna ibu dipiwarang kadieu téh hoyong nyarios yén dinten kamari murangkalih ibu téh garelut sareng babaturanna di kantin sakola,” ceuk kapala sakola.

“Muhun Bapa hapuntenna da éta mah sesah pisan diaturna,” témbal indung Béni.

“Enya ari atos watekna kitu mah, mung kahoyong téh cobí dicariosan bé di bumi!” kapala sakola ngomong deui ka indung Béni.

Pas Béni geus balik sakola ku indungna digeroan.

“Jang, kadiieu geura sakedap!” ceuk indung Béni.

“Naon dih, Ma? Ngaganggu pisan!” témbal Béni bari semu popolotot. Indung Béni ngomong mani salemes-lemesna, ari ku Béni dijawabna kasar pisan.

“Uhun nyah Ujang garelut di sakola?” ceuk indung Béni.

“Na dih Ema apal ceuk saha?” Béni kerung.

“Henteu, kapan tadi Ema digeroan ka sakola,” témbal emana.

“Lah gandéng, kumaha uing wé!” ceuk Béni ka indungna.

Isukna, Béni geus indit ka sakola. Keur di tengah-tengah pangajaran, Béni dibawa ku Kang Dédén, lanceukna Béni, ka rumah sakit. Da cenah indungna gering ngadadak. Tapi, pas keur di jalan aya nu nelepon ka lanceukna Béni ti pihak rumah sakit.

“Pami ieu leres ti keluarga Ibu Jojoh?” ceuk pihak rumah sakit.

“Muhun, kumaha kitu manawi Pa?” walon Kang Dédén.

“Ieu Ibu Jojoh tos ngantunkeun bieu pisan,” ceuk pihak rumah sakit.

Kang Dédén geuwat-geuwat gancang nyokot motorna. Pas nepi di rumah sakit manéhna langsung ka ruangan emana jeung si Béni langsung nangkeup ka emana.

“Ema... hampura pisan, abdi teu tiasa nungkulan Ema,” ceuk Béni bari ingsreuk-ingsreukan ceurik. “Abdi mani hanjakal pisan kapungkur sok ngalawan ka Ema. Ayeuna Ema kalah tos ninggalkeun abdi.”

“Ema, abi ogé nyuhunkeun dihampura teu tiasa nungkulan Ema,” ceuk Kang Dédén bari nangkeup kénéh emana.

Ema Béni dibawa ka imah kana mobil ambulán. Ayeuna geus bérés dimandian. Tinggal disolatan. Saenggeus disolaran, Béni jeung lanceukna tuluy milu ngurebkeun emana. Keur ngurebkeun, Béni gogoakan di dinya.

“Dé, entos ihlaskeun wé da moal tiasa diulang deui,” ceuk Kang Dédén, tapi ku Béni teu didéngé da kaayaan teu sadar téa.

Geus bérés ngurebkeun emana, kabéh jalma baralik. Pas keur di imah, si Béni hayoh waé hulang-huleng.

“Dé, kunaon dih hayoh waé ngahuleng?” ceuk Kang Dédén.

“Hah, ah henteu, Kang!” walon Béni bari siga nu ngarénjag. “Kang, ari Ema bakal ngahampura abdi moal nya pédah abdi sok ngalawan waé?”

“Bakal insyaAlloh. Do’akeun wé Ema sing jadi jalma anu bagja!” témbal lanceukna bari ngusapan taktak si Béni. “Sok wé ayeuna mah sing sobar.”

“Duh, mun waktu bisa diputer deui ka tukang, kuring mah arék ngabakti ka nu jadi kolot. Arék jadi jalma anu bageur. Moal ngalawan. Ah, atuh ti mimiti isuk mah rék ngajaran ngarobah sikap urang anu asalna goreng patut rék jadi leuwih soléh. Rék leuwih rajin sugan wé ku ngarobahna abdi. Ema di alam kubur atoheun nempo abdi jadi leuwih bageur,” Béni ngagerentes di jero haténa.

Juara

Ku Cincin Elsia Joya
SMPN 2 Tanjungsari, Kab. Sumedang

Duk! Sora mastaka anu tijedug kana meja. Dira ngajéréwét nyeri bari ngusapan tarangna, leungeunna nu katuhu masih kénéh nyepengan pulpén. Ngarérét ka sisi, rék ningali jam. Geus jam hiji peuting.

Rét deui kana bukuna, ningan acan bérés. Karék meunang tilu kaca, tapi da mun diteruskeun, isuk rék sakola, pikirna.

Isukna Dira indit ka sakola leumpang. Pas karék gé rék asup ka gerbang, aya nu ngajorowok nyebut ngaranna. Dira malik manggihan Nindi, sobatna.

“Dir, manéh ni jiga nu teu sare lima poé,” Nindi melong kana mata panda anu katingali jelas di handapeun mata Dira.

“Baé, bukti perjuangan,” bales Dira bari nyengir.

Nindi nyiwit leungeun Dira laun, “Lain kitu, berjuang mah nya berjuang, tapi nya teu nyiksa diri ogé!” nu duaan tuluy leumpang.

“Nya kumaha rék teu nepi ka nyiksa diri mun urang éléh waé ku kembaran manéh mah, Nin?”

“Éléh gé ari béda hiji tingkat mah nya baé wé atuh Dir, daripada nyiksa diri. Tah, tingali éta mata panda, panda gé jigana sirik nempo mata manéh!” ceuk Nindi bari tutunjuk. Dira mah ukur seuri.

Nepi ka kelas, Dira jeung Nindi langsung diuk dina bangku masing-masing. Da di SMP Dira mah sabangku téh ukur sorangan.

“Ulangan seméster hiji téh téréh, Nin. Manéh gé kuduna geura diajar. Lainna maén waé HP!” ceuk Dira bari ngaluarkeun buku palajaran.

Nindi nu diuk di tukangeun Dira, nu langsung muka HP, ngadangu éta ngan melong ka Dira reuwas.

“Titisan Limbad nya manéh, naha bisa apal?”

Dira melong ka Nindi horéam, “Watek manéh ti kelas tujuh geus kitu, Nin.”

Nindi ngan nyengir, “Ah, da urang mah teu kacanduan peringkat jiga manéh atawa Andi. Abus sapuluh besar gé urang mah geus alhamdulillah.”

“Naon ngomongkeun?” kadéngé sora tukangeun Nindi, deg téh Nindi reuwas, HP anu dicekelan nepi ka téréh murag.

“Manéh mah, Di, ngareureuwas waé, héran!” Nindi melong ka Andi kesel, katingali halisna kerung.

“Éh, urang leuwih kolot ti manéh nya, kuduna gé nyebut téh Aa!” Andi néké tarang Nindi nepi ka aduh alah, laun sabenerna mah, ngan Nindi na wé lebay.

Andi melong geuleuh ka Nindi, tuluy melong ka Dira anu keur nyeungseurikeun éta duaan.

“Ey, karék nyaho di sakola aya panda. Panda naon eung, belang atawa beureum?” ceuk Andi heureuy bari nyiku Dira.

“Kumaha atuh réngking hiji téh, teu bisa ngabédakeun panda belang jeung panda beureum?” Dira balik nyiku Andi.

Andi ngan ukur seuri, tuluy nyimpen kantongna di korsi anu aya di gigireun Dira.

“Aduh, huuh eung, kumaha atuh nya, réngking hiji téh éléh ku nu réngking dua?” témbal Andi sarkas ka Dira.

Dira nu ngadangu éta melong kesel ka Andi, leungeunna tipepereket nahan ambek. Dira paling teu resep mun aya anu nyénggol perkara réngkingna.

Ti saprak Andi pindah ka kelas Dira, Dira nu biasana aya diposisi paling luhur di antara para murid, kagésér ka posisi kadua. Dira anu boga sifat *kompetitif* jelas embung kaéléhkeun ku ayana Andi di kelas.

Tapi sakumaha Dira berjuang, posisi kahiji téh asa kalah beuki ngajauh ti leungeun Dira. Beuki hésé dihontal ku manéhna. Sifat pesimis mulai kaluar. Manéhna mimiti mikiran kamampuh manéhna.

Enya gé ngabalad jeung Nindi, salaku kembaran atawa adina Andi, angger wé dina jero haté na, aya rasa keuheul jeung teu resep ka Andi.

“Émang kuduna urang nu aya di posisi kahiji téh, manéh datang jol langsung ngarebut,” ceuk Dira kesel, kadéngé tina sorana nu ngageter.

“Lah, berarti manéh anu bodo kénéh, Dir. Mun sakirana teu narima, sok atuh usaha deui!” omong Andi nyapélékeun Dira. Nindi anu ngadangu éta nyoba nenangkeun situasi.

“Éh, eunggeus atuh! Éra ditingalikeun ku batur.”

Karék ge Andi rék ngabales omongan Nindi, guru basa Sunda, anu ngajar di jam kahiji kaburu abus ka kelas.

“ Héy, héy, atos. Sok caralik! Énjing kénéh ni tos raribut.”

“Tugas anu ku ibu pasihkeun kamari aratos teu acan?”

Murid téh bareng ngajawab éntos. Bari aya nu ngacungkeun bukuna.

Dira mukaan kantongna, leuleus. Salah mawa buku, kalah mawa buku palajaran basa Inggris.

“Sok, anu atos kempelkeun di payun!” ceuk ibu guru. Andi, Nindi, jeung anu lianna maju ka hareup. Iwal ti Dira sorangan. Deg reuwas, ukur manéhna sorangan nu teu ngumpulkeun.

“Dira? Teu acan?” ceuk guruna bari melong ka Dira.

“Bukuna kakantun, Bu, abdi lepat ngabantun buku.”

Bu guru ngan gigideug, “Matakna siapkeun ti wengi keneh, geulis. Kumaha réngking dua téh? Sok ayeuna mah, wayahna di luar nepi jam ibu beres!”

Dira unggeuk, da kumaha deui. Maenya rék ngalawan ka guruna. Dira melong ka lebah Andi. Katingali Andi seuri, nya puguh nyeungseurikeun Dira. Beuki wé keuheul Dira ka Andi.

Sabulan sateuacan ulangan seméster ganjil, Dira téh ngerem manéh di kamar. Jarang kaluar. Ngerem téh lain pédah déprési. Pédah diajar teu eureun, kaluar téh mun lapar wungkul.

Ulangan bisa dilakonan ku Dira kalayan lancar. Pédé manéhna bisa meunang ngalawan Andi ayeuna mah. Yakin manéhna bisa balik ka posisi anu asalna milik manéhna.

Ayeuna bagéan pembagian rapot. Dira dag-dig-dug, naha bakal meunang atawa kalah éléh deui.

“Juara kadua di seméster ganjil ayeuna nyaéta, Putri Dira Nuraeni.”

Dira langsung leuleus ngadéngéna. Juara dua deui? Pikirna.

Nindi anu nyadar ningali éksprési Dira. Langsung ngusap taktakna.

“Dir, nu sumanget atuh aya kénéh seméster dua!”

Dira ngan cicing, masih kénéh ngahuleng yén manéhna téh gagal. Manéhna éléh deui.

Bérés dibagi rapot, Dira teu langsung balik ka imah. Manéhna leuwih milih cicing heula di taman. Manéhna diuk dina bangku anu aya di taman, bari melong ka handap. Teu kungsi lila aya anu diuk di gigireun Dira.

“Kumaha nya, Nin? Ni éléh waé urang téh ku si Andi.”

“Manéh mah bener nya titisan Limbad?” ceuk Nindi heureuy, sugan wé bisa ngahibur Dira.

“Ah, teu lucu Nin. Sedih kénéh urang mah.”

“Atuh mani enggeus. Dibéjaan aya kénéh seméster dua.”

“Da hayang na gé ti seméster ieu atuh, Nin. Seméster dua téh kasempetan terahir urang. Kumaha mun éléh deui waé?” Dira najong batu anu aya dihareupeunana.

“Aya kénéh ka SMA.”

Dira melong ka Nindi kesel, “Heureuy waé manéh mah, ah. Horéam.”

Nindi nyengir, “Éh atuh ulah kitu. Pan sobat.”

“Urang hayang ngéléhkeun Andi téh lain ku sabatas sirik wungkul, Nin.”

Nindi bingung ngadéngé omongan Dira, “Lah, lain pédah sirik wungkul? Alesan naon deui waé?”

“Urang téh haus validasi ti bapa.”

Nindi jempé, bingung kudu ngajawab naon. Geus wé diantepkeun Dira téh sina tuluy ngomong.

“Nyaho meureun manéh bapa urang kumaha. Urang téh hayang ngabuktikeun yén urang gé bisa jadi kareueus bapa.”

Nindi ngan unggeuk, katingali aya cimata anu ngembeng dina panon Dira, sirahna tungkul, taktakna oyag.

“Geus atuh ah, tong ceurik. Sok, usaha deui, da urang gé nyaho manéh bisa ngéléhkeun Andi!”

“Usaha kumaha deui atuh, Nin? Capé!” ceuk Dira nari ngelap cipanon dina pipina.

Nindi tuluy nangkeup Dira. Milu ceurik da Nindi mah babarian.

Bérés dibagi rapot téh, aya libur dua mingguan mah. Salila dua minggu éta, Dira teu eureun maca buku. Ti hudang saré nepi ka saré deui tuluy wé maca buku. Beuki hideung mata pandana, ngelemeng di handapeun matana.

Poé kahiji asup deui sakola, Nindi jeung Andi reuwas, ningali Dira robah. Jiga lain Dira anu biasa babarengan.

“Gelo manéh, Dir! Ieu mah geus tingkat nyiksa diri.” Ceuk Nindi.

“Parah manéh. Hayang abus rumah sakit manéh mah nya?” Andi nyampeurkeun ka korsi Dira.

“Gandénglah!” Dira ngaluarkeun bukuna.

“Lain kitu, Dir. Manéh sok ngaca tara? Libur dua minggu dipaké naon? Macaan buku?” ceuk Andi bari melong ka mata panda Dira anu geus parah.

“Mata manéh gé nepi ka beureum kitu, Dir!” Nindi miluan nyampeurkeun ka Dira.

Dira na mah ukur cicing, ngarasa yén manéhna téh capé. Tapi da kudu usaha, nepi ka abus rumah sakit gé hayu.

“Sabodo ah, pokona urang kudu jadi juara hiji seméster ayeuna,” témbalna.

Nindi jeung Andi ngan papelong-pelong. Bél disada, Andi jeung Nindi balik ka korsi masing-masing.

Beuki lila, Dira beuki parah. Katingalina téh jiga anu can pernah saré, tapi da dibéjaan sabaraha kali ogé angger wé kitu deui.

Ayeuna teu karasa geus abus seméster dua, geus ahir malah. Tinggal ngitung poé rék ulangan téh. Dira beuki kacida dina maca bukuna.

Pas pembagian rapot, Dira geus pasrah. Teu ngaharepkeun deui jiga kamari, da sieun kalah éléh deui waé. Geus capé.

“Juara kadua di seméster genap ayeuna, Mahendra Andi Dirnata.”

Dira reuwas. Teu salah ngadéngé? Manéhna langsung malik ka Nindi. Nindi ngan unggeuk.

“Juara kahiji di seméster dua ayeuna nyaéta, Putri Dira Nuraeni.”

Dira asa hayang ceurik, teu percaya. Ahirna manéhna bisa ngabuktikeun ka bapana yen manéhna masih mampu.

“Nindi! Urang juara hiji deui?” ceuk Dira marahmay bari nangkeup Nindi.

“Heem eung hebat. Jug geura telepon bapa téh!” Dira unggeuk.

“Nya atuh! Urang balik heula nya!” Dira langsung ngaléos indit.

Nindi nu ningali éta seuri, bungah baturanna bisa seuri deui. Teu jiga kawas kamari-kamari.

“Ditungguan jangjina. Urang geus ngéléhan, kan?” datang Andi ti tukangeun Nindi. Nindi reuwas, digebug leungeun Andi.

“Ni anggeur ari geus ngareureuwas téh! Heug, santai wé atuh karék gé karék.”

Dira di imahna teu eureun seuri, manéhna langsung nelepon bapana rék ngabéjakeun yén manéhna juara hiji. Ngaharepkeun manéhna bakal meunang pujian.

“Bapa! Abdi juara hiji deui,” ceuk Dira bari gumbira.

“Oh, nya. Alhamdulillah. Rék ngabéjaan éta wungkul? Bapa sibuk!” bapana Dira langsung mutus telepon.

Sawatara waktu Dira ngan ukur ngahuleng, manéhna mikir, mun manéhna bisa naék deui ka juara hiji. Bapana bakal muji ka manéhna tapi ningan teu kitu, boro-boro muji, nampa telepon ogé jiga anu teu iklas.

Dira ambek, terus ngalungkeun piala juara hijina nepi ka potong. Teu paduli éta hasil jerih payah manéhna ogé. Manéhna kacida ambekna, ngingetkeun kumaha bébéakanana usaha manéhna sangkan jadi juara.

Kahiji

Ku Arfa Farras Ayman

SMPN 2 Kota Bogor

Peuting-peuting Arfa jeung indungna keur nungguan pangumuman pasanggiri carpon bari diuk dina korsi di ruang tamu.

“Ma, sakedap deui mulai pangumunana, abdi deg-degan!” ceuk Arfa bari seuri.

“Enya, Dé, Ema ogé sami deg-degan! tapi lamun atos rejeki mah teu bakal ka mana, Dé!” ceuk indungna bari seuri ogé.

“Oh enya, Ma!” ceuk Arfa bari imut.

Di dinya Arfa ngarasa jiga rék pinunjul kahiji, tapi Arfa langsung ngomong dina haténa. “Ah, ulah ngarep teuing ah, jiga basa taun kamari!”

Taun kamari ogé Arfa ngiringan pasanggiri carpon. Basa keur di tingkat kacamatan, Arfa jeung babaturanana anu miluan carpon keur nungguan pasanggiri di hareupeun kelas, bari diuk dina handap tangkal. Gék maranéhna gé diuk.

“Arfa, engké urang ngadamel carpon lila teu nya?” ceuk Nasya.

“Cenah mah dua jam!” ceuk Arfa.

“Oh, kitu, nuhun nya!” ceuk Nasya.

“Enya, sami-sami!” ceuk Arfa.

“Pangumuman, pangumuman sakabéh pamilon pasanggiri carpon dipénta ngumpul di lapang! hatur nuhun,” ceuk panitia.

“Hayu Arfa urang ka lapang!” ceuk Nasya.

“Hayu!” ceuk Arfa.

Brug aya sora anu labuh.

“Ari Arfa ku naon bisa labuh, nyeri teu?” tanya Nasya.

“Teu euy tisolédát! Teu nyeri,” Arfa seuri.

“Ayeuna mah urang ka lapang wéh nya!” omong Nasya.

“Enya!” jawab Arfa.

Berebet maranéhna lumpat. Teu kungsi lila Arfa jeung Nasya ngajajar di lapang babarengan jeung pamilon séjénna. Di dinya para pamilon ngajajar mani lila pisan, ku sabab panitiana anu lila.

“Ka mana ieu téh panitiana, cenah mah kudu ngumpul di dieu!” ceuk Arfa.

“Enya, ieu kalah ka ngalilakeun panitia téh!” ceuk Nasya ngajawab Arfa.

Teu lila, ahirna katingali aya anu kaluar ti rohangan panitia.

“Ahirna aya ogé euy panitiana!” omong Arfa bari bungah.

“Enya euy, mani lila nya!” jawab Nasya sarua bungahna.

“Enya mani lila,” témbal Arfa.

Sanggeus nungguan lila naker, ahirna pasanggiri carponna dimimitian ogé. Hiji-hiji pamilon asup ka rohangan. Arfa jeung Nasya ogé asup babarengan ka ruanganna. Basa sakabéh pamilon geus asup ka rohangan, maranéhna dibéjaan heula kudu sabaraha lambar jeung sabaraha lila ngadamelna.

“Urang ngadamelna ngan salambar nya. Waktosna tilu jam, jadi ulah buru-buru nya ngadamelna!” ceuk panitia.

“Oh, tilu jam geuning. Sugaan téh dua jam! Tapi alus lah, tiasa dibaca deui!” gerentes Arfa.

“Atos cekap? Teu aya anu ditaroskeun deui?” tanya panitia.

“Atos!” jawab pamilon babarengan.

“Lamun kitu, urang kawitan nya. Ti jam salapan nepi ka jam sabelas!” ceuk panitia.

Ahirna pamilon mimiti ngadamel saeutik-saeutik. Aya anu mikir kénéh teu acan nyerat nanaon, aya nu atos loba ngadamelna, jeung aya ogé anu teu bisa cicing ningali ka dieu ningali ka ditu. Ayeuna jam atos nunjukkeun ka angka satengah sebelas, pamilon anu séjén atos mulai ninggalkeun rohangan.

“Atos barérés euy, anu séjén ngadamelna! Abdi mah sakedik deui!” ceuk Arfa dina haténa.

“Arfa, abdi ti heula, nya!” ceuk Nasya.

Arfa ngajawab, “Oh, enya!”

Ayeuna di rohangan ngan nyésa Arfa jeung hiji pamilon séjén.

“Alhamdulillah euy, untungna abdi mah atos rék bérés!” gerentes Arfa.

Ujug-ujug hiji pamilon anu babarengan jeung Arfa atos bérés ti heula.

“Alah atos barérés euy, abdi mah keur dibaca deui!” ceuk Arfa dina haténa bari reuwas.

Teu lila pamilon anu séjén mikeun carponna ka juri, ahirna Arfa bérés jeung langsung masrahkeun carponna ka juri.

“Alhamdulillah ahirna bérés ogé, euy!” gerentes Arfa.

Ku sabab Arfa keur gering, ahirna Arfa balik ti heula ka imahna, teu ningali pangumuman heula. Sanggeus duhur ahirna aya pangumuman, jeung ujug-ujug aya anu nélpon.

“Kriiiiing...” kadéngé sora hapé.

“Assalamualaikum, Mama Arfa!” sora guruna.

“Waalaikumsalam, aya naon Ibu?” ceuk indungna.

“Alhamdulillah Arfa jeung Nasya pinunjul kahiji!” ceuk guruna.

“Alhamdulillah!” ceuk Arfa jeung indungna babarengan.

Arfa mani bungah kacida nepikeun ka labuh. Brug Arfa labuh. Indungna seuri ningali Arfa kitu.

Ahirna sabulan atos liwat jeung ayeuna miluan deui anu tingkat kota. Ayeuna mah Arfa gancang ngadamelna, teu jiga di kacamatan. Tapi, ayeuna Nasya anu lila ngadamelna. Ahirna Arfa balik ti heula ku sabab keur gering basa éta téh. Ayeuna dibéré nyaho ku guruna lamun Arfa teu meunang jeung Nasya anu meunang pinunjul harapan dua. Arfa langsung hayang ceurik di imah, tapi indung jeung bapana langsung méré nyaho.

“Dé, meunang éléh atos biasa lamun dina lomba mah, jeung sedih teu ku nanaon tapi ulah sedih teuing, nya!” ceuk indung jeung bapana nyumangetan Arfa.

“Enya, Ma, Pa!” ceuk Arfa bari imut.

Ahirna sataun atos liwat. Ayeuna Arfa jeung Nasya miluan pasanggiri carpon deui. Arfa mani sumanget pisan miluan pasanggiri carpon deui, tapi Nasya mah biasa-biasa waé. Anéhna ayeuna Arfa ngarasa yakin pisan lamun manéhna téh bisa meunang pinunjul kahiji. Ujug-ujug basa pangumuman bener waé Arfa pinunjul kahiji.

“Alhamdulillah abdi pinunjul kahiji, Ma!” ceuk Arfa ka indungna bari bungah. Indungna ngajawab ”Enya, Dé, alhamdulillah!”

Saé ogé Nasya meunang pinunjul kahiji.

Ahirna sabulan liwat jeung tilu poé deui rék lomba tingkat kota. Tapi basa tilu poé rék lomba, Arfa dibéré nyaho lamun bapana atos mulang ti heula. Ambulan aya di hareupeun imah, aya bendéra warna konéng jeung loba jalma di imah. Arfa, Aa, jeung indungna ceurik di kamar.

“Pa, ku naon Pa, tapi Arfa moal nguciwakeun Bapa, Arfa hayang meunang pinunjul kahiji pikeun Bapa!” ceuk Arfa dina haténa bari ceurik.

Ahirna pasanggiri carpon tingkat kota dimimitian ogé. Pamilon atos asup ka rohangan jeung atos keur ngeureuyeuh ngarang. Ayeuna Arfa jeung Nasya bérés babarengan.

“Alhamdulillah euy, ayeuna urang babarengan bérésna! Teu jiga taun kamari!” ceuk Arfa.

“Enya, alhamdulillah!” jawab Nasya.

Ahirna, Arfa balik ti heula ku sabab lami pisan nungguanana, nepikeun ka soré. Dina waktu pangumuman, indung Arfa ditélépon ku guruna. “Ayeuna Arfa jeung Nasya meunang pinunjul ka...” ceuk guruna bari sora anu pegat-pegat.

“Meunang pinunjul ka sabaraha, Ibu?” tanya indungna.

“Pinunjul kahiji,” walon guruna.

“Alhamdulillah!” indungna muji sukur.

“Alhamdulillah, Pa, Arfa pinunjul kahiji, Pa!” ceuk Arfa dina haténa bari bungah kacida.

“Arfa siap ka tingkat provinsi?” ceuk indungna.

“Siap, Ma!” jawab Arfa.

“Ayeuna pasanggirina di Bandung nya, Ma?” tanya Arfa.

Indungna ngajawab ”Enya, Dé!”

Ahirna Arfa jeung Nasya angkat ti Bogor ka Bandung isuk-isuk supaya lancar di jalan. Maranéhna angkat ti Bogor jam tujuh nepi ka Bandung setengah sapuluh.

“Alhamdulillah nepi ogé euy! Teu kuat di mobil waé!” ceuk Arfa bari seuri.

“Sami abdi ogé, Arfa!” jawab Nasya.

“Tapi ieu téh di hotel teu acan aya sasaha, Bu!” ceuk Arfa.

“Kieu wéh, urang ngurilingan Bandung heula waé, nya!” jawab guruna.

“Oh, muhun, Ibu!” ceuk Arfa jeung Nasya babarengan.

“Ari tingkat provinsi dikawitan tabuh jam sabaraha, Bu?” ceuk Arfa.

“Lami kénéh, jam tujuh peuting!” walon guruna.

Maranéhna ngurilingan Bandung heula bari néangan kadaharan. Sanggeus kitu maranéhna balik deui ka hotél pikeun istirahat. Ahirna waktos nunjukkeun jam setengah tujuh peuting, anu hartina pasanggirina atos rék dimimitian. Ahirna pamilon atos aya di ruangan sakabéhna. Singhoréng dimimitianna téh jam setengah dalapan. Pamilon ngadamel carpon ti jam dalapan nepikeun jam sabelas peuting.

Lima poé geus kaliwat. Ayeuna mah tinggal pangumuman. Basa Arfa jeung indungna ningali pangumuman, maranéhna mani bungah kacida ku sabab ningali Arfa aya dina posisi pangluhurna. Nyaéta pinunjul kahiji.

Katinggaleun Rombongan

Ku Risnawati

SMPN 1 Cikembar, Kabupaten Sukabumi

“Gara-gara manéh da, jadi wéh urang kabéhan katinggaleun ku nu lian!” gantawang Bobi nyarékan, bari nunjuk beungeut Ucup nu katingali bengong teu puguh lampah.

“Atuh da, uing gé teu nyaho rék katinggaleun,” témbal Ucup semu nyerenteng. Reuwas sigana disentak ku Bobi, tuluy gagaro sirah sanajan teu ateul, bingung tayohna mah. “Euleuh, kalah ka paraséa. Bérés ayeuna mah urang néangan nu lain!” ceuk Gédis bari tuluy leumpang ninggalkeun nu duaan anu keur silih salahkeun.

Basa keur dibagi kelompok ku Pa Solihin, Gédis, Bobi, jeung Ucup kabagéan sakelompok.

“Sok ayeuna ku hidep titénan, tuluy tuliskeun naon waé nu aya di gedong Museum Fatahillah téh jeung catetkeun naon waé anu dijelaskeun ku pamatéri ngeunaan sajarah!” ceuk Pa solihin nerangkeun ka barudak nu ngarumpul hareupeunana.

Barudak dibariskeun tiluan-tiluan hareupeun panto asup ka gedong nu rubak jeung jangkung. Pantona téh aya dua tina kaca, dibukakeun duanana. Di gigireun panto aya petugas museum nu ngajagaan, mariksa karcis sigana mah. Luhureun panto aya jam dinding, angkana nuduhkeun jam 10. Ucup, Bobi, jeung Gédis kabagéan baris pangtukangna. Tiluan ngajajar bari rarat-rérét niténan sabudeureun museum.

“Sok ayeuna mah urang asup ka gedong. Inget tong sosoranganan bisi kasasar, lantaran ieu gedong téh legana kacida!” ceuk Pa Solihin méré béwara.

“Siap, Pa!” témbal barudak ragem.

Tuluy brul arasup ka éta gedong. Hawa gedong téh karasana béda, karasa beunghar pisan ku sajarah. Ieu gedong nu pernah jadi balé kota jaman kolonial Walanda,

mancarkeun rasa kolonial ku arsitékturna nu gagah. Di unggal juru, katempo rupa-rupa koléksi nu ngagambarkeun sajarah Jakarta, kaasup artéfak, lukisan, jeung objék séjénna. Basa asup di rohangan kahiji, cahaya panonpoé nyorot asup ngaliwatan jandéla badag. Matak haneut kana awak. Nyaangan lukisan-lukisan dina témbok nu ngagambarkeun sajarah baheula.

“Bob hayang teu, ieu ondé gundul?” ceuk Ucup bari sok ngasongkeun ondé tina pésakna.

“Ari manéh, naha bet disebut ondé gundul?” walon Bobi bari rada kerung.

“Apanan ieu mah ondé na béda ti nu lain, euweuh wijénan,” témbalna bari belenyeh seuri.

“Euh aya-aya waé, ka dieu hayang atuh!” ceuk Bobi. Song Ucup ngasongkeun ondé nu euweuh wijénan éta. Tuluy duanana cacamuilan ngadahar ondé di pangtukangna. Bari rurat-rérét méh teu kanyahoan ku Pa Solihin. Rét Gédís ngarérét ka éta budak duaan nu aya di gigireunana, panonna mencrong reuwas komo basa Pa Solihin ngaliwat ka gigireun maranéhna.

“Cing atuh tong sok ngérakeun, batur mah narulis, ieu mah karah barangdahar. Untung bieu Pa Solihin henteu ngalieuk,” Gédís ngaharéwos bari molototan Ucup, sieun kadéngé ku nu lian tayohna mah.

“Moal kanyahoan, kalem kuring mah geus biasa di kelas gé tara kanyahoan,” pokna bari belenyéh seuri.

“Kitu da ari tukang dahar di kelas mah, jadi kabawa ka mamana,” Bobi milu mairan bari ngahuapkeun ondé tina leungeunna.

“Huh dasar, kawas nu tara waé,” témbal Ucup nyerenteng embung éléh, bari ngarérét ka Bobi anu leuwih jangkung ti manéhna.

“Heup, bisi kadéngéeun ku Pa Solihin. Hayoh pék geura kaluarkeun bukuna bisi engké ditanya!” ceuk Gédís ngaharéwos bari nuliskeun naon baé anu diwawarkeun ku pematéri.

Jep maranéhna jempé. Lantaran inget kumaha galakna Pa Solihin. Awakna jangkung gedé, kumisna baplang. Lamun geus nyarékan matak murengked sarérea. Ucup geuwat ngaluarkeun buku tina jero tasna. Lantaran muringkak bulu punduk ngabayangkeunana.

Teu lila nepi di lanté dua. Nempo ka sakuriling, Ucup teu eureun molohok. Loba barang-barang titinggal Walanda, salah sahijina nyaéta méja buleud nu kacida badagna. Gidig manéhna indit nyampeurkeun kana éta meja.

“Nyieun méja tina kai anu sagedé alaihim, teu kapikiran kumaha carana ngaleskeun ieu kai,” gerentesna bari nyabakan éta méja badag.

Ucup ngagupayan Bobi jeung Gédis nu masih kénéh dina barisan. Giridig duanana nyampeurkeun.

“Dis ayeuna mah kieu wé, pan Gédis karesepna palajaran IPS ti kelas tujuh gé. Sok ayeuna jelaskeun kumaha ieu méja bet bisa nepika lemes kieu!” pokna bari ngajanteng di gigireun éta méja.

“Alus panasaranna mah. Ngan atuh cik wé, nanyakeun téh ka nu leuwih nyaho. Kuring gé kakarak ayeuna ka dieu,” témbalna bari ngagideg. Ucup ukur tanggah seuri.

Maranéhna tiluan sibuk kana kagiatanana séwang-séwangan. Ucup nu neutep méja ngira-ngira diaméterna. Gédis jeung Bobi nu ngajanteng hareupeun lukisan jaman Walanda. Rada lila, maranéhna karék sadar.

“Astaghfirullah, urang katinggaleun rombongan sakola!” ceuk Gédis ngagebeg, basa ngarérét euweuh sasaha.

*

“Kumaha ieu geus kukurilingan lima kali, tapi henteu papanggih waé jeung rombongan?” ceuk Bobi semu ngahelas. Teuteupanana semu leuseuh, capé sigana mah jeung geus pegat harepan.

“Sok coba ayeuna mah tuturkeun uing!” omong Ucup bari gugupay.

“Embung ah, kuring mah teu yakin,” témbal Bobi teges.

“Naon salahna cobaan heula. Sugaan wé nuturkeun si Ucup mah papanggih jeung rombongan,” Gédis némbalan.

“Hayoh, Cup!” ceuk Gédis.

Ucup ngagidig leumpang ti heula. Dituturkeun ku Gédis jeung Bobi ti tukang. Sakur nu aya di dinya narempokeun. Da kawas bos leutik anu mingpin anak buahna. Nu leutik di hareup, nu di tukangna jarangkung.

“Teu téh euweuh nu ngarasa rombonganana katinggaleun kitu?” ceuk Bobi keuheul.

Ucup jeung Gédis euweuh nu némbalan.

Tuluy maranéhna leumpang ngaliwatan tétécéan kai nu katempo geus kuno. Reug eureun di hiji rohangan.

“Tuh geuning, rombongan nu maké baju beureum téh!” ceuk Ucup bari nunjuk ka nu ngumpul maké baju beureum.

Rét ka kénca rét ka katuhu, sieun aya nu nempo. Basa geus ngarasa aman, maranéhna leumpang rerempodan muru ka tukangeun rombongan. Sieun kanyahoan jeung ditanya bérés ti mana. Komo bari jeung ditanyana ku Pa Solihin.

Basa geus nepi di barisan pangtukangna, maranéhna ngaluarkeun buku.

“Alhamdulillah salamet, euweuh nu nyadareun. Pa Solihin gé teu nyadareun,” gerentes Ucup dina haté, bari ngarérét ka nu keur anteng nyatetkeun matéri.

Plak! Ujug-ujug aya nu nepak punduk Ucup. Rét ka tukang. Manéhna ngagebeg, panonna mencrong, késang nyurucud tina tarangna, awakna ngadégdég, basa nempo Pa Solihin mencrong bari nulak cangkéng.

Kémah Carpon

Ku Alia Saidatunnisa

SMPN 1 Kawali, Kab. Ciamis

Poé Senén kamari, kuring teu miluan upacara di sakola. Padahal mah biasana sok disiplin pisan upacara unggal poé Sénén. Tapi ayeuna, aya hal anu leuwih penting, kuring kapanggil pikeun miluan acara nu geus disebat-sebat di sakola, nyaéta Kémah Carpon. Kuring ka sakola heula, disaur ku bapa kepala sakola keur dipasihan wejangan saméméh mangkat.

Wanci kira haneut moyan, kuring jeung sobat kuring, A Fahri, dikawal ku Ibu Atih jeung Pa Déa, indit naék travel Vista. Kuring harepan téh mani campur aduk bungah, reuwas, tapi aya rasa deg-degan ogé. Kémah carpon ieu acara anu ditunggu-tunggu ku kuring jeung réa pamilon anu milu, da éta acara bisa nambah élmu jeung pangalaman anyar.

Jam dua beurang, kuring anjog ka Hotél Tebu, Bandung. Barang asup ka lobina gé langsung karasa hawa tiis seger, mani béda jeung hawa di luar. Teu loba ngomong, kuring jeung A Fahri tuluy nuturkeun Pa Déa jeung Ibu Atih ka lantai 10. Di dinya, geus ramé pamilon séjén jeung panitia anu siap ngabagéakeun. Anu mimitina ngarasa kagok jeung éra mimiti ngaleungit, diganti ku rasa reugreug.

Panitia ngajak kuring ngeusian absén “Néng, tawis heula absénna rangkap dua!” ceuk panitia bari imut. Tuluy masihan alat tulis sapertos pulpén, jeung buku. Ogé dipasihan kaos anu aya tulisan “Kémah Carpon”. Geus kitu mah, acara pembukaan dimimitian. Dina waktos éta, kuring ngarasa sumanget pisan. Panitia ngajelaskeun maksud jeung tujuan acara kalayan santai tapi serius. Seuri jeung surak pamilon ngajadikeun kaayaan jadi leuwih hirup. Nu matak resep deui teh, nalika sadayana dipiwarang nangtung bari ngalagu “Ancémon” bari jeung ngagerakkeun awak.

Sanggeus réngsé, panitia ngabagi konci kamar. Kuring nampi konci kamar 5529.

“Mangga nyanggakeun, wilujeng istirahat!” ceuk panitia.

Barang jol dugi ka kamar, kuring muka jandéla, katémbong panonpoé geus mimiti reupreupan, lampu-lampu kota Bandung nu geus harurung.

“Acara ieu pasti bakal jadi pangalaman langka,” gerentes kuring dina jero haté. Teu lila, kuring turun deui ka lantai 9 rek dahar. Réstoran pinuh ku rupa-rupa kadaharan anu geulis jeung ngeunah. “Ah, rék jeung daging hayam waé, teu rék loba gaya,” ceuk kuring dina haté.

Geus wareg dahar, kuring balik deui ka lantai 10 pikeun ngadéngékeun materi kahiji ngeunaan carpon. Suasana rada serius ayeuna mah. Panitia nitah wawanohan antar pamilon. Tuluy kuring dipiwarang ngawanohkeun sobat anu aya di gigireun. Ieu poé kahiji bisa disebut pemanasan heula saméméh tugas-tugas séjén anu bakal datang.

Isukna, poé kadua dimimitian jeung tugas utama macakeun carpon. A Fahri ti heula maju. Atuh macana mani lancar. Kuring ogé embung éléh, bérés A Fahri mah kuring maju ogé. Sanajan deg-degan saeutik. Tapi barang geus di hareup, kuring jadi leuwih percaya diri. Kabéh nu aya di ruangan nyimak. Pamilon anu séjénna ogé ka hareup, hayang maca carpon anu geus disadiakeun ku panitia.

Bérés maca carpon téh panitia ngabagi kelompok, teuing jang naon. Sakelompokna téh aya opat urang. Pék téh da tugasna kudu aya perwakilan kelompok kudu macakeun carpon deui. Kuring jadi anu ngawakilan maca carponna téh duaan jeung lalaki anggota kelompok kuring. Mimitina mah kuring asa geumpeur saeutik, tapi kuring usaha. Malihan Pa Déa ngalem, nyebutkeun yén sora kuring tarik jeung écés.

Poé katilu mah leuwih ramé deui. Kuring jeung pamilon séjén bakal indit ka Gedung Saté! Kuring geus lila ngadéngé ngeunaan tempat éta, tapi tacan pernah ka dinya. Sanggeus asup kana Bandros, atawa mun di Ciamis mah disebutan Gatrik, kuring dibawa ngalanglang kota Bandung nu kacida asri. Bandros atawa Gatrik téh eureun di deukeut ‘Monumen Perjuangan Rakyat, Jawa Barat’. Di dinya kuring jeung pamilon anu séjénna, foto foto babarengan. Aya ibu-ibu anu senam rutin di dinya téh, katempona mani kacida sarumanget. Teu nyangka, kuring papanggih jeung nini-nini anu jajaluk ménta sedekah. Karunya pisan, euweuh anu méré saurang oge, euweuh nu mere sapésér-pésér acan. Ras, inget ka nini kuring, ampir sarua

umurna, kuring tuluy méré duit saeutik, katempo pisan nini éta kacida atohna. dibéré duit ku kuring. Geus Kitu mah, sakabéh pamilon jeung pendamping leumpang ka Gedong Saté téa. Barang tepi, wangun gedongna enyaan agréng kacida, jeung pilar bodasna ngajadikeun wangunna jadi leuwih istimewa. Teu hilap, kuring jeung A Fahri moto-motoan keur kenangan. Cenah mah, Gedung Saté di Bandung diwangun taun 1920 ku pamaréntah kolonial Walanda. Desainna ngagabungkeun gaya Eropa jeung tradisional nusantara. Gedong ieu ikon Kota Bandung, ayeuna dipaké jadi Kantor Gubernur Jawa Barat.

Ti Gedung Saté, lalampahan urang diteruskeun ka Perpustakaan Ajip Rosidi. Kuring néangan ngeunaan Perpustakaan Ajip Rosidi. Perpustakaan Ajip Rosidi diresmikeun taun 2015 di Bandung pikeun ngahormat budayawan Sunda. Perpustakaan ieu nyimpen karya-karyana sareng buku budaya Sunda, jadi pusat literasi Sunda. Di dinya, kuring ningali loba buku-buku lawas anu disusun rapih di rak jangkung.

Panitia masihan inpormasi ngeunaan karyana Ajip Rosidi anu geus jadi harta intélektual nu penting di Jawa Barat. Waktu anu disadiakeun keur maca buku téh asa sakedapan teuing, da sabenerna kuring hayang leuwih lila nyumput dina lambaran-lambaran buku anu aya di dinya. Bih teu méakkeun waktu, kuring jeung A Fahri tuluy wé néangan buku anu rék dibaca.

“Mani loba pisan bukuna, jadi bingung rék maca nu mana heula,” ceuk kuring ka A Fahri. “Enya nya, abi mah ék maca anu ieu we,” témbal A Fahri bari nunjukkeun buku anu judulna *Langit Angkeub*.

Ari kuring mah mawa buku anu judulna *Hidup Tanpa Ijazah*. Buku éta nyaritakeun ngeunaan lalampahan hirup Ajip Rosidi, utamana dina widang karir jeung atikan. Sanaos anjeunna teu ngalangkungan atikan formal nu luhur sarta teu boga ijazah, tapi anjeunna bisa hasil gede jadi sastrawan, budayawan, jeung intelektual di Indonesia. Dina buku ieu, Ajip Rosidi ngajelaskeun kumaha anjeunna diajar sacara otodidak, ngajieun karya dina widang sastra, sarta nyarita ngeunaan pandanganana ngeunaan atikan jeung budaya.

Tina buku éta, kuring meunang pangajaran yén pendidikan formal lain hiji-hijina jalan pikeun ngahontal kasuksesan. Ajip Rosidi ngingetkeun yén tekad kuat,

getol usaha, jeung kahayang pikeun diajar sacara mandiri bisa nganteurkeun urang kana hasil anu gedé. Buku ieu ogé ngajarkeun pentingna ngapresiasi budaya sorangan, ngajaga integritas, sarta terus-terusan ngabaktikeun diri pikeun nyiptakeun karya anu miboga manfaat keur masarakat. Sanajan tanpa ijazah, urang masih bisa ngabentuk jalan hirup urang sorangan.

Kémah carpon ieu jadi acara anu teu bisa dipopohokeun. Ti barang datang nepi ka réngsé pinuh ku pangalaman anyar, sobat anyar, jeung bekel élmu anu bakal dipake bekel keur kahirupan.

Sarengsena miluan Kemah Carpon, kuring jadi leuwih siap sarta leuwih sumanget pikeun nulis carpon-carpon anyar dina mangsa nu bakal datang.

Layon

Ku Ikrabumi

SMPN 1 Bungbulang, Kabupaten Garut

“Innalillahi wa innailaihi rooji’uun....” Mang Sahman ngeluk. Dampal leungeun katuhuna nutup panon layon.

Jalan Garut, Bandung. Mangsa ciibun narémpél kénéh dina tumpukan runtah palastik nu babacaran. Ceu Asih geus rikat manggul karung eusi runtah nu ngajangkari urut kamari. Bajuna angger kénéh leuseuh, seug buukna rambueuk.

Manéhna kurah-koréh néangan runtah di sapanjang jalan. Nempo runtah nu amalayah di sisi jalan, Ceu Asih nyéréngéh. *“Alhamdulillah, piduiteun!”* Biwirna kunyam kunyem bari nyabak beuteung.

Ceu Asih tuluy mawaan runtah, sup diasupkeun kana karung. Jol Mang Sahman nyampeurkeun bari mamawa koran jualeun.

“Ceu..., mani saged isuk kénéh!” pokna bari nyengir.

“Enya Mang, méh loba meunangna. Sapoé deui ayeuna sigana mah,” témbal Ceu Asih bari ngadongkang runtah.

“Naon nu sapoé deui téh Ceu?” tanya Mang Sahman panasaran.

Ceu Asih teu ngejawab baé, manéhna tuluy mawaan runtah cangkang *aqua* gelas jeung botol nu aya di trotoar. Paromanna katempo bangun nu nahan kanyeri.

“Nya sok atuh, sing hasil!” ceuk Mang Sahman tuluy ngaléos.

Ceu Asih ngalengkahkeun sukuna nu pinuh ku tatu. Neangan runtah pikeun hirupna nu geus lila nyorangan.

*

Manéhna mapay wahangan Cikapundung, nyawang mangsa ka tukang. *“Ngolétrak ayeuna mah...”* Ceu Asih katinggali nahan seuri. Manéhna nempo runtah nu réa di wahangan Cikapundung. Leumpangna ngagancangan rék mawaan runtah nu aya di laneuh.

Teu karasa, karungna geus pinuh. Manéhna langsung hanjat ti wahangan saat. Késangna ngoprot. Ceu Asih gék diuk dina handapeun tangkal nu ngarandakah,

pamulu nu nahnay. Manéhna pogot. Kahirupannana nu nunggelis, kacida ripuhna. Dijauhan ku batur nu aya di sabudeureunna. Ukur Mang Sahman nu sok paduli ka manéhna.

Ceu Asih luha-loho, jung nangtung bari ngakod karung nu geus pinuh ku runtah *aqua*. Manéhna rék balik ka tempat nu sok biasa dijadikeun padumukanna salila ieu.

Di parapatan jalan hareupeun halteu nu rék ka arah Jalan Braga, aya barudak nu keur ngamén. Da biasana gé sok ngamén di dinya barudak téh. Ngan harita béda jeung ti sasari laguna téh. Lagu karangan Ebiét G. Adé *Aku Ingin Pulang*¹. Lagu éta lir ngadeukeutkeun haté Ceu Asih jeung nu Maha Kawasa. Ceu Asih tara-tara cicing heula ngadéngékeun lagu nu dihaleuangkeun ku barudak nu ngamén. Manéhna matung, haténa ngageter. Clak cipanon Ceu Asih ngeclak. Manéhna nyeungceurikan nasib.

Ceu Asih nyorang jalan nu pinuh ku polusi haseup knalpot. Manéhna kikiplik maké kertas pamanggih di jalan bakat ku bayeungyang.

Nepi ogé Ceu Asih di tempat pangistirahatanna. Katempo tumpukan runtah nu ngagunung. Nya, imahna éta téh. Ceu Asih tuluy muragkeun karung. Gék diuk bari nyarandé dina karung. Miceun kacapé nu kacida beuratna.

Bi Tati katinggali ti kajauhan asup ka warung milik manéhna nu aya di peuntaseun tempat Ceu Asih cicing.

Ceu Asih langsung cengkat. Tuluy meuntas lalaunan, nyampeurkeun Bi Tati nu keur mérésan dagangan. “Bi, sugu aya cai keur nginum?” sora Ceu Asih peura.

Panon Bi Tati neteup seukeut. “Euweuh! Can naheur!” témbal Bi Tati teureugeus. “Aya ogé cai keur jualeun. Aya duit keur mayarna?” Bi Tati nengtéréwéleng bari ngabaeudan Ceu Asih. Panonna mureleng. Bi Tati ngaléos ninggalkeun Ceu Asih.

Ceu Asih kur bisa ngabetem. Beungeutna katempo pias. Késang tiis ngeclak tina tarangna. Manéhna balik ka tempat nu tadi. Gék diuk deui.

Mang Sahman nempo éta kajadian ti kajauhan. Manéhna ngarakacak tuluy mawa cai nu dibekel ti imah. Sup diasupkeun kana botol palastik. Mang Sahman

nyampeurkeun Ceu Asih. “Karék mulang, Ceu? Yeuh cai!” ceuk Mang Sahman bari ngasongkeun cai dina botol.

“Nuhun Mang. Keun... da sakeudeung deui,” témbal Ceu Asih dareuda nu keur nyangsaya.

“Naon Ceu nu sakeudeung deui téh?” Mang Sahman anéheun. Omongan Ceu Asih sarua jeung nu isuk-isuk diomongkeun ka manéhna.

Ceu Asih kur seuri leutik hareupeun Mang Sahman. Manéhna tuluy mukakeun karung nu eusina runtah meunang kukumpul nepi ka beurang.

Mang Sahman teu loba mikir. Manéhna teu nungguan Ceu Asih ngajawab. Tuluy ngejat ti éta tempat bari gogodeg jeung kerung.

Angin peuting nyelecep kana kulit Ceu Asih nu ipis. Manéhna batuk teu eureun-eureun. Gep téh dampal leungeun kénca nutup biwirna. Barang dibukakeun, aya getih beureum seger. Ceu Asih nyéréngéh. Tuluy peureum.

*

“Bi, nempo Ceu Asih teu?” Mang Sahman nanya ka Bi Tati nu rék indit ka pasar.

“Can hudang!” témbal Bi Tati pondok.

Mang Sahman gura-giru rék nempo Ceu Asih di tempatna. Geus beurang tapi can katinggali ngaliwat. Da biasana mah Ceu Asih téh sok riket, tapi ayeuna euweuh.

Teu kungsi lila, katempo Ceu Asih nonggég na tumpukan runtah. Leungeun katuhuna nyekel poto budak lalaki nu keur maké saragam SMA.

Leungit Rémot

Ku Rafiif Muhammad Zibran
SMPN 1 Cipanas, Kabupaten Cianjur

Ngoréjat kuring beunta. Geus isuk geuning, gerentes kuring. Kuring nguliat, rét ka sakuriling kamar tuluy cengklat, terus indit ka cai. Sanggeus ti cai, kuring tuluy ngalaksanakeun solat subuh berjama'ah di masjid. Sanggeus solat, kuring terus dahar di tengah imah. Geus dahar kuring terus indit kaluar nyokot anduk tuluy indit ka cai. Bérés ti cai kuring terus ka kamar arék ganti baju, geus ganti baju tuluy ka tengah imah rék nonton TV. Basa rék ngahurungkeun TV kuring rarat-rérét ka sakuriling tengah imah ku sabab rémot teu aya dina luhureun méja caket TV siga biasana. Geus kuralang-kuriling tapi éta rémot can kapanggih waé, ku sabab can aya waé éta rémot téh, kuring nginget-nginget deui di mana kuring nyimpen éta rémot.

Pan ayauna téh poé Ahad. Berarti kamari poé Saptu. Teu kudu nanya deui poé mangkukna, da geus pasti poé Juma'ah. Tah basa poé Saptu jam lima isuk, kuring siga biasa ngalaksanakeun solat subuh. Sanggeus solat subuh kuring tuluy mandi. Bérés mandi kuring indit ka dapur rék nyieun sangu goréng maké endog dadar. Sanggeus nyieun sangu goréng kuring tuluy ka tengah imah rék dahar bari lalajo pilem Upin jeung Ipin, pilem karesep kuring. Ari basa itu mah si rémot TV téh aya dina luhureun méja caket TV. Sanggeus ngahurungkeun TV, éta rémot téh disimpen di tempatna deui ku kuring téh, ti barang dahar nepi ka bérésna kuring lalajo pilem Upin jeung Ipin tuluy nepi ka beurang. Teu kungsi lila pas bada lohor aya babaturan kuring nyaéta Enjéng jeung Kidin anu nyampeur ka imah kuring.

“Rafif... Rafif... Rafif !” sora Enjéng jeung Kidin ngajorowok hareupeun pager imah kuring.

“Euyy..... aya naon ieu téh, teu kadangu sugan éta keur adan lohor gé, kalahkah jojorowokan maranéh mah,” témbal kuring.

“Arék ngiluan méng bal moal di lapang Mang Dadang?” ceuk Enjéng bari nyampeurkeun ka kuring terus sasalaman.”

“Hayu waé kuring mah,” témbal kuring bari gék diuk dina korsi anu aya di deukeut téras imah kuring.

“Hayu atuh urang mangkat ayeuna kénéh, itu barudak anu lain mah geus marangkat ti heula ka lapang Mang Dadang,” saur Enjéng bari gék diuk.

“Ké atuh... mending urang solat heula yu, pan tadi geus adan, keudeung deui gé biasana mah komat,” témbal kuring bari asup ka jero imah terus nyokot sarung.

“Bener ogé nya, hayu atuh urang solat heula méh jongjon méngbalna,” témbal Enjéng bari tuluy nantung terus maké sendal.

“Tapi kéla..., kéla..., ari si Kidin mana, tadi téh asa aya sorana,” ceuk kuring méméh mangkat ka masjid.

“Tuh aya dina motor Mang Aép, keur ngahuleng bari ningalikeun hayam keur dalahar,” témbal Enjéng bari ngoprék tatangkalan.

“Cik coba geroan, urang ajakan solat!” ceuk kuring bari tuluy ngoncian panto terus maké sendal.

“Din... Kidin... buru ngilu solat moal ka masjid?” sora Enjéng ngajorowok ngagoroan si Kidin.

“Mana si Kidin téh, geus komat ieu téh cik coba sampeurkeun Jéng!” témbal kuring bari rada kerung.

“Hég, kéla urang sampeurkeun,” ceuk Enjéng bari terus turun ka handap rék nyampeurkeun si Kidin.

“Hayu kétang kuring ogé arék ngilu, méh sakalian ké ka masjidna jalan hareup,” témbal kuring bari nuturkeun di tukangeun Enjéng tuluy ka handap.

“Tuh-tuh si Kidin mah keur ngahuleng sorangan,” ceuk si Enjéng bari nunjuk ka si Kidin.

“Keur ngahuleng mikiran naon coba éta budak téh atuh.” témbal Kuring bari rada kerung.

“Hayu ah urang sampeurkeun, terus urang reuwaskeun,” ceuk Enjéng bari nyengir

“Sok ku manéh Jéng, kuring mah rék nuturkeun ti tukang wé!” témbal kuring bari nuturkeun Enjéng.

“Daarr! Keur ngahuleng mikiran naon atuh Din, tatadi digeroan nepi jojorowokan gé teu kadéngé?” sora Enjéng ngagebah Kidin, tuluy nanya.

“Astagfirullah, teu mikiran nanaon, Jéng,” témbal Kidin bari ngoréjat ngajol tina motor mang Aép ku sabab reuwas.

“Alah wadul si Kidin mah,” kuring ngiluan ngomong.

“Hayoh jujur keur mikiran naon Din.” témbal Enjéng.

“Hég atuh, Kidin mah keur mikiran kumaha nya, lamun engké pas arurang geus gedé téh bakal jadi pemain bola terkenal siga Ronaldo,” témbal Kidin bari rada nyengir.

“Ohh... panyatéh keur mikiran awéwé,” témbal Enjéng bari nyengir.

“Geus ah hayu urang solat geus telat ieu téh,” ceuk kuring.

“Hayu atuh....,” témbal Enjéng jeung Kidin.

Geus kitu kuring, Enjéng, jeung Kidin tuluy indit ka masjid. Basa barang nepi ka masjid batur mah solatna téh geus barérés, sedengkeun kuring, Enjéng, jeung Kidin karak arék solat ku sabab tadi si Kidin ngalilakeun. Teu loba omong kuring, Enjéng, jeung Kidin tuluy solat.

Saréngsena solat kuring, Enjéng, jeung Kidin indit ka imah kuring heula méméh ka lapang Mang Dadang, ku sabab kuring arék nyimpen heula sarung anu tadi bérés dipaké solat. Sanggeus ti imah, kuring, Enjéng, jeung Kidin karak indit ka lapang Mang Dadang. Basa geus nepi ka lapang, katempo geus loba anu méng bal téh. Teu kungsi lila ti dinya, si Tata babaturan kuring nyampeurkeun ka kuring terus nanya.

“Ti mana waé ai manéh atuh?” tanya Tata ka kuring bari ngarénghap.

“Bérés solat heula di masjid atuh,” témbal Kuring

“Mani lila manéh mah solat hungkul gé,” ceuk Tata

“Bieu si Kidin ngalilakeun, geus digeroan nepi jojorowokan gé teu némbal-némbal.” jawab kuring bari tuluy leumpang ka saung anu aya di deukeut lapang.

“Ku naon maké teu némbal-némbal atuh éta budak téh?” ceuk Tata bari rada bingung.

“Keur ngahuleng wé budak éta mah, basa ditanya téh ngomongna mah keur mikiran kumaha lamun arurang jadi pemain bola terkenal siga Ronaldo,” ceuk kuring.

“Ouhh... aya-aya waé atuh si Kidin mah,” témbal Tata bari nyengir

“Nyaéta atuh,” témbal Kuring.

“Hayu ah urang méngbal téa,” ceuk Tata bari metot leungeun kuring, tuluy ka lapang.

“Hayu..., hayu atuh...” témbal kuring.

Ti dinya téh Kuring jeung babaturan nu sanésna tuluy méngbal, basa keur méngbal teu karasa geus sonten deui ku sabab di masjid geus aya sora anu ngaji anu tandana keudeung deui bakal adan magrib. Kuring jeung nu lainna tuluy baralik ka imah séwang-séwangan. Basa di jalan si Tata nanya ka kuring.

“Manéh engké peuting ngilu hadiahan moal?” tanya tata ka kuring.

“Hadiah di mana deui ieu téh?” kuring nanya balik ka si Tata bari terus leumpang.

“Di imah Ceu Asih, anu imahna di gang leutik anu dekeut imahna pa RT,” ceuk Tata bari nempo ka kuring.

“Hadiah naon é mang di imah Ceu Asih?” kuring nanya.

“Cenah mah saratus poé maotna salaki Ceu Asih,” témbal Tata.

“Ouhh... hayu waé,” témbal kuring.

“Nya, ké papanggih di masjid bérés solat,” témbal Tata.

“Siap.... éh tapi ba’da naon?” tanya kuring ka Tata.

“Bada isya...” témbal Tata bari ngajorowok.

Kuring balik ka imah, basa geus nepi ka imah téh kuring bebersih, terus wé make baju paranti solat, langsung wéh mangkat ka masjid, tah basa keur di jalan, di masjid mah geus kareungeu sora adan magrib. Teu lila ti dinya langsung kareungeu sora komat, basa geus komat kuring tuluy ngalaksanakeun solat magrib. Bérés solat magrib kuring tuluy balik ka imah terus dahar. Sangeus dahar kuring langsung maén HP nepi ka adan isya, basa di masjid geus kareungeu adan isya kuring langsung lumpat ka masjid. Geus nepi di masjid, kuring gék diuk, teu kungsi lila ti dinya téh langsung kareungeu sora komat, geus komat kuring langsung solat. Bérés solat

kuring papanggih jeung si Tata tuluy indit ka imah Ceu Asih arék hadiah.

Bérés hadiah, kuring langsung balik. Sanggeus nepi ka imah, kuring langsung ganti baju tuluy nyokot rémot TV anu aya dina luhureun méja caket TV. Sanggeus éta TV hurung, kuring tuluy lalajo pilem Upin jeung Ipin bari gogoléran nepi ka kasaréan.

Tapi pas tadi hudang nepi ka ayeuna éta rémot can kapanggih waé. Boa-bo aya dina handapeun babantalan éta rémot téh, ku kuring langsung ditingali. Kabéh babantalan anu aya dina kasur, kabéh diangkatan bébélaan néangan éta rémot TV anu leungit ti isuk mula. Basa keur muka bantal anu pandeuri, éta rémot tungtungna mah kapanggih di handapeun babantalan. Hanjakal, naha maké teu kapikiran néangan di handapeun babantalan, geus capé-capé kuring néangan ka mana-mana padahal mah aya dina handapeun babantalan. Tapi baé lah nu penting mah éta rémot geus kapanggih. Tungtungna kuring bungah ku sabab éta rémot geus kapanggih dina handapeun babantalan. Kuring ayeuna bisa lalajo pilem Upin jeung Ipin sawaregna.

Manglebarkeun

Ku Asyifa Tri Handini

SMPN 8 Kota Cimahi

Kerekét panto dibukakeun ku Ambu.

“Dyas, kasép, bageur, soléh. Geura gugah Jang, tos énjing,” ceuk Ambu sabari ngusapan sirah Dyas.

Kunyang Dyas hudang, bari nguliat, “Hummmm, tos tabuh sabaraha kitu Embu?”

“Tabuh setengah tujuh, Jang, geura ibak!”

“Aduuuh, geus beurang geuning!” Dyas langsung ngoréjat hudang, buru-buru lumpat ka cai.

“Dyas, bekeln a wos sareng endog ceplok wungkul? Ambu kaburangan, teu kabujeng masak!”

“Wos, Embu!” ceuk Dyas rada ngagorowok ti cai.

Bari nalian sapatu, Dyas carita ka Ambu, pokna, “Ambu, Dyas ngimpi emam géhu Bi Isah. Dina ngimpi téh Dyas emam saratus géhu, meuni nikmat pisaan Embu,” ceuk Dyas bari kutap-kétap.

“Émang géhu Bi Isah téh raos pisan? Kuat ka impikeun.”

“Enya Embu, kulit tahuna téh mani rangu, togé di jerona gurih pisan. Aya nu eusina emih, hayam suwir, baso, sareng sajabina. Tos mah gedé, murah deuih ngan sarébu. Teu heran matak énggal séép gé.”

“Tah engké di ditu mésér géhu Bi Isah wéh keur tambah dengeun sangu.”

“Enya Embu, Dyas badé mésér da. Tos dicipta-cipta sigana raos pisaan. Dyas mios sakola heula nya Embu, Assalamualaikum”

“Waalaikumsalam, ati-ati nya soléh. Kadé di sakola ulah bangor!”

“Siaappp, Embuuu!”

Di jalan Dyas terus ngabayangkeun géhu Bi Isah. Sugaan wéh kabagian keneh géhu, lamun engké pinuh, kuring mah rék sésélékét wéh da awak leutik ieu, gerentesna.

Dyas ngarérét kana jam tangan, ari pék téh geus jam tujuh kurang lima. Dyas geuwat lumpat ngaberebet sabab. Sabab karék inget yén ayeuna téh pelajaran Bu Kokom, nu kacida galakna.

“Woy, Dyas! Naha telat?” ceuk Arif sobat Dyas anu pangbageurna. Ngageroan ti hareupeun kelas.

Bari lumpat nyampeurkeun Arif, Dyas ngagorowok “Kabeurangan euy, Rif!”

“Heuuuh, siga nu tos ngaronda waé manéh mah! Geuwat lumpat bisi kaburu aya Bu Kokom.”

Dyas karék gé gék diuk, langsung aya pengumuman dina spéaker, “Barudak, dinten ayeuna sakola ngan ukur satengah poé!”

“Horeeeeeee!” Barudak atoh, ti unggal kelas teh mani récét, di kelas barudak lalaki tatalu bari nyanyi “Balik gancang! balik gancang!” Aya nu luluncatan, aya nu jogéd.

“Ihhhh ni garandéng, caricing atuh bisi engké Bu Kokom datang, dicarékan!” ceuk Tiara.

“Huuuh mani riweuh si Tiara mah!” témbal Gani si préman kelas.

“Tuh, pan datang ceuk kuring gé!”

Barudak langsung jep jarempé.

“Assalamu’alaikum barudak, dinten ayeuna pidamel kaca 10 dugi ka 17. Kedah réngsé dinten ayeuna. Engké kumpulkeun di meja ibu. Ibu badé rapat heula!”

Barudak kompak ngajawab “Waalaikumussalam, Bu, siap!”

“Dyas, ibu nyuhunkeun tulung. Engké istirahat kempelkeun tugasna di meja Ibu, nya!”

“Muhun, Bu,” Dyas langsung kapikiran bari nanggeuy gado. Pan engké pas istirahat mah manéhna rék meuli géhu. Lamun ngumpulkeun heula buku ka méja Bu Kokom pasti lila, kaburu béak mantén. Tapi lamun teu ngumpulkeun buku pas jam istirahat, bisa-bisa Dyas dicarékan ku Bu Kokom.

“Téng téng téng!” Bel istirahat disada. Barudak kelas geuwat ngarumpulkeun tugas ka méja Dyas.

Dyas geuwat ka méja Bu Kokom. Bari rusuh hayang buru-buru meuli géhu. Di jalan Dyas panggih jeung Bu Ratih.

“Éh, Dyas, wios Ibu miwarang? Pangnyandakkeun laptop Ibu anu warna hideung di méja TU. Engké kaibukeun nya, di kelas salapan b. Punten pisan.”

“Wios, Bu, siap.”

“Hih, nitahan waé guru téh, nyaho rék meuli gehu!” gerentes Dyas bari beungeutna rada jamedud.

Saenggeus éta, Dyas buru-buru ka kantin. Ti jauh katempo géhu téh tinggal hiji. Sugaan wé Bi Isah ngagoréng deui. Di dinya téh aya barudak bangor nu biasa sok disebut préman sakola, keur narongkrong.

“Bi Isah, géhu téh ngan hiji deui?”

“Enya, Jang, ka mana waé atuh, tos séepeun.”

“Tadi dipiwarang heula ku Ibu guru.”

“Oh, Bibi na gé moal ngagoréng deui, da sakeudeung deui gé balik”

“Enya, Bi. Wios mésér hiji wéh.”

Pas Dyas keur ngodok duit dina saku, gap géhu teh dicokot ku Gani. Dyas ambek, sabab manéhna ti heula anu meuli éta. Gani jeung Dyas parebut géhu. Ku Dyas dibetot éta géhu téh. Nepi ka géhuna murag.

“Ari manéh ku naon jol-jol nyokot géhu batur!”

“Siapa cepat dia dapat, Bos,” ceuk Gani bari ngaléléwé.

Dyas némbal bari molotot “Har cageur? ieu mah geus milik urang!”

Dyas jeung Gani kalah ngahajakeun. Euweuh nu hayang ngéléhan.

“Gelut..., gelut..., gelut..., gelut...!” ceuk barudak nu araya di dinya. Barudak séjén nu keur di kantin, ngadadak ningalikeun Dyas jeung Gani.

“Héh, maranéh téh geus SMP! Mani kawas budak TK waé, embung aya nu ngéléhan!” ceuk Arif.

“Geus Dyas, manéh ngéléhan weh!” ceuk Suga, babaturan Gani

“Teu hayang! Tuh si Gembrot wéh nu ngelehan mah, awak sagedé buta, baranghakan waé!”

“Sia Ellis, nyinyirik aing buta!” beungeut Gani ngembang wéra.

“Naon sia, Dadang, maké jeung mamawa ngaran kolot!” ceuk Dyas bari tipepereket nahan kakesel.

Gampleng Gani nampiling Dyas. Dyas embung éléh manéhna geuwat najong, tapi kalahka manéhna anu labuh, da siga sireum jeung gajah atuh Dyas jeung Gani mah.

Calakatak barudak nyarengseurikeun Dyas. Atuh Dyas téh beuki ambek. Gewewek Dyas teh ngégél lengeun Gani nepi ka aya tapak huntu Dyas.

“Heuh! geus tong garelut. Atawa rék dilaporkeun ka guru!”

Arif geuwat lumpat néangan guru anu aya.

“Bu Tanti, itu aya nu gelut”

“Di mana, Jang!”

“Itu di kantin, Bu!” Arif jeung Bu Tanti nyampeurkeun Dyas jeung Gani.

“Heh..., heh..., heh..., garelut mah tong di dieu! Jug di lapangan ngarah lega!” ceuk Bu Tanti.

Datang Bu Kepala Sakola, “Deuk eureun atawa ku Ibu kolotna digeroan ka sakola?”

“Bawa ka ruang BK heula wéh, Pa Na!”

Dyas jeung Gani dibawa ka BK ku Pa Nana. Arif nuturkeun ti tukang.

“Tah sok dariuk, ku naon ieu téh gelutna?” Ceuk Bu Kepala Sakola, semu ambek.

Dyas jeung Gani kalah tarungkul.

“Heh, ari ditanya ku guru téh jawab!”

“Parebut géhu, Bu!” Ceuk Arif.

“Aéh aéh, dasar budak!”

Ibu Kepala Sakola léos kaluar ti BK. Barang balik deui téh Ibu Kepala Sakola mawa géhu dua piring.

“Tah, sok éta aya géhu sapiring éwang. Béakkeun!”

Barudak sareuri, poho deui kana papuket gelut tadi.

Ngalalana di Kota Kembang

Ku Muhammad Nabil Muzharofa
SMPN 2 Kasokandel, Kabupaten Majalengka

Gurinja! hudang. Nabil muka sarung bari nguliat.

“Euleuh ngeunah kieu saré téh, Gusti!” ceuk Nabil bari nguliat.

“Aéh, tapi ké heula atuh ieu barang hudang aya di handap, apan basa rék saré mah dina kasur,” ceuk Nabil bari jiga nu linglung.

“Ahh..., geus mending ayeuna mah mandi wé heula bisi kaburu beurang,” ceuk Nabil bari matana ongekong peupeureudeuyan kénéh.

Teu pati lila si Arfa hudang.

“Nabil, Nabil,” ceuk Arfa.

“Euy....,” ceuk Nabil bari gogorowokan.

“Di mana?” tanya Arfa.

“Di cai keur mandi!” jawab Nabil bari ngagorowok.

“Oh, heueuh....,” ceuk Arfa.

Teu pati lila Nabil kaluar ti kamar mandi. Terus manéhna ngahurungkeun tipu bari barangdahan. Ayeuna geus beurang deui waé, terus manéhna jeung babaturanna érék miang ka lantai salapan érék moro sarapan cénah. Rék kaluar kamar, Nabil poho tipu acan dipareuman.

“Aeh ké heula tipu acan dipareuman, euy!” ceuk Nabil.

“Ohh enya sok pareuman heula,” ceuk Arfa bari ngagandong kantong.

Pas rék dipareuman....

“Alah ieu rémot na nya ka mana ieu euweuh dina méja,” ceuk Nabil bari néangan rémotna.

“Nya tadi dika manakeun atuh bisa leungit?” tanya Arfa.

“Nya tadina mah di luhureun méja, ari ayeuna naha euweuh,” jawab Nabil.

“Aya euweuh, Bil?” tanya Arfa.

“Euweuh, euy, ka mana nya!” jawab Nabil bari ngucur késang tiis lantaran bisi dititah ngagantian rémot, da leungit.

Geus ditéangan di mana baé, teu katimu kénéh.

“Ah, kajeun lah ké deui waé mulang ti Gedong Saté,” ceuk Nabil bari lieur néangan rémot can ka panggih kénéh.

Barudak kaluar ti gedong hotél. Nabil jeung Arfa geus naék pangheulana di bandros. Gék diuk. Nabil jeung Arfa ngarobrol bari nungguan nu sanés arasup kanu bandros. Dugdugdugdug... beus bandros geus disada, sakeudeung deui miang. Unggal naék mobil Arfa sok mabok. Jadi, saméméh miang manéhna nginum obat heula bisi mabok. Salila di jalan Nabil jeung Arfa ngobrol jeung ngobrol waé. Teu karasa beus geus nepi ka monumén perjuangan. Barudak tarurun tina bandros. Di sakuriling monumén perjuangan ramé ku barudak nu keur arulin. Aya nu keur maén bal, aya nu keur senam. Tuluy ti monumén perjuangan barudak laleumpang ka Gedong Saté.

“Jauh ogé nyah leumpang ti monumén ka Gedong Saté téh nyah,” ceuk Nabil bari ngomong sorangan.

“Lila kénéh teu nyah urang nepi ka Gedong Saté téh?” tanya Arfa ka Nabil.

“Sakeudeung deui gé nepi meureun,” jawab Nabil.

Teu pati lila barudak, guru, jeung panitia geus nepi ka Gedong Saté. Saacan ka gedong saté di dinya aya lapang jogging. Aya bapa-bapa jeung ema-ema nu keur jogging. Barang geus nepi ka Gedong Saté, tuluy di dinya dicaritakeun sajarahna ku narasumber. Tuluy tas ti Gedong Saté ka perpustakaan Ajip Rosidi. Di dinya loba buku tulisan Ajip Rosidi. Terus urang dititah maca buku.

“Alah, alus euy ieu mah bukuna,” ceuk Arfa.

“Naon ieu mah nu urang, geus heula dicekel ku urang,” ceuk Rafif bari kerung.

“Apan nu nimu mimitana gé urang,” ceuk Arfa.

“Nu nyekelna urang ti heula,” ceuk Rafif.

“Nya urang heula nu nimuna ti heula,” ceuk Arfa embung éléh.

“Heup, heup, aya naon ieuh ni gararandéng ari di perpustakaan mah tong garandéng atuhh!” ceuk Nabil.

“Teuh parebut buku, urang nu nimu ti heula,” ceuk Arfa.

“Nya urang nu nyekelna ti heula,” ceuk Rafif bari kerung.

“Geus heup..., mending ayeuna mah suten wé atuh ngarah adil. Saha nu meunang sutenna éta nu boga hak maca bukuna,” ceuk Nabil bari ngarebut bukuna.

Suten.....

“Ah, ayeuna si Arfa heula nu maca ké gantian si Rafif,” ceuk Nabil bari mikeun buku ka Arfa.

Sanggeus ti perpustakaan, beus bandrosna nguriling heula muntiran kota Bandung.

Sanggeus datang ka hotél Nabil jeung Arfa tuluy ka kamer.

Dug saré....

“Oh heueuh, rémot can kapanggih kénéh, karék gé dug saré kalahka inget ka rémot euy,” ceuk Nabil, bari saré dina kasur.

Ari singhoréng mah nyelap dina sisi kasur rémot téh.

“Haruh, rémot téh ngalilieur, euy. Geus ditéangan ka mana baé, ari singhoréng aya di sisi kasur,” ceuk Nabil, bari neundeun rémot di luhureun méja.

Ku sabab peutingna bébas teu aya deui pangajaran, kabeneran timnas Indonesia maén nya resep wé nobar.

“Fif, rék nobar moal, euy? Soré timnas maén,” ceuk Arfa.

“Hayu wé urang mah, di mana nobarna?” tanya Rafif.

“Di kamer urang wé, hayu!” jawab Arfa.

“Hayu, jam sabaraha?” tanya Rafif.

“Jam satengah sapuluh wé, da maénna gé jam satengah sapuluh,” jawab Arfa.

“Nya, siap ké ka kamér,” ceuk Rafif.

Tok, Tok, Tok.....

“Saha éta? Bukakeun!” ceuk Nabil ka Arfa.

“Si Rafif meureun,” ceuk Arfa.

“Nya, sok bukakeun karunya nungguan baé,” ceuk Nabil.

Panto dibukakeun.

“Assalamualaikum,” ceuk Rafif bari muka sendal.

“Waalaikumsalam, rék nobar, Fif?” tanya Nabil.

“Muhun, Bill, ngiring nongton, nya!” jawab Rafif.

“Nya, sok ambéh ramé babarengan,” ceuk Nabil.

“Nya, Bil,” ceuk Rafif.

Ngimpi

Ku Annisa Nuraulia Purnama

SMPN 51 Kota Bandung

Bray lampu kamar dihurungkeun ku aki. Abim nguliat, tuluy beunta saeutik. Poék kénéh, angin ngagelebug tarik. Geus subuh geuning, gerentesna. Gék manéhna diuk dina korsi awi nu geus puluhan taun. Geus rada éling, Abim ningalian pigura nu aya di tembok imah. Sabari ngabatin “Lamun si ema aya kénéh, pasti isuk-isuk ramé,” sanajan aki geus kolot, tetep kénéh pasti butuh jalma anu dipikanyaah di sisieunana.

“Bim, ulah hilap moékeun acuk, nya!” ceuk aki sabari rarat-rérét ka Abim.

Abim unggeuk, tuluy némbal, “Mhun, Aki, mangga geura tuang heula.”

Aki lalaunan leumpang sabari maké iteuk ka dapur. Saha nu masak? Osok aya tatangga anu sukaréla masihan dahareun ka Abim jeung aki. Imahna teu gedé, nya kawas kios di sisi jalan. Dijieun tina tangkal awi jeung jarami. Bisa dipaké saré gé, geus alhamdulillah.

Poé Saptu, Abim indit ka pos ronda. Biasana loba nonoman anu osok cicing di dinya. Ngan saukur ngobrol, ulin uno, atawa maén hapé. Jabaning ayeuna geus aya wifi.

“Pagawéan naon anu gampang?” tanya Agung sabari nyuruput kopi haneut.

“Di jaman ayeuna émang usum kénéh pagawéan nu gampang?” Arya némbalan.

“Si Agung nanya, ari manéh,” ceuk Réy bari molotot ka lebah Arya.

Arya mikir nepi ka kerung, rarat-rérét ka unggal juru, sugan wé jol jawaban.

Brak! meja ditakol ku dampal leungeun Arya, “Oh, uing apal!”

Kabéh panon langsung ningali ka palebah Arya, “Ku naon cenah?” lamun ceuk batur nu teu apal hal anu keur dibahas ku nonoman éta ayeuna.

“Naon kitu?” Abim nu asalna cicing jadi ngilu némbalan Arya.

“Pagawéan, pagawéan naon gampang pan? Jawabanna, moto kopi!” ceuk Arya nyakakak tarik.

Agung melong nepi kerung. Naha bisa kateguh?

“Naha apalan euy si ieu?” ceuk Réy sabari keprok tarik.

Arya némbalan maké éksprési nu bungah, “Nya heueuh atuh, Mamang Arya kitu,” Arya ngilu keprok tarik nepi dampal leungeunna beureum.

Kring..., kring...! Hapé Abim disada, aya nu nelepon.

“Éh, si Audrey nelepon! Ka dieu kabéh!” ceuk Arya bari ajrét- ajrétan bungah.

“Assalamualaikum, éh keur ngumpul di pos ronda, nya?” sora tarik Audréy kaluar dina hapé Abim, sono meureun ka babaturan leutikna.

“Masih kénéh apal euy, hayu atuh ka dieu! Mani betah pisan di ditu,” ceuk Arya panghareupna.

Audréy némbalan rada kerung, meureun seuri éta téh, da tarangna hungkul nu katingali.

“Iraha-iraha wé, engké balik ka lembur. Di dieu loba pisan pagawéan, tapi da ieu pan kahayang uing ti baheula. Jadi, jalankeun sanajan capé,”

“Mani sibuk pisan ngadéngéna. Teu bosen ningalian waé téknologi nu geus maju?” Réy nanya kawas nu panasaran.

“Bosen pastina atuh, jabaning di dieu mah sagala gé ku téknologi. Geus canggi lah, kadang osok sono ka lembur anu asri kénéh,” ceuk Audréy lalaunan, sigana mah keur loba jelema.

“Cing cageur wé nya di ditu, lamun rék balik tong poho mawa dahareun nu anéh,” ceuk Agung nu diuk pangtukangna.

“Tapi uing boga kabogoh di dieu, can apal nya maranéh?” ceuk Audréy, jabaning sorana siga nu serius.

“Ah, maenya, émang aya nu hayangeun ka manéh?” ceuk Agung rada kerung.

Audréy némbalan, “Nya aya atuh, ngaranna Tatang,”

“Har? Sagayana di ditu, masih aya nu ngaranna Tatang?” ceuk Arya beuki kerung, da soak meureun.

“Aya, tatangkalan,” ceuk Audréy sabari nyakakak tarik pisan.

“Heueuh jug! Kumaha manéh! Tong balik deui ka dieu! Cicing wé di ditu nepi endogan,” ceuk Arya bari ngadelik tuluy indit.

Tut, hapé jol parem.

“Pulsana béak,” ceuk Abim sabari ngasupkeun hapéna ka saku calana deui.

“Sakitu aya wifi, maké pulsa,” ceuk Agung semu keuheul, “Tadi naha cicing waé, Bim? Apanan manéh jeung Audréy ti leleutik geus deukeut?” tanya Agung.

“Teu apal, asa horéam ngomong,” témbal Abim.

“Heueuh lah, kumaha putra mahkota wé!” ceuk Arya, “Rék balik, ah uing mah, nundutan.”

Arya jeung Agung balik ti heula, cenah geus tunduh. Jabaning engké peuting rék datang ka pangajian nu dipiwuruk ku Ajengan. Saacan éta, opat sobat ieu téh ti leleutik geus deukeut. Pédah geus gedé, lamun deukeut téh ngan saukur papanggih di pos ronda. Audréy gé saacan indit ti lembur, baheulana cicing salembur jeung opat sobat ieu. Teu deukeut, ngan sakira apal ngaran. Tapi, naha tadi bisa loba seuseurian? Abim sok ngadeukeutan babaturanna jeung Audrey. Matak ayeuna jadi leuwih deukeut batan baheula.

Abim ngahuleng, mikiran lamun sakirana indit ti lembur, Aki moal nanaon? Ti baheula é mang geus kahayang Abim indit ti lembur. Teuing ka mana inditna, ka kota meureun. Indit ka ditu lain ngan datang, ulin, saré, jeung popotoan, tapi hayang néangan élmu nu mangpaat. Lamun teu bisa ngareueuskeun indung jeung bapa, ayeuna kudu ngareueuskeun Aki. Naha Aki? Ti baheula Abim geus cicing bareng Aki jeung Ema. Jadi, ayeuna aki anu kudu dijaga ku Abim.

“Bim, naha teu ka kota?” Réy nanya kawas nu panasaran pisan.

Abim ngalieuk tuluy némbalan, “Karunya Aki, engké sorangan di dieu.”

“Indit wé jug, Bim, Aki ku uing diurusna,” témbal Rey.

Abim gideug, tanda embungeun. Bisa waé Aki diajak ka kota, ngan ku kondisina anu teu bisa leumpang jauh, éta jadi perkara nu ngahambat. Abim nangtung tuluy indit rék balik ka imahna. Di hareup imah Abim ningali Aki diuk dina korsi sabari ngalamun. Pasti sakeudeung deui bakal tunduh, da osok kitu. Lamun loba ngalamun, pasti bakal leuwih gancang tunduh.

“Aki, hayu kalebet,” ajak Abim sabari nungtun Aki lalaunan leumpang ka jero. Gék, Aki jeung Abim diuk dina kasur.

Abim jol kapikiran deui ngeunaan hayang indit ka kota, rék ngomong ka Aki ngan sieun dicaram. Tapi, cobaan heula ayeuna ngomong lalaunan ka Aki.

“Aki, lamun Abim indit ka kota, Aki moal nanaon?” tanya Abim lalaunan.

Aki ngalieuk, tuluy melong kosong ka handap, “Teu nanaon, ngan anu engké ngurus Aki saha?” Aki narik napas panjang, “Lamun hayang, ajak heula Aki ka kota.” Abim cicing. Lamun mawa Aki ka kota pasti bakal loba masalah anu datang. Tapi Aki hiji-hijina kolot anu masih aya di gigireun Abim. lamun ditinggalkeun karunya pisan. Geus lila mikiran, manéhna unggeuk tanda satuju.

Isukna, Aki jeung Abim geus siap rék indit ka kota. Teu bébéja ka sasaha, bisi riweuh. Engké wé bébéjana pas geus nepi ka kota. Duanana indit maké karéta api salila tilu jam. Di jalan, Aki saré tibra sangkan teu capé teuing. Abim teu saré, manéhna ngajaga barang sakaligus ngajaga Aki.

Ting! Panto karéta muka lalaunan, sora masinis kadéngé. Cenah, ieu téh geus nepi ka stasion Kiaracondong. Abim niatna rék nganjang heula ka imah dulur nu aya di kota kembang ieu. Sakaligus mondok lamun diwidian.

Kota kembang hawana tiis. Loba jelema nu keur olahraga nepi késangan. Kota kembang ieu mémang sigana ngeunaheun lamun dipaké olahraga. Abim nungtun Aki lalaunan. Hayang ka hareupeun Gedung Saté, cenah Aki mah. Di hareupeun Gedung Saté gé ngan saukur diuk tuluy popotoan bari moyan sakeudeung.

Abim ngodokan jero tas gandongna, “Éh, naha euweuh cai? Boa-boa tinggaleun di karéta.” Abim Luak-lieuk néangan tukang cai, katingali aya di peuntaseun jalan.

“Ki, Abim mésér heula cai nya ka ditu,” ceuk Abim sabari nunjuk ka lebah tukang cai.

Aki unggeuk, tapi teu ngomong nanaon. Geus ningali réspon ti Aki, Abim leumpang ka lebah tukang cai éta. Abim meuli cai wungkul dua botol nu rada gedé. Abim luak-lieuk ningalian Aki, bisi leumpang sorangan tuluy ngaleungit. Karék gé dipikiran, gebeg téh Aki leungit teuing ka mana. Artos anu dipasihkeun ka tukang dagang gé, poho teu kacokot pamulanganna.

Abim ngagorowok tarik, “Aki! Aki di mana?” Ramo sukuna lécét, da maké sapatu anu geus sereg.

Teuing ka mana Abim ngaléngkah, pikiranna geus kosong. Teu apal jalan, teu wawuh jalma. Untungna aya kénéh poto Aki nu kasimpen dina hapé Abim. Unggal papanggih jeung jalma anu aya di sabudereun Gedong Saté, Abim langsung tatanya bari méré poto Aki. Plak! Taktak Abim ditepak ti tukang. Abim ngarénjag, tuluy malik

ka tukang bari késangan ngoprot.

“Abim!” Rey molotot.

“Réy? Naha aya di dieu?” ceuk Abim sabari kerung.

“Ka dieu heula,” ajak Réy ngarah ngomong di juru taman.

“Jawab heula tatanya uing tadi!” sora Abim jol ngagedéan, pikirna bakal ngabéakkeun loba waktu.

“Uing nuturkeun manéh ti lembur kénéh, Bim. Sanajan manéh teu bébéja ka nu lian, uing tetep apal,” ceuk Réy lalaunan.

“Rék naon nuturkeun? Boa-boa manéh nu mawa Aki? Di mana Aki uing?” beungeut Abim geus semu beureum, ngarasa Réy anu nyumputkeun Aki.

“Dangukeun heula omongan uing!” sora Réy ngilu tarik, ngarasa dituduh mawa Aki.

“Naon deui é mang? Apanan geus apal nuturkeun, pasti apal Aki di mana. Saha deui nu rék mawa Aki salian manéh. Pan kamari gé cenah rék ngurus Aki. Teu nyangka uing mah,” ceuk Abim sabari cipanonna kaluar saeutik.

Plak! Dampal leungeun nu tiis napel kana pipi Abim.

“Saha?”

“Dangukeun heula omongan Rey, ari manéh!”

“Audréy? Rék naon manéh aya di dieu? Ulah pipilueun! Ieu urusan uing jeung Réy!” sora Abim beuki tarik, teu paduli pipina beureum pisan.

Audrey némbalan beuki tarik, “Urusan Aki, pan? Urusan éta, urusan uing ogé!”

“Oh? jadi manéh jeung Réy sakomplot mawa Aki?” taksir Abim, “Teu nyangka uing mah, babaturan ti leleutik gening geus gedé mah jadi kieu.”

“Dasar gedé hulu! Aki ngaleungit gé salah manéh!” ceuk Réy semu keuheul.

Abim ngalieuk, “Apal naon manéh?”

“Aki geus aman jeung uing! Ulah gedé hulu!” témbal Audréy.

“Har, lainna ngomong!”

“Rék naon manéh mawa Aki?” Abim nyentak.

Audréy némbalan bari nyentak, “Salah manéh!”

“Néng, aki-aki anu nembé sareng jol ka jalan,” ceuk satpam anu sigana keur ngudag Aki.

Tilu sobat éta molotot, Abim tuluy lumpat tarik ninggalkeun Réy jeung Audréy anu ngagorowok. Mobil jeung motor ngajalankeunna tarik, lamun rék nyebrang kudu nungguan lampuna jadi héjo.

“Aki!” sora Abim ngagorowok, sakeudeung deui sorana béak.

Aki katingali linglung, lalaunan leumpang siga anu rék meuntas. Abim beuki sieun, késangna beuki ngoprot. Ka mana Audrey jeung Rey? Duaanana éta sarua lumpat, ngan béda tempat. Rey katingali geus aya di tukangeun Aki, lalaunan ngomong ngarah Aki beuki teu leumpang ka jalan. Abim ngarasa rada tengtrem, ningali Réy geus aya di tukangeun Aki.

“Réy! Jagaan Aki!” gorowok Abim nu masih hésé kénéh rék meuntas.

Teuing kadéngé ku Réy atawa henteu, nu penting geus ngomong titah ngajagaan heula Aki. Réy nyadar anu diomongkeun ku Abim, mimiti beuki gancang ogé ngomong jeung Aki.

Aki geus aya di sisi trotoar jalan, saléngkah deui mah geus nincak ka jalan. Sagala omongan Réy teu guna ka Aki. Teu sadar leungeun Réy nyepeng taktak Aki rada tarik nepi dua léngkah Aki nincak jalan. Ti belah kénca, aya treuk bodas anu kacida tarikna. Teu ningali aya jelema anu keur meuntas. Geus rada deukeut, treuk éta rék ka lebah Aki cicing. Réy jeung Abim anu ningalina beuki sieun, kumaha carana nyalametkeun Aki? Réy lumpat gancang ngagabrug nyalametkeun Aki. Bruk! Treuk bodas éta nabrak hiji awéwé nepi ka ngacleng ka sisi jalan.

“Audréy!” gorowok Réy jeung Abim.

Byur! Cai saémbér diguyurkeun ka Abim. Abim ngoréjat nepi narik napas panjang.

“Hudang atuh euy, saré waé keur ngaji téh,” ceuk Arya semu ambek.

Réy némbalan, “Pantes wé osok nyarandé, ngeunaheun meureun bari nundutan,” Arya jeung Agung nyakakak tarik nepi ka gogoléran.

“Ari si Aki teu nanaon? Teu katabrak? Tuluy si Audréy kumaha?” tanya Abim semu melang hariwang.

Arya jeung Agung anu asalna seseurian jol cicing bari kerung.

“Amit-amit jabang bayi ari manéh! Ngadoakeun Aki jeung Audréy katabrak,” ceuk Réy rada ambek.

Arya némbalan, “Matakna lamun keur ngaji téh tong saré geura, jadi kagigir otakna.”

“Uing apal manéh téh sono ka Aki, tapi ulah nepi ka ngadoakeun siga kitu,” ceuk Agung bari ngusapan taktak Abim lalaunan.

“Émang Aki ka mana? Tuluy naha uing di dieu?” Abim nanya kawas nu anéh ka ieu tempat.

“Ih, pikun! Ayeuna téh keur di sakola. Geus lila diajar di dieu, tapi pohoan,” ceuk Arya sabari nakol leungeun Abim.

“Pan manéh sorangan anu rék néangan élmu di kota?” tanya Réy.

Oh heueuh karék kapikiran! Abim bisa diajar di kota téh kusabab Audréy ngabantuan.

“Tuluy Aki? Tadi uing ngimpi Aki labuh digabrug ku Réy. Audréy katabrak,” tanya Abim.

Agung némbalan, “Tah, matak éta ulah saré magrib ogé,”

Arya narik napas panjang, “Aki aya di lembur, Bim, diurus ku Bi Ayu. Tapi kamari téh cenah Aki hoyong ka Gedong Saté,”

“Pinunjul hiji MTQ putra nyaéta Abimana Putra!” sora tina panggung acara kadéngé tarik. Tadi téh aya pangajian sakalian aya acara lomba-lomba. Matakna Abim kasaréan ogé, da meureun capé teuing.

“Tuh, jug kahareup heula, ulah dipikiran anu tadi,” ceuk Réy sabari nepak taktak Abim.

Abim kahareup sabari semu seuri, masih kénéh kapikiran anu tadi.

“Bim, engké ngiringan ngarang carpon nya? Témana bébas,” ceuk guru pangaping Abim dina diajar MTQ.

“Ngarang carpon, lamun maké carita dina ngimpi Abim bisa teu nya?”

Abim mikir.

“Gaya euy ayeuna mah,” ceuk Arya sabari keprok tarik tuluy ajrét-ajrétna.

“Ka dieu atuh, euy! Cicing waé,” ceuk Agung sabari ngalieuk ka Réy anu

katingali keur nempoan waé hapé na.

Réy némbalan, “Heueuh sok ti heula!”

Ramo Réy ngetik gancang dina hapé, beungeutna jadi semu keuheul nepi ka beureum.

“Siga nu ambek kitu, ku naon?” ceuk Abim sabari nepak taktak Réy.

Rey némbalan, bari masih nempo kana hapé “Euweuh nanaon da, kaditu wé jug,” Abim unggeuk tuluy nyusul babaturanna ka hareup masjid.

“Réy, itu sepuh aya di pos satpam,” ceuk salah sahiji guru pengaping lomba.

“Oh, muhun, Bu. Hatur nuhun,” témbal Réy bari tungkul.

Réy ngaléngkah ka hareup pasantrén, rasana teu bisa dirasa. Kumaha maksud na? Réy tumuwuh ti kulawarga anu nungtut peunteun pisan. Lamun Réy éléh ku babaturanna, manéhna bakal dibéré pelajaran anu leuwih ngarah bisa jadi kahiji. Ku sabab indungna Réy apaleun Abim jadi pinunjul, aya rasa ambek tina jero haténa. Matak éta indungna langsung ngadatangan sakola.

Plak! Dampal leungeun indungna nepi ka pipi Réy.

“Ari manéh teu bisa ngaéléhkeun Abim? Jadi jalma ulah sok éléhan!” carék indungna Réy.

Rey némbalan bari cipanon kaluar saeutik, “Ma, abdi gé jalmi sanés robot!”

“Geus wani ngalawan ka indung?!” indung Réy molotot ka lebah Réy diuk.

“Mémang lamun Réy meunang nanaon, mamah bakal bungah? Réy pan éléh lain sakali ieu,” ceuk Réy sabari tungkul.

“Mamah teu narima alesan nanaon! Intina, kumaha carana manéh kudu bisa ngéléhkeun Abim!” indungna Réy tuluy leumpang ka lebah mobilna, cicing. Ngantepkeun Réy anu masih kénéh diuk sabari tungkul. Ramona nyokot hapé dina saku calana, néangan kontak jalma anu sok mantuan Réy lamun keur kaayaan kieu. Hapéna tuluy disimpen di gigireun cepil, nungguan anu ditelepon ngajawab.

“Aya carana deui sangkan batur kasaréan nepi ngimpi nu anéh?” Dina pamikiran Réy, batur nu ngimpi anéh pasti bakal kaganggu pisan kana sagala rupa kagiatanna, “Abimana Putra, nyieun ngaran éta jadi ngimpi nu anéh salila saminggu ka hareup,” témbal Rey, “Ngimpi anu tadi geus suksés.”

Perkara Béak Béngsin

Ku Muhamad Rezqi

SMPN 2 Telukjambe Barat, Kabupaten Karawang

Katémbong si Yadi jeung bapana ngadodorong motor di sisi jalan, bari mamanggul pacul dina taktak jeung arit dina tasna. Terus wéh mamapay sisi jalan.

“Hadeuh, capé pisan. Di mana atuh tukang béngsin téh? Mani acan kapanggih waé,” Pa Adé bobolokot késang, bari luak-lieuk di sisi jalan,

“Teuing atuh Bapa, boa-boa geus punah tukang béngsin téh,” témbal si Yadi, tuluy gék diuk di sisi jalan.

Pa Adé pok ngomong, “Maenya atuh geus punah, apan jalma téh loba, teu mungkin atuh.”

“Nya sugan wé,” témbalna bari nyengir, terus hudang deui.

“Geus, ah, henam mendingan ogé tanyakeun ka urang dieu!” ceuk Pa Adé, “Sugan aya nu apaleun tukang béngsin atawa pom béngsin di mana,” omongna jiga nu aral.

“Tuh, aya bapa-bapa anu keur ngopi di pos ronda, kedap ku Yadi ditanyakeun, sugan apaleun,” omong Yadi ngaharéwos.

“Heueuh, buru geura tanyakeun! Sugan mah geus deukeut.”

“Ok,...siap, ku Yadi rék ditanyakeun,” gandeuang Yadi leumpang ka bapa-bapa nu keur ngopi.

Saméméh mogok, sabenerna si Yadi geus ngabéjaan ka bapana, ambéh ngeusi béngsin heula saméméh mangkat, bisi béak di jalan. Eh, éta bapana teu padulieun, cenah mah, “Geus dieusi minggu kamari, pinuh,” omongna.

“Nya éta pan minggu kamari, nya geus saat meureun ayeuna mah,” ceuk si Yadi. Tapi angger geus dibéjaan ogé, bapana keukeuh moal dieusi cenah, nya enggeus wéh mangkat teu ngeusi béngsin heula,

Ku sabab kitu, di jalan téh nyaan motorna béak béngsin. Bapana téh kukulutus waé bari najongan taneuh jeung batu lantaran ambek ningali motorna anu paéh,

“Jeuy, maké béak sagala atuh béngsin téh, soak ah, ngacapékeun waé motor téh,” ceuk bapana bari kukulutus.

“Tah pan, ceuk Yadi ogé naon? Jadi didorong pan motorna, kitu da Bapa mah, sok keukeuh, tara ngadéngéngkeun batur,” ceuk si Yadi bari leungeuna nulak cangkéng.

“Apanan geus dieusi minggu kamari?” témbal bapana bari aral nempo motorna. “Anéh, pan éta mah minggu kamari. Maenya béngsinna loba kénéh, pan dipapaké waé motorna téh. Jeung deuih ku Bapa tadi teu ditingali jero téngki motorna,” ceuk si Yadi bari rada héran ka bapana, nu keukeuh téa.

Bapana teu narima, tapi rék kumaha deui atuh, da mémang salah. Tungtungna mah bapana ngaku salah ka si Yadi. Bari rada éra, ngakuna ka si Yadi poho sugan téh béngsin aya loba kénéh. Si Yadi mah narima waé kalakuan bapana, da manusa mah henteu leupas tina kasalahan.

“Unggal manusa pasti henteu leupas tina kasalahan. Wés, jiga Pa Ustad Sarif euy, gaya pisan!” ceuk si Yadi nu ngarasa jiga Pa Ustad.

“Éta budak, geus ah, hayu urang néangan tukang béngsin. Hanjakal teu dieusi béngsinna, hayu urang dorong ka hareup,” témbal bapana anu ningali si Yadi lalagaan.

Tah kitu kajadiana. Jadi ngadodorong motor kacida jauhna, ku sabab bapana teu ngeusi béngsin heula. Pas éta téh si Yadi ningali bapa-bapa nu keur nongkrong bari ngopi di pos ronda.

“Bapa, punten nya, ngaganggu. Ari di dieu aya pom béngsin henteu?” tanya si Yadi.

“Pom béngsin mah teu aya, Jang. Aya ogé tukang béngsin” ceuk salah saurang bapa-bapa.

“Yéy, aya euy, teu capé ngadorong deui,” ceuk Yadi mani bungah, bari tuluy berebet lumpat ka bapana, “Bapa cenah aya tukang béngsina.” Koréjat bapana hudang tina diukna, “Di mana?”

“Teu nyaho acan ditanya,” ceuk Si Yadi bari nyengir.

“Teuh,...buru atuh geura tanyakeun!” ceuk bapana.

“Keudeung-keudeung,” manéhna nyampeurkeun bapa-bapa nu tadi.

“Di mana, Pa, tukang béngsinna?” tanyana

“Jauh di ditu,” ceuk si Bapa

“Hah, nu bener, Pa?” si Yadi reuwas ngadéngéna.

“Heureuy, haha...., teu jauh ti dieu lempeng wéh engké ogé aya,” ceuk si bapa bari nyakakak.

“Jéh... si Bapa mah, *sokanan* nya. Nuhun, Pa, tos ngabéjaan” ceuk si Yadi bari ngadadahan bapa-bapa nu tadi.

“Nya sawangsulna,” ngagorowok ka si Yadi.

Terus manéhna bébéja ka bapana, yén tukang béngsi téh aya di hareup. Bapana ngadorong motor mani tarik pisan. Katémbong ti jauh aya warung nu ngajual béngsin écér. Bapana mani atoh, langsung eureun di hareupeuna warung.

“Mésér...,” ceuk si Yadi.

Nu tunggu warung kaluar, “Nya, badé mésér naon?”

“Badé mésér béngsin dua liter,” ceuk Pa Adé, bari ngaluarkeun lokétna.

“Oh nya. Yeuh dua botol, jadi dua puluh rebueun,” ceuk si Amang, bari ngasongkeun dua botol béngsin.

“Yeuh, duitna mahi henteu?” tanyana bari ngasupkeun dompét kana kantong.

“Mahi pisan. Kadé, Pa, ulah diinum,” ceuk si Amang ngaharéwos.

“Moal matak diinum ku uing mah,” témbalna.

“Émang énak, Pa?” tanya si Yadi panasaran.

“Énak ceuk motor mah, geus ah hayu urang mangkat,” gék diuk dina motor.

“Hayu...!” ceuk si Yadi gék diuk dina motor.

“Grung... ngeng...,” sora motor Pa Adé.

Ahirna, si Yadi jeung Pa Adé bisa naék motor deui, mangkat ka sawah nu keur derep.

*

Piala

Ku Aira Agustina Putri
SMPN 3 Kota Sukabumi

“Putri, di mana kénéh manéh téh, geus burit geura balik!” ceuk indungna nu nelepon bangun nu keuheul ka anakna anu geus waktuna balik, tapi can aya kénéh di imah.

“Nuju kerja kelompok di sakola, Mah,” témbal Putri nu ngawadul bari ngayakinkeun indungna.

“Ngan hayoh wé kerja kelompok, piraku mindeng-mindeng teuing kerja kelompok téh, geura balik!” ceuk indungna bari ambek-ambekan.

“Muhun, kin heula sakedap deui,” témbal Putri.

“Heueuh heug, ngan awas wé mun can balik-balik kénéh,” ceuk indungna nu sabari ngancam.

Geus ditelepon ku indungna, Putri jadi ngahuleng nepi ka teu sadar guru geus asup ka kelas.

“Atos kempel sadayana? Atos wawartos pan ka sepuh hidep ayeuna badé latihan?” tanya guru basa Sunda nu kakara datang ti ruang guru.

“Atos, Bu,” témbal murid nu aya di kelas nu rék latihan persiapan FTBI.

“Sok ayeuna mah urang kawitan latihanana. Sing sumanget nya, waktosna sakedap deui,” ceuk guruna.

“Muhun, Bu,” ceuk kabéh murid anu rék latihan ngajawab sumanget pisan dina bidang lomba masing-masing.

“Put, ku naon manéh bengong kitu? Mani can sakecap-kecap acan éta ngetik,” ceuk Rasyad nu sarua kabagéan lomba nulis carpon.

“Hayu atuh ah, sing sumanget, pan urang téh sakeudeung deui arék lombana. Naha ayeuna jadi teu sumanget kieu, ah,” Rasyad ngarasa héran da teu biasana Putri kitu.

“Kieu, Syad. Urang téh sabenerna ngawadul ka kolot lamun urang ayeuna keur latihan carpon di sakola,” témbal Putri nu nyarita ka babaturanna.

“Har, naha maké wadul atuh manéh téh?” ceuk Rasyad sabari kerung.

“Éh, aya naon ieu téh? Rasyad, Putri, lainna dipigawé,” ceuk guruna nu ngadéngé duaan éta ngobrol.

“Teu tah, Bu, si Putri ngawadul ka indungna,” ceuk Rasyad nu méré nyaho ka guruna bari ngarérét ka Putri.

“Ku naon maké ngawadul, Put?” tanya guruna bari sorana lalaunan.

“Teu, Bu, Putri téh sieun teu diidinan ku Mamah, da pas itu téh pernah ngiring lomba PAI éléh, teras OSN IPS gé éléh. Jadi ayeuna téh Putri teu acan wawartos, da ku mamah ulaheun ngiringan lomba deui, Bu,” témbal Putri bari tungkul.

“Kin Putri wawartos ka Mamah, teras dijelaskeun lomba téh sanés kanggé juara hungkul, tapi nu teu juara ogé kénging pangalaman. Sok ayeuna mah Putri nyarios lalaunan ka Mamah. Putri buktikeun ka Mamah,” ceuk guruna nu méré motivasi.

Latihan geus bérés. Putri langsung balik. Nepi ka imah, manéhna langsung ngomong ka indungna, “Mah, sabenerna Putri téh lain kerja kelompok ti kamari, tapi latihan kanggé lomba carpon,” ceuk Putri nu ahirna ngomong jujur ka indungna.

“Ari manéh rék naon miluan nu kawas kitu? Meunang gé henteu, ngan hayoh wé miluan lomba. Pas keur lomba PAI éléh téh ceurik manéh mah, IPS gé teu meunang ceurik deui nepi ka embung dahar. Kalah matak jadi gering ari geus miluan lomba téh.” ceuk indungna nu ngomong bari rada nyentak.

“Tos atuh, Mah. Bisi kadangu ku tatangga, isin,” ceuk Putri nu rada keuheul.

“Ah, sabodo teuing!” témbal indungna nu teu paduli rék kadéngé rék henteu.

“Atuh, Mah, sakali deui idinan Putri,” ceuk Putri maksa ka indungna.

“Teu kudu! Lamun ceuk Mamah teu kudu, nya teu kudu atuh!” ceuk indungna bari molotot bari sorana tarik.

“Atuh Mah, ih. Sakali deui da nyaan. Lamun ayeuna Putri teu meunang, Putri jangji moal ceurik deui. Nyaan da, Mah,” ceuk Putri nu maksa pisan.

“Sok, ku Mamah dibéré kasempetan sakali deui. Lamun éléh deui, ku Mamah moal diidinan pokona mah.”

Ahirna waktu nu didago-dago téh datang ogé. Pelaksanaan FTBI di tingkat kota dilaksanakeun. Ti isuk nepi ka burit pamilon nungguan hasil. Aya murid nu can nanaon téh geus ceurik ti heula.

“Héi, dak, tenang-tenang tong taregang, urang pasrahkeun wé ka Allah hasilna mah,” ceuk Satria nu nenangkeun babaturanana bari nitah atur napas.

“Siga urang atuh euy, geus pasti juara hiji. Urang mah rék ka propinsi deuih,” ceuk Ilham nu pédé abong-abong taun kamari meunang ka propinsi.

Pengumuman bérés disebutkeun kabéh, ti sakola Putri ogé loba babaturana nu kapanggung narima piala. Tinggal carpon hungkul nu acan.

Putri ngado’a sugan we asup harepan 3, tapi didagoan téh nepi ka pangumuman juara 2 euweuh kadéngé ngaran manéhna. Ti dinya manéhna ceurik.

“Put, hayoh manéh kalah ceurik, buru ka panggung,” ceuk Gama.

Satengah percaya jeung teu percaya Putri ka panggung pikeun narima piala juara 1.

“Ih, si Putri mah ceurik, lebay. Ongkohna geus meunang,” ceuk Gama nu ngaheureuyan.

Tuluy, Nafidz nyampeurkeun. “Aya naon ieu téh? Tong diheureuyan atuh Gam, karunya,” Nafidz nanya, “Ku naon Put, maké ceurik?”

“Urang jadi kainget. Pas urang latihan sok diteleponan ku indung urang. Dititah balik waé. Awalna mah ieu gé urang teu diidinan. Pedah urang téh éléh waé lomba. Ieu téh kasempatan terakhir urang jang ngabuktikeun ka kolot,” témbal Putri.

“Manéh mah masih kénéh leuheung, Put. Kitu-kitu gé kolot manéh masih aya rasa paduli. Kulawarga manéh harmonis kénéh. Lamun urang mah béda deui, Put,” ceuk Nafidz nu ujug-ujug ngomong kitu bari nahan cimatana.

“Émangna ku naon kulawarga manéh?” tanya Putri nu panasaran bari ngarérét ka babaturana.

“Indung jeung Bapa urang geus lila papisah ti urang keur leutik kénéh. Maranéhna teu paduli urang rék kitu rék kieu. Ngarasa sabodo teuing. Nepi ka pas itu urang pernah geus kabawakeun bangor, tapi angger wé kolot urang mah ngantep. Teu paduli pisan ka urang nu jadi budakna téh. Saumur-umur urang kakara diucapkeun ‘*selamat*’ ku kolot,” ceuk Nafidz nu nyarita bari tungkul.

“Komo deui urang atuh. Sok dibanding-bandingkeun jeung lanceuk. Nanaon téh kudu sempurna kawas lanceuk. Ieu urang juara 3 gé kurang,” ceuk Raihan nu neutep pialana bari ngarasa teu puas.

“Tuh, Put, si Raihan ogé sarua,” ceuk Nafidz.

“Ah, da urang mah genah, kolot urang mah da teu nuntut itu-ieu. Rék meunang rék henteu gé. Nu penting urang papanggih jeung nu geulis, uhuy! Tuh tempo nu maké baju kabaya beureum mani geulis kitu. Untungna wé urang teu kapiheulaan ku batur,” ceuk Gama bari nyengir.

Putri balik ka imah bari ceurik. Indungna geus ngajanteng di hareupeun panto bari nulak cangkéng, “Ku naon deuih mani ceurik kitu? Éleh deui nya? Matakan ceuk Mamah gé naon, tong milu nu kararitu.”

Putri langsung ngaluarkeun piala tina jero tasna nu aya bacaan ‘Pinunjul Kahiji Ngarang Carpon Putri’ bari dibikeun ka indungna.

Indungna ceurik langsung nangkeup Putri bari ngusapan sirahna. Manéhna reueus, budakna bisa meunang. “Putri jangji, Mah, bakal leuwih rajin deui diajarna,” ceuk Putri.

Saha Atuh?

Ku Elpira Dwifania Prisilya
SDN 1 Cimenga, Darma, Kabupaten Kuningan

Di sakola téh mani geus kadéngé rariweuh. Mani garandéng. Ku sabab ayeuna téh rék mangkat pramuka. Barudak téh mani geus mawa sagala. Aya nu mawa ténda, alat paranti masak, jeung tangtuna mawa kantong nu pinuh ku baju.

“Barudak, maranéh téh keur naraon atuh mani garandéng ih,” Asép nanya.

“Teu, keur ngécéan si Dina,” Udin némbal bari seuseurian.

“Naha atuh diarécéan?” Asép nanya bari kerung.

“Kapanan si Dina mah sok mabok lamun naék mobil téh,” barudak némbalan bari seuseurian nyeungseurikeun si Dina. Malah mah si Dina na ogé milu seuri saeutik. Tapi pasti na haténa mah éra éta téh. Keur kitu téh, Pa Guru tuluy ngageroan barudak sangkan naraék kana mobil. Pramuka ayeuna mah saeutikan. Sigana téh arembungeun nya. Padahal mah resep da.

“Barudak! Hayu naraék!” Pa Guru ngagorowok.

Asép, Dina, Udin, Maman, jeung babaturan nu séjénna tuluy naraék kana mobil kol bak nu geus butut.

“Ih, geuning si Maman téh milu? Cenah moal? Geus dibéré duitna ku bapa?”

“Heuh, boro teuing dibéré jeung mangkat pramuka. Teu pira jang meuli buku gé kuat ka teu dibéré sapésér-pésér acan. Kuring mah make duit sorangan wé,” ceuk Maman ngeluh bari napas panjang.

Mobil téh tuluy maju, mapayan jalan nu pinuh ku babatuan. Mani palaur. Ah, nu ngaranna gé di kampung. Lamun di kota mah meureun mobil maju téh resep moal gujlag-gajlug cara kieu.

Nepi ka patempatan pramuka Asép, Dina, Udin, Maman, jeung nu séjénna tuluy jrut turun tina mobil kol bak.

“Ih, hébat euy ayeuna mah si Dina téh teu mabok,” ceuk Udin bari neutep seuri ka si Dina. Dina ogé padu seuri wéh. Beungeutna na mah pias. Ah, geus biasa si Dina mah kitu unggal naék mobil gé.

Sanggeusna si Udin ngomong kitu. Borolo wé Utah si Dina téh.

“Aih, ari si Dina. Kakara gé ngomong kalahka utah budak téh,” ceuk si Maman bari napas panjang.

“Éh Maman, ulah kitu, ah. Bakat meureun si Dina mah. Hayu Dina cuang ka ténda, dipéncétan ku ibu sirahna ngarah teu lieur,” Bu Sari ngomong bari nangkeup si Dina.

Barudak gé tuluy ka ténda nunda kantong da bareurateun.

Barudak tuluy dititah ngala suluh. Tapi si Dina mah sigana téh moal milu sabab bisi gering.

“Barudak ayeuna ngarala suluh. Pikeun naheur cai bisi ké aya nu badé ngadamel mi atawa susu sok ayeuna nu ngalana ku Ibu sebutkeun hiji-hiji, nya,” Bu Sari tuluy nyebut-nyebutkeun budak nu rék dititah ngala suluh, “Maman, Udin, sareng Asép nya, kuduna mah opatan sareng Dina ngarah sakelompok, tapi ayeuna Dina mah tong ngiring heula, bisi lieur kénéh.”

Barudak téh katempona mah sarieuneun. Angin karasa tiis, nempo ka sisi, ka tukang, ka hareup mani paroék. Euweuh lampu hiji-hiji acan. Sakola séjén mah sigana téh mawa kompor.

“Yeuh, barudak, ka beulah dieu. Loba suluh mah di dieu gé,” ceuk Udin bari nunjuk arah jalan nu paroék.

Si Maman némbalan, “Ih, teu hayang teuing ka beulah dinya, paroék kitu. Mending ka beulah dieu waé yeuh, caraang. Di dinya mah pinuh ku tatangkalan beuki poék wé.”

“Lah, si Maman mah teu nyahoeun. Di dinya mah euweuh tatangkalan atuh moal aya suluh di harandapna meureun. Manéh mah anéh, ih,” ceuk Udin rada ambek.

“Manéh nu anéh. Kalah hayang ka nu paroék. Mending ka dieu ceuk urang gé. Caraang tuh, aya lampu hiji gé baé da caang,” témbal Maman.

“Naha hayang ka nu caang ari euweuh suluhan, rék ngala naon atuh euweuh tatangkalan mah!,” ceuk Udin semu keuheul.

“Tuh itu aya tangkal, kapan!” ceuk Maman bari tutunjuk.

“Heueuh itu aya tangkal mah, tangkal cau!” ceuk Udin bari rada molotot ka si Maman. Bakat ku rudet-rudetna meureun. Si Mamanna mah kalah seuri sorangan.

“Éh, heup...heup, naha kalah raribut kieu ieu téh. Rudet ngadéngé na ogé urang mah!” ceuk Asép ngeureunkeun kaributan Udin jeung Maman. Saha anu teu rudet atuh, si Maman hayang ka ditu si Udin hayang ka dieu. Ah, lieur kalahka gé. “Mending ka...” si Asép rék ngomong tapi kapotong ku jelma nu méré saran keur ngala suluh nu bener.

“Maranéh rék ngarala suluh? Ka ditu wé tuh kahareup leumpangna!” aya nu ngomong bari sorana téh alon.

Na saha éta nu ngomong. Geuning sigana téh apaleun pisan. Barudak tuluy ngaralieuk ka tukang. Sabab hayang apal saha nu ngomong kitu téh. Pas ngalieuk, ih, geuning si Dina. Cenah ulah milu ku bu guru téh. Nyusul sigana mah.

“Ih, Dina atuh manéh ka dieu? Pan dititah istirahat ku Bu Sari, lin?” Maman nanya bari kerung.

“Hihi, kajeuneun da hayu atuh cuang ka beulah ditu. Loba suluh di ditu mah tuh,” ceuk Dina bari tutunjuk ka tempatna.

“Din, pan manéh téh éta pias kénéh. Padahal mah istirahat wé heula. Bisi gering siah,” ceuk Maman.

Dina ngan ukur seuri wéh. Barudak tuluy laleumpang ka tempat nu ditujukkeun ku Dina. Bener wéh di dinya téh loba suluhan. Geuning si Dina mah apalan. Siga nu geus pernah ka dieu waé. Ngan di dieu mah ni karasa pisan tirisna hanjakal tadi téh teu marake jakét.

“Din, atuh manéh mah nyahoan. Kitu geus pernah ka dieu?” ceuk Asép nanya bari beungeutna téh panasaneun pisan.

“Teu, geus biasa wéh” témbal Dina

“Hah? Maksudna?” si Asép bingung.

“Maksudna geus biasa ngala suluh. Pan sok mantuan nini,” ceuk Dina.

Barudak tuluy ngarala suluh, sabab sing ditungguan ku guru di ténda.

Di dieu mah aya balong ogé. Ih, mani peur labuh. Di dieu oge anginna mani ngagelebug pisan. Tiris pisan. Tapi nu ngarala suluh téh ngan ukur si Asép, Maman, jeung Udin. Si Dina mah teu ngabantuan. Kalahka nempokeun balong wéh budak

téh. siga nu kakara manggih waé. Padahal mah balong na gé pinuh ku lumut kitu. Ah, keun teuing embungeun milu meureun. Barudak téh kukurusukan asup kana jujukutan anu jangkung. Bener waé loba pisan suluhna téh. Bérés ngala suluh maranéhna tuluy nyalampeurkeun si Dina. Ditempo téh geus euweuh. Geus balik meureun. Si Asép, Maman, jeung Udin tuluy laleumpang baralik deui ka ténda. Keur laleumpang téh maranéhna ngadéngé aya jelma nu keur ménta tulung.

“Tulung..., tulung...!” kadéngé sorana téh mani alon. Sorana sigana ti balong. Asép, Maman, jeung Udin tuluy baralik deui ka sumber sora nu kadéngé.

Ditilik-tilik téh geuningan si Dina! Barudak rék ngabarantuan téh meureun sarua sieun tilelep ogé. Si Asép tuluy lumpat ka ténda rék ngabéjaan pa guru sangkan si Dina téh ditulungan. Maman jeung Udin nuturkeun titukang.

“Héh, barudak rék naha naluturkeun, cicing di ditu tungguan si Dina karunya,” Asép ngomong bari lulumpatan.

“Ah, embung sieun urang mah,” témbal si Maman bari milu lulumpatan.

Nepi ka ténda, guru-guru téh geus narungguan.

“Pa, Bu, itu...” si Asép rék ngomong gé meuni hararésé.

“Naon atuh, sok tarik napas heula ngarah teu capé. Meuni hah héh hoh kitu,” témbal pa guru.

“Itu Pa, si Dina tilelep. Karunya, Pa tulungan!” Asép nyarita bari beungeutna katempo semu hariwang. Nu séjénna mah ngan unggut unggutan waé.

“Hah! Tilelep di mana? Hayu cuang tulungan karunya!” ceuk pa guru katempona téh hariwangeun pisan.

Tuluy Bu Sari ngomong, “Badé ka mana, Pa?”

“Ieu, kapan badé nulungan si Dina.”

“Ari Bapa ku naon? Kapan si Dina mah lieur cenah. Tuh aya di ténda!” ceuk Bu Sari bari tutunjuk ka beulah ténda.

Teu lila ti kitu, Dina tuluy kaluar tina ténda. Maranéhna téh katempona baringungeun.

“Ih, atuh manéh aya di dieu? Kapan lain tadi téh milu ka ditu?” ceuk Udin.

“Hah? Milu ka mana? Urang mah teu ka mamana ti tadi gé da cicing waé di ténda,” témbal Dina semu bingung.

“Ih, barudak. Atuh tadi téh saha?” ceuk si Asép neutep ka babaturanna bari ngahuleng. Beungeutna siga nu sieun.

*

Toni, Ku Naon?

Ku R. Adhias Faeyza Hendra
SDN Sukamenak, Karanganyar, Kabupaten Subang

“Don, hudang atuh,” indungna nyauran Doni nu masih kénéh saré. Lamun teu dihudangkeun mah, Doni moal hudang-hudang. Saré wé nepi kabeurangan sakola.

“Don, geura hudang atuh. Manéh rék kabeurangan deui,?” saur indungna deui bari narikkeun sorana. Teu hudang waé, Indungna ngagebregkeun Doni améh hudang. “Naon, Mah?” pok Doni. Panonna melék saeutik bari lulungu kénéh.

“Jam sabaraha ayeuna mah?” ceuk Doni ka Indungna.

“Jam 7 leuwih saparapat, sok atuh geura ibak!” saur indungna. Doni reuwas, manéhna embung dihukum. Geus sababaraha kali meureun Doni dihukum.

Doni langsung lumpat ka cai. Pas arék asup aya lanceukna nu sarua kabeurangan ogé.

“Duh, sia mandina di walungan wéh,” ceuk lanceukna.

“Dih, manéh wéh nu di walungan,” témbal Doni

“Héh, déngékeun. Uing téh jadi pamingpin upacara anu kudu datang leuwih awal,” ceuk lanceukna. Teu lila indungna Doni datang,

“Don, ngéléhan, nya. Aa téh jadi pamingpin upacara, jadi kudu datang pangheulana. Sok atuh Doni ibakna di walungan,” saur indungna.

Doni cicing, semu ambek. Manéhna tuluy lumpat muru ka walungan. Di jero hate manéhna téh ambek pisan ka lanceukna.

Di gerbang sakola Doni katempo ku guru piket.

“Héh, manéh! Ku naon kabeurangan deui,?” saurna guru pikét.

“Aanu Bu, jalanna rada macet,” ceuk Doni.

“Halah, tong bohong! Manéh pan ka dieuna leumpang. Jung ka ditu ka Ruang Kepsek!” témbalna.

Tuluy manéhna ka Ruang Kepsek. Gék diuk di Ruang Kepsek. Manéhna ningalian piala-piala nu dijarkeun. Seuseueurna téh aya ngaran lanceukna. Teu hiji-hiji acan aya ngaran manéhna sorangan. Atuh Doni mah tara ngilu lomba. Teu

lila Pa Kepsek datang.

“Doni, ieu atos kaopat kalina anjeun kabaurangan. Sénén kamari saur anjeun lila nungguan angkot. Ayeuna ku naon?” Saur Pa Kepsek.

Doni tuluy nyaritakeun kajadian tadi ka Pa Kepsek. Ti manéhna hudangna kabaurangan nepi ka parebut ka cai jeung lanceukna.

“Engké manéh kudu nurutan Toni, lanceuk manéh. Apan Toni mah disiplin. Manéh ogé kudu diajar disiplin nya!” Saur Pak Kepsek

“Ayeuna mah, manéh moal dihukum,” Pa Kepsek nambahkeun. Atuh Doni téh kacida bungahna.

“Hatur nuhun, Pa!” ceuk Doni.

Asup ka kelas, Doni tuluy ngarobrol jeung babaturanana. Loba wéh nu diobrolkeunana. Kringgg, kadéngé sora bel istirahat. Maranéhna tuluy ka kantin. Di kantin ogé sarua ngarobrol.

“Boga lanceuk téh mani reueus, da béntang kélas, tapi kalakuanna goréng,” ceuk Doni.

“Kamari urang ngadéngé lanceuk manéh gelut jeung si Adit.”

“Bener éta téh?” ceuk Doni bari kerung.

“Énya puguh, kuring ningali,” témbal Jajang

“Kuring gé teu nyaho puguh. Manéhna teu ngomong nanaon kamari pas datang ka imah”, ceuk Doni. Pasti lanceukna embung dicarékan ku indungna”

“Manéhna teu dibéjakeun ka kepek atawa ka guruna?” pok Doni.

“Heunteu, da si Aditna teu wani ka lanceuk manéh,” témbal Egi. Doni karék nyaho lanceukna dipikasieun ku barudak di sakolana.

“Asana téh lanceuk manéh mah bageur. Ku naon ayeuna jadi bangor?” pok Jajang.

“Teu nyaho puguh,” témbal Doni. Bél asup kadéngé, bring maranéhna balik deui ka kelasna.

Isukanana Doni hudang jam genep. Manéhna tuluy mandi ka cai. Ayeuna mah lanceukna nu saré kénéh. Ceuk Indungna lanceuk manéh mah melékan. Doni kerung, teu biasana lanceukna saré kénéh jam genep. Biasana geus dahar di méja makan.

Doni tuluy indit ka sakola. Manéhna make sapédah.

“Gi, Hayu!”, saur Doni di hareupeun imah Égi.

“Sok wéh ti heula. Kuring rék dahar heula!” témbal Égi ti jero imahna.

“Siap, Gi!” ceuk Doni. Manéhna tuluy ngaboséh sapédahna deui.

Manéhna ogé nyampeur ka imahna Jajang. Tapi saur indungna, Jajang geus angkat. Terus manéhna ka sakola.

Sanggeus markirkeun sapéda, manéhna tuluy ka kelas.

“Don, si Égi mana?” tanya Jajang.

“Tadi mah cenah dahar heula,” témbal Doni. Teu lila si Égi datang.

“Don, sinarieun manéh teu kabeurangan,” ceuk Égi.

“Éh, enya nya manéh teu kabeurangan, Don,” saur Jajang

“Teu nyaho atuh,” témbal Doni.

“Oh, enya, urang teu ningali lanceuk manéh tadi. Kamana atuh nya?” Égi nanya. Teu lila guruna asup. Maranéhna teu ngobrol deui.

Lamun di imah mah, Toni karék hudang saré.

“Mah, Toni moal sakola nya,” ceuk Toni ka indungna.

“Ku naon kitu?” témbal mamahna.

“Toni capé! Pokona mah embung sakola!” ceuk manéhna bari ambek teu jelas. Manéhna tuluy asup deui ka kamar. Pantona ogé dikonci. Indungna bingung gagaro teu ateul. Kumaha teu bingung ku sikep Toni anu ujug-ujug robah. Nu awalna bageur, disiplin, jeung patuh ka kolot jadi kedul.

Balik deui ka sakola. Bél istirahat disada. Doni, Égi, jeung Jajang ka kantin. Maranéhna keur sono ngarobrol, aya hiji awéwé nyampeurkeun.

“Abdi Gita, babaturan Toni. Ku naon Toni teu asup?” ceuk Gita.

“Hah, Toni teu asup?” témbal Doni bingung. Asa teu mungkin lanceukna téh teu sakola. Apan Toni téh budak nu disiplin. Jadi teu mungkin manéhna bolos.

“Abdi gé teu apal soalna abdi mangkatna ti heula,” Doni nambahkeun.

“Oh, kitu? Da minggu kamari Toni sok ka perpustakaan jeung abdi. Tapi ti Saptu kamari, manéhna kawas nu teu kenal ka abdi,” ceuk Gita.

“Lamun kitu abdi badé ka perpustakaan, nya!” Gita pamit ka perpustakaan.

Kringgg sora bél asup kadéngé. Tuluy maranéhna balik ka kelas.

Pas balik ka imah. Doni tuluy nanya ka indungna ku naon lanceukna teu sakola.

“Mah, ku naon Aa teu sakola?” ceuk Doni.

“Teu nyaho atuh. Mamah ogé héran si Aa embung sakola. Pantona ogé dikonci ti tadi énjing nepi ka ayeuna,” ceuk Indungna.

“Mah, hayu atuh urang tanya ka Aa. Soalna di sakola ogé Aa sikepna robah,” témbal Doni. Doni jeung indungna tuluy ngetokan panto kamar Toni. Toni muka pantona.

“Naon, Mah?” ceuk Toni. Manéhna siga semu sedih.

“Mamah bisa asup?” ceuk Indungna.

“Sok. Tapi Doni mah tong asup,” témbal Toni. Geus wéh Toni jeung indungna asup. Doni mah nungguan di luar bari nongton tipi. Indungna nanya ku naon sikep Toni robah. Nu awalna disiplin jeung rajin, kalah jadi kedul.

“Toni téh di sakola osok dilédék ku Haris jeung babaturanana. Cenah lamun hayang sosobatan jeung Haris, Toni kudu jadi budak anu bangor. Aslina mah Toni embung, tapi Toni ogé embung dilédék terus ku si Haris. Jadi Toni ngarobah sikep Toni béh ditarima ku Haris jeung babaturanana,” ceuk Toni ngajelaskeun ku naon manéhna jadi kitu.

“Toni, Toni kudu néangan babaturan anu sikepna alus. Lamun Toni boga babaturan anu sikepna goréng, sikep Toni ogé jadi goréng. Toni ogé kuduna bébéja ka Mamah lamun aya nu ngalédék Toni. Ku Mamah rék dilaporkeun ka Pa Kepsek engkéna,” témbal indungna. Toni tuluy nangkeup indungna. Toni ogé ménta ngahampura ka Doni. Doni ngahampura lanceukna.

Isukna Toni asup deui ka sakola, Toni balik deui jadi murid nu bageur. Toni ogé geus teu sosobatan deui jeung si Haris. Manéhna bareng deui jeung Gita. Haris ogé dihukum ku Pa Kepsek. Toni ogé balik deui dipikaresep ku barudak di sakolana. Teu poho manéhna ménta dihampura ogé ka Adit. Toni jangji lamun sosobatan kudu jeung nu sikepna alus.

*



**Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa
Balai Bahasa Provinsi Jawa Barat**